РЦИ-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД

**Наталья Осокина**

# НЫВ КÆНЫНЫ КУРДИАТЫ РÆЗТЫЛ КУЫСТ

РÆВДАУÆНДÆТТЫ ХИСТÆР КЪОРД
(5–6-АЗДЗЫДТÆ)

МЕТОДИКОН ÆХХУЫСЫ ЧИНЫГ
(АХУЫРТЫ КОНСПЕКТТÆ)

*Уагъд æрцыдис Уæрæсейы Федерацийы*
*Ахуырад æмæ наукæйы министрады барлæвæрдæй*

Дзæуджыхъæу
2012

74.268.1
О 8

Учебно-методический комплекс подготовлен на кафедре ЮНЕСКО Северо-Осетинского государственного педагогического института в рамках проекта Федеральной целевой программы развития образования «Развитие учебно-методической и кадровой базы по формированию российской гражданской идентичности в условиях поликультурного образования».

*Авторы проекта* – Р. С. Бзаров, Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева, А. А. Левитская
*Руководители проекта* – Т. Т. Камболов, Л. А. Кучиева

ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

**О 8**

Осокина Н. Г. **Развитие художественных способностей** (старшая группа ДОУ): Методическое пособие. – Владикавказ: Издательство СОГПИ, 2012. – 176 с.

**74.268.1**

© СОГПИ, 2012
© Осокина Н. Г., 2012

Ацы методикон æрмæг арæзт æрцыд ЦИППИ-йы ЮНЕСКО-йы кафедрæйы кусджыты хъаруйæ. Методикон æрмæг дзуапп дætты «Ирон националон ахуырады концепцийы» принципты домæнтæн. Конспекттæ арæзт сты Л. А. Парамоновайы бæрнон редакцигонд «Рæвдауæндæтты сывæллæтты хъомылады, ахуырады æмæ райрæзынады иумæйаг ахуырады дæнцæгон программæ»-йы бындурыл. Уыцы программæ æвдисы рæвдауæндæтты ахуырадон процессы бындурон мидис æмæ бар дætты, йæ реализацигæнгæйæ, варианттæ æвзарынæн.

Йæ равзæрст баст у, дыууæ æвзагæй цы рæвдауæндæтты пайда кæнынц, уыдоны архайды хатдзæгтæ дзы кæй сты, уыцы æууæлимæ. Программæ арæзт цыд куыд регионалон æмæ хицæн авторты методикон куыстыты бындур æмæ уымæ гæсгæ хуыйны «Дæнцæгон». Лæвæрд конспектты националон-регионалон компонент рæвдауæндæтты ахуырадон тыгъдады ахсы æххæст бæрнон бынат сывæллоны ахуыры æмæ райрæзынады.

Рæвдауæндæтты иумæйаг ахуырадон тыгъдад саразыны тыххæй арæзт æрцыд иумæйаг перспективон-тематикон пълан. Тематикон иудзинад бæрæг дары ахуырты æппæт хуызты дæр æмæ æндæр режимон процессты дæр. Æппæт ахуырты организацион формæ дæр у дæлкъордон – сывæллоны сæрибар архайды бындурыл арæзт.

Сабиты ахуыр кæныны сæйраг метод у дидактикон хъазт.

Алы темæйыл куыст дæр райдайы, къуырийы райдиан арæзт чи цæуы, алфамбылай дунеимæ зонгæ кæныны уыцы ахуыртæй. Уый фæстæ, иннæ ахуырадон æмæ хъомыладон куысты хуызты фæлгæты, арфдæр æмæ уæрæхдæргонд цæуынц темæмæ хауæг æмбарынæдтæ.

Авторы ис ныфс йæ коллегæтимæ коллективон æмгуыстадæй æмæ курæг у, цæмæй ацы методикон æрмæджы тыххæй сæ фæндæттæ æмæ фиппаинæгтæ

ærвитой ахæм адрисыл: 362003, Дзæуджыхъæу, К. Марксы уынг, 36 ЦИППИ, ЮНЕСКО-йы кафедрæ.

Телефон: (8672) 53-89-73

## Хистæр къорды ахуырты бæлвырд архайды пълан

| № | Ахуыры сæр | I вариант (ах/къ.) | II вариант (ах/къ.) |
|---|---|---|---|
| 1 | Хуымæтæг математикон æмбарынæдты фæдыл куыст | 1 | 1 |
| 2 | Ирон ныхасы рæзт | 3 | 1 |
| 3 | Уырыссаг ныхасы рæзт | 2 | 1 |
| 4 | Алфамбылай дунеимæ базонгæ кæнын | 1 | 1 |
| 5 | Музыкалон аивад | 2 | 2 |
| 6 | Ныв кæныны аивад | 2 | 2 |
| | **Ædæппæтæй** | **11** | **9** |

## Хистæр къорды ахуырты темæтæ

| № | Темæйы сæр | Ахуырты нымæц |
|---|---|---|
| 1–2 | Мæ бинонтæ | 1 |
| 3–4 | Фæнды мæ алцы зонын | 1 |
| 5–6 | Мæ райгуырæн бæстыхай | 1 |
| 7–8 | Мæ бæстæ | 1 |
| 9–12 | Фæззæг | 2 |
| 13–14 | Зайæгойты дуне | 1 |
| 15–16 | Цæрæгойты дуне | 1 |
| 17–18 | Доны бын дуне | 1 |
| 19–20 | Ӕрдз – нæ хæдзар | 1 |
| 21–22 | Ӕз æмæ мæ буар | 1 |
| 23–24 | Фынджы уæлхъус хи дарыны æгъдау | 1 |
| 25–26 | Хæрзад æмæ пайда хæринаг | 1 |
| 27–30 | Зымæг | 1 |
| 31–32 | Националон дарæс | 1 |
| 33–34 | Транспорт | 2 |
| 35–36 | Дæсныйæдты дуне | 1 |
| 37–38 | Спорт | 1 |
| 39–40 | Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ | 1 |
| 41–44 | Уалдзæг | 2 |
| 45–46 | Дæхи хъахъхъæн – фыдбылыз! | 1 |
| 47–48 | Зонджын машинæтæ | 1 |
| 49–50 | Космос | 1 |
| 51–52 | Мæргътæ | 1 |
| 53–54 | Сасчытæ | 1 |
| 55–56 | Уæлахизы Бон | 1 |
| 57–58 | Театр, кино | 1 |
| 59–60 | Ӕгас цæуай, сæрд! | 1 |

## Аивадон фæлгонцады мадзæлттæ

Ныв кæнын амоныны размæ сабитæн раргом кæнын хъæуы, незамантæй фæстæмæ ныв кæныны аивад йæ кæцыфæнды хуызы дæр (реалистон формæтæй райдай æмæ тæккæ абстрактондæр æмæ авангардондæр формæтæй фæу) кæй лæууы, æрдзы сконд фæзмгæйæ йæхицæн кæй сфидар кодта, уыцы гармонион уагæвæрды быньдурыл.

Уыцы уагæвæрд раиртасæн ис, сабитæ ма хæрз æнахъом куы вæййынц æмæ ныр ма ныв кæнын сæ фæсонæрхæджы дæр куы нæ вæййы, суанг сæ уыцы кары хъулæттæ æмæ хылы-мылыты дæр. Уыцы хъулæтты бафиппайæн ис пластикæ, ритм, акцент, композицион æмуæзад, æнахъом нывгæнæджы хъулон ахаст ахорæнты кæцыдæр хуызтæм æмæ суанг йæ хæдхуыз сфæлдыстадон æрмдзæф дæр.

Ныв кæныны аивады ахсджиаг у, цæй ныв у, уый нæ, фæлæ куыд нывгонд у, уый. Уымæ гæсгæ, хъомылгæнджыты хæс у æнцонæмбарæн æвзагæй сабийæн нывкæнынады предметы быньдуртæ бацамонын.

## Композици аразыны сæйраг æууæлтæ

Композици у фæлгонцадон хæйтты равæрд. Афтæ хонынц цæттæ куыст дæр; гармонийы уагæвæрдмæ гæсгæ хицæн хæйттæй арæзт æмæ йæхи мидæг сюжет, равг æмæ фæлгонц æриугæнæг æнæхъæн.

Композицийы æртæ сæйраг формалон миниуæджы:

1. Доминантæ – иннæ хæйттæ кæй дæлбар сты, композицийы уыцы сæйраг хай.

2. Æмуæзад – композицийы элементтæ, хуызон æмæ тоналон тæппыты æмуæзад.

3. Æнæхъæндзинад – композицийы фæлгонцты

мидæггаг пластикæ æмæ мидисы иудзинад.

Композицийы сæйраг домæн: сæйраг дзы цы у, уый хъуамæ бæрæг уа – адæймаджы сурæт, предмет, объект, деталь æ. а. д.

Предметтæ иууылдæр æмиас куы уой гæххæты сыфыл, се ’хсæнты дæр – æмхуызон дæрддзæг, уæд композици кæрæдзиуыл нæ хæцы, «базгъæлæнтæ» вæййы. Æппæты арæхдæр уыцы рæдыд æмбæлы.

Сæйраг дзы цы у, уый банысангæнгæйæ, хъомылгæнæджы бон у темæйы акценттæ фæивын æмæ йæ сабитæ алы хатт дæр, ног цыма у, афтæ сæ зæрдæмæ исдзысты, цымыдисаг сын уыдзæн. Райсæм, зæгъæм, темæ «Зымæг». Акцент дзы сæвæрæн ис: куы – митæмбæрзт хæхтыл, куы – митын лæгыл, куы – бæрæгбоны назыл, куы сабиты худæндзаст цæсгæмттыл æ. а. д. Иу кæнæ цалдæр объектыл куы фæхауы акцент, уæд нывы раппæлинаг миниуджытæ дæр хуыздæр фæзынынц.

Темæйы сæйраг предмет гæххæтты сыфыл бæрæг дары йæ асæй дæр (композицийы иннæ хæйттæй зынгæ егъаудæр у, йæ бынатæй дæр (сыфы бæстастæумæ хæстæг лæууы). Уымæ гæсгæ йæм сабийы хъус æнцон у аздахын. Сæйраг предметы (объекты) формæ, ас, хуыз æмæ æндæр æууæлтыл лæмбынæг æрдзурын хъæуы. Йæ бакастæй цæстытыл цы ауайы, сабимæ цыхуызæн кæсы (зæрдæмæдзæугæ, хъæддыхарæзт, æрхæндæг, тæргайхуыз, хæларзæрдæ æ. а. д.), уый раиртасын хъæуы. Афтæмæй йын саби хуыздæр бамбардзæн йæ мидис æмæ йæ куыст дæр хуыздæр рауайдзæн.

Æмуæзады миниуæг сабитæ æнцонæй бамбарынц, уымæн æмæ сын бæлвырдгонд у: сыфы иу хай афтидæй кæнæ иннæ хайæ хъауджыдæр æнæ ахуырстæй куы баззайа, уæд куыстæн фæудыл банымайæн нæй. Фæлæ ма сын уыимæ бацамонын хъæуы ноджыдæр иу хъуыддаг:

гæххæтты сыфыл нывтæ хъуамæ, иу ран – стæмтæ, нннæ ран – кæрæдзиуыл ныккалдысты, ахæм уагыл æвæрд ма æрцæуой. Гæххæтты сыфыл, æмбæрцады æууæл хынцгæйæ, равæрын хъæуы нывтæ, сæ сæйраг – стырдæр, стæй сыфы бæстастæумæ хæстæгдæр æвæрд, афтæмæй. Йæ алыварс – мидис æмæ пластикæйæ йемæ баст, фæлæ сæ ахорæнты хуыз æмæ ас хицæн кæмæн у, ахæм уæлæмхасæн фæлгонцтæ.

Æнахъом сабитимæ кусæг хъомылгæнджытæ хъуамæ ма рох кæной: саби цас къаддæр у, уыйбæрц ын зындæр у къаннæг фæлгонцтæм ахорæнтæй базилын: биноныг ын нæ рауайынц. Уымæ гæсгæ, стыр сыфыл ныв кæнын куы райдайынц, уæд, цæмæй сæ ахуыр фехалой æмæ хæрз гыццыл  фæлгонцтæ ма кæной, уый тыххæй сæм раттын хъæуы хъисойтæ æмæ, зæгъæм, мелтæ.

Хуымæтæг сау кърандасæй конд рагагъоммæйы нывыл, кæстæр кары сабитимæ кусгæйæ, къух ауигъын хъæуы!

Композицийы мидисы æнæхъæндзинады тыххæй куы дзурæм, уæд æнæ бафиппайгæ нæй иу хъуыддаг: сабиты нывты фæлгонцтæ фылдæр хатт сюжетæй иугонд нæ вæййынц. Раст мæнæ, æвзаджы рæзтæн цы нывтæй фæпайда кæнынц, уыдоны хуызæн: лæппу хъазы, чызг чиныг кæсы, нана цъында кæны æ. а. д. Сюжеты иугæнæг хаххыл рагацау ахъуыды кæнын хъæуы, фæлгонцтæ сæ мидис æмæ пластикæйæ кæрæдзиимæ баст куы нæ уой, уæд сæ иу уацмыс саразæн нæй.

Зæгъын æмбæлы уый тыххæй дæр, æмæ композицийы кæддæриддæр хъуамæ уа бæлвырд, иуæрдыгæй, лæвæрд сюжетæй аразгæ чи у, иннæрдыгæй – сабийæн йæхи æнкъарынадæй, ахæм равг (хъæлдзæг, æрхæндæг, сабыр æ. а. д.). Уыцы равг дæр хауы композици иугæнæг æууæлтæм æмæ æнæмæнг сахады йæ ахорæнты хуызыл дæр.

Ӕркæсæм фæлгонцады иннæ мадзæлттæм дæр: контраст, ритм, статикон æнæнкъуыст æмæ динамикон змæлд.

Контраст – кæрæдзийæ цæхгæр чи хицæн кæны, ахæм элементты сыхагиуæг. Композицитæ аразгæйæ пайда кæнынц ас, хуыз, формæ, эмоционалон уаджы контрасттæй. Уый фæрцы ныв тæ рауайынц уæлдай цæстахадгæдæр.

Ритм нысан кæны элементты æмбæрц фæлхат кæнынад. Ритмикон фæлхатæнтæй арæх пайда кæнынц аивады алы хуызты. Сабитæ сыл ахуыр сты æмæ сæ хорз æнкъарынц æмдзæвгæты, зарджыты, кæфтыты æ. а. д.

Ритмæй уæрæх пайдагонд цæуы ныв кæныны аивады дæр. Уый нымад у композицийы ахсджиаг аивадон мадзалыл.

Ритм бафиппайæн ис алы ран дæр: сыфтæрты змæлды, хæхты силуэты, æхсæрдзæны æртæхты æ. а. д. Уый вæййы алыхуызон: тынгдæргæнгæ, къаддæргæнгæ, иугъæдон æ. а. д. Ритмы комкоммæ фæлхатынад æмбæлы орнаменты нывæфтыдты. Ныв кæныны арæхстдзинады рæзтæн уый ницы ахъаз у. Хъомылгæнæг хъуамæ тырна, цæмæй, уыцы иу предметтæ ныв кæнгæйæ (зæгъæм, ритмикон уагыл агъуыстытæ кæнæ бæлæстæ, предметтæ кæнæ дидинджыты фæлгонцтæ равæргæйæ), саби уыдон формалон ӕгъдауæй ма фæлхат кæна, фæлæ алы хатт араза ног фæлгонц, ног исты миниуджытæ банысан кæнгæйæ.

Ныв кæныны аивады æмбæлы динамикон æмæ статикон композицийы æмбарынæдтæ. Сæ бындуры – æнæцудгæ (æнæзмæлгæ, симметрион) æмæ цудгæ (асимметрион, фезмæлынæввонг) формæтæ. Алы сюжеты дæр кæнæ сæ иутæ фылдæр вæййынц, кæнæ – иннæтæ.

Тæлфаг сабиты зæрдæмæ хæстæгдæр лæууынц динамикон, уæзбын сабиты зæрдæмæ – æнæзмæлгæ формæтæ.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ кæстæр сабитæй, сюжетон композицийыл кусгæйæ, эскизтæ домæн нæй:

фыццаджыдæр, сæ эскиз, куыд у, афтæмæй стырдæр гæххæттыл сфæлхат кæнынмæ нæ сарæхсдзысты; дыккаджы та – се 'нкъарæнтæ иу хатт куы скалынц, уæд сæм дыккаг хатт ныв кæнынмæ разæнгарддзинад нал вæййы.

## Сабиты хуызæнкъарынады рæзт

Хуыз стыр бынат ахсы адæймаджы царды. Бæлвырд равг хæссæг, уый гуырын кæны алыхуызон æнкъарæнтæ, ахады зæрдæйы уагыл. Уымæ гæсгæ сабиты хуызæнкъарынады рæзтыл æнæмæнг хъæуы кусын.

3–4-аздзыд саби кæд хорз нæма фæарæхсы ахорæнтæй пайда кæнынмæ, уæддæр, алыхуызон æмæ рæсугъд кæй сты, уый æнкъары. 5–7 азы йыл куы рацæуы, уæд йæ нывтæ фæхуызджындæр вæййынц. Уыцы кары сабитæ хорз зонынц ахорæнтимæ архайын æмæ фæтырнынц «рæсугъд» – хъулон-мулон, тыбартыбургæнаг, æрттиваг нывтæ скæнынмæ, Уыимæ, цы предмет ныв кæнынц, уый сахорынц, йæ реалон хуызмæ дард чи лæууы, ахæм ахорæнæй: предметы æцæг хуыз равдисын сын ахсджиаг нæу. Ахсджиаг у, сæ алыварс дунейы ахорæнты бирæ хуызтæ кæй æнкъарынц æмæ сын сæ рæсугъддзинадыл ныв кæныны руаджы кæй цин кæнынц, уыцы æууæл. Фæзыны сын уарзон хуызтæ æмæ цыфæнды предметæн дæр сæ нывты уыцы хуызтæ раттынц.

Цæмæй сабиты хуызæнкъарынад рæза æмæ парахат кæна, уый тыххæй сын хъуамæ алыхуызон ахорæнтимæ архайыны фадат уа. Уымæ гæсгæ хуыздæр у, 12 хуызы гуашæй куы пайда кæной, уæд.

Хуызæнкъарынады рæзтыл куысты хъомылгæнæгæн стыр ахъаз фæуыдзысты хуызджын гæххæтт æмæ, рæсугъд хуызтæ кæмæн ис, ахæм хъуымацы гæппæлтæ. Уыдонæй пайда кæнæн ис исты амонгæйæ, хъазгæйæ, иумæ хорз чи

фидауы, ахæм æмиуæдтæ сæ аразгæйæ æ. а. д.

Хуызджын куыст, ома алыхуызон ахорæнтæй конд ныв (уæлдайдæр − пейзаж), йæ æууæлтæм гæсгæ музыкалон уацмысмæ тынг хæстæг лæууы. Хъомылгæнæг арæхдæр куы бара хуыз мыртимæ, хуызты къордтæ – музыкалон фрагменттимæ, хуызджын гаммæтæ – музыкалон гаммæтимæ, уæд рæхджы бафиппайдзæн, йæхæдæг дæр æмæ сабитæ дæр хуыз хуыздæр æнкъарын кæй райдыдтой, уый.

## Графикæйы аивадон фæлгонцады мадзæлттæ

Графикæйы сæйраг фæлгонцадон мадзæлттæ сты: хахх, цыбыр хахх, фактурæ, тæпп, силуэт.

Хахх вæййы алы стæвдæн: лыстæг, рæстæмбис, рæстæмбисæй чысыл ставддæр, ставд. Цас ставддæр уа хахх, уыйбæрц тынгæр зыны. Уымæ гæсгæ зæгъæн ис: цас сæйрагдæр уа фæлгонц, уыйбæрц æй ставддæр хæххытæй ныв кæнын хъæуы. Уæлæмхасæн фæлгонцтæ æмæ детальтæн равдисынц лыстæгдæр хæххытæй.

Хæххытæ вæййынц алыхуызæттæ: æмраст, зылын-мылын, дзуарæвæрд, нывæфтыд æ. а. д. Уымæ гæсгæ зæгъæн и: хаххы хуызтæй равдисæн ис характер (зæрдæхæлар, фыдзæрдæ, хъæлдзæг, æрхæндæг æ. а. д.).

Цыбыр хæххыты фæрцы равдисæн ис фактурæйы хуыз (дæрзæг, нывæфтыд, тар, фæлурс æ. а. д.).

Ахсджиаг фæлгонцадон мадзал у контрастон тæпп: тар силуэтыл – фæлурс тæпп, фæлурс силуэтыл – тар тæпп.

Сабитæн сæ бон у æмæ канд ахроматикон (æгъуыз) гуашь ахорæнтæ нæ, фæлæ гель ручкæтæ æмæ алыхуызон – сойджын, мыдадзын, пастель, ахуырст – мелтæй

дæр архайой. Уыцы номхыгъды, æвæццæгæн, æвзалы ра-

нымайын рæдыд уаид: къухтæ змæнты, ныммур вæййы, бæззы æрмæст чъизи ставд хахх акæнынæн. Графикон æрмæджытæ арæхдæр вæййыц сау, фæныкхуыз, урс, морæ. Бафтауæн ма сæм ис сыгъзæрин æмæ æвзист маркертæ. Сауимæ хæццæйæ уыдон тынг рæсугъд хуыз раттынц.

## Хистæр къорды (5–6-аздзыдтæ) перспективон-тематикон пълан

| Мæй, къуыри | Иумæйаг темæ | Ахуырты нымæц | Ахуыры темæ | Аивадон архайды хуыз | **Программæйы мидис** | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | **Нысан** | **Аивадон-ахуырадон хæстæ** | | |
| | | | | | | **Фæлгонцады мадзæлттæ** | **Хуызиртасынад** | **Композици** |
| Сентябрь / III къуыри | 1. «Мæ бинонтæ» | 2 | «Сæрдыгон тæлмæнтæ» | Зæрдывæрдæй ныв кæнын. Хуызджын фломастертæй архайд. | Бинонтæ – куыд социалон фæзынд (бинонты тыххæй уыцы хуызы æрдзурын). | Адæймаджы фæлгонцтæ æмæ æрдзон объекттæ ныв кæныны арæхстдзинады сног | Кæрæдзи фарсмæ хорз чи фидауы, хъарм ахастдзинæдтæ чи æвдисы, ахæм фæлмæн, рæвдаугæ хуызтæ. | Цалдæр сурæты гæххæтты сыфыл бæлвырд уавæры равæрд. |
| Сентябрь / IV къуыри | 3. «Мæ райгуырæн бæстæ» | 2 | «Ирон мæсыг» | Цæстыл уайын кæнгæйæ, цæстуынгæ æрмæгæй пайда кæнгæйæ ныв кæнын. Гуашь ахорæнтæй архайын. | Райгуырæн бæстæйы истори зонынмæ цымыдис кæнын. Ирон мæсгуыты нысан. | Мæсыджы фæлгонцы сæйраг æууæл, йæ амаддзаджы формæ æмæ дурамады равдыст | Æрдзон объекттæм гæсгæ æрдзон хуызы фиппайд – дурты фæлгъуызтæ æмæ сæ хъæд. Палитрæйыл алыхуызон ахорæнты сæмхæццæ, фæныкхуыз ахорæн сæйрагыл нымайгæйæ æмæ уымæй фылдæр пайда кæнгæйæ. | Гæххæтты сыфыл иу кæнæ цалдæр мæсыджы равдыст хæхты фоныл. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Октябрь / II къуыри | 4. «Мæ бæстæ» | 2 | «Мæскуыйы Кремль» | Фæлгонцады бындурыл ныв, цæстуынгæ æрмæгæй пайдагæнгæйæ. Гуашь ахорæнтæ æмæ фломастертæй архайд. | Нæ бæстæйы сæйраг горæты зынгæдæр архитектурон цыртдзæвæнтæй иуимæ (Кремль) базонгæ. | Вазыгджын архитектурон амаддзаджы цæстахадгæ силуэты равдыст. | Архитектурон комплексы цæстахадгæ рæсугъддзинад æмæ хæйтты иудзинады равдыст хуызджын ахорæнты фæрцы. | Кремлы къулы фрагменты ныв гæххæты сыфыл æд мæсыг (мæсгуытæ). |
| Октябрь / III къуыри | 5. «Натюрморт» | 2 | «Натюрморт. Фæззæджы лæвргтæ». | Натурæмæ гæсгæ ныв. Гуашь ахорæнтæй архайд. | Фæззæджы, тыллæгæфснайæн афоны тыххæй æрныхас. | Вазыгджын характерон формæйы ныв. | Натюрморты фæлгонц фæтыхджындæр кæныны тыххæй контрасты мадзалæй спайда. | Гæххæтты сыфыл – алы ас предметты нывтæ: дурын æмæ алыхуызон дыргътæ. |
| Октябрь / IV къуыри | | 2 | «Фæззæг мæ горæты». | Рагацау бафиппайды бындурыл ныв. Гуашь ахорæнтæй архайд. | Горæт (хъæу) фæззыгон куыд аивы, ууыл æрныхас. | Бæлæстæ æмæ хæдзæрттæ ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. Хæдзæрттæ къордæй (уынг, кæрт) равдисыныл бацархайд. | Фæззыгон гаммæйы хъарм хуызты равзæрст. Фæззæджы равг равдисын. | Гæххæтты сыфыл – фæззыгон горæты пейзаж. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ноябрь / I къуыри | 6. «Зайæгойты дуне» | 2 | «Æнахуыр хъæд» | Фиппайд æмæ ног зонындзинæдты бындурыл ныв. Гуашь ахорæнтæй архайд. | Хъæды зайæгойты æппæт хуызтимæ базонгæ. | Зайæгойты ныв, сæ ас æмæ сын сæ конды алы хуызтæ æвдисгæйæ. | Кæрдæгхуыз ахорæны алы фæлгъуызтæй пайда кæнын, сæйрагыл æй нымайгæйæ. | Гæххæтты сыфыл – хъæд æмæ хъæды реалон кæнæ æрымысгæ цæрæгойты ныв. |
| Ноябрь / II къуыри | 7. «Цæрæгойты дуне» | 2 | «Дардбæстаг цæрæгойтæ» | Цæстыл уайын кæнгæйæ, цæстуынгæ æрмæгæй пайда кæнгæйæ ныв. | Алыхуызон цæрæгойты дунеимæ базонгæ. | Цæрæгойты буары конд æмæ пропорциты характерон хицæндзинæдты равдыст. | Цæрæгойты характерон хуызы равдыст хъæугæ ахорæнтæй. | Гæххæтты сыфыл – цæрæгойты ныв сæ лæппынтимæ æрдзы хъæбысы. |
| Ноябрь / III къуыри | 8. «Доны бын дуне» | 2 | «Аквариум» | Фиппайды бындурыл ныв. Хуызджын фло-мастертæй архайд. | Доны бын дунейы тыххæй ног зонындзинæдтæ. | Кæсæгты характерон формæйы равдыст æд бæлвырдгæнæн хæйттæ. | Кæсæгты хæрвы алы хуызты рæсугъддзинады равдыст ахорæнты руаджы. | Гæххæтты сыфыл – аквариумы ныв æд кæсæгтæ. |
| Ноябрь / IV къуыри | 9. «Нæ хæдзар – æрдз» | 2 | «Хæхты сæрмæ – хурныгуылд» | Рагагъоммæйы фиппайды бынду-рыл ныв. Гуашь ахорæнтæй архайд. | Суткæйы афоны (сæумæрайсом, бон, изæр, æхсæв) æмбарынад æмæ йемæ баст хуызон ивддзинæдтæ æрдзы мидæг. | Хæхты силуэтты ритмикон фæлхатæнтæ æмæ æврæгъты конды зæрдæскъæфгæ пластикæйы равдыст. | Хурныгуылды хуызджын арвы равдыст ахорæнты руаджы. | Гæххæтты сыфыл – хæхты ныв хурныгуылды арвы фоныл. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Декабрь / II къуыри | 11. «Фынджы уæлхъус бадыны æгъдау» | 2 | «Гуыръæн бон» | Зæрдылдарды быдурыл нıыв. Хуызджын фломастертæй архайд. | Фынджы уæлхъус хи дарыны фæткыл æрныхас. | Иумæйаг уавæрæй баст адæймæгты къорд сныв кæныны арæхстдзинады рæзтыл куыст. | Ахорæнты руаджы бæрæгбоны равг равдисын. | Бæрæгбоны фынджы уæлхъус бадты равдыст гæххæтты сыфыл. |
| Декабрь / III къуыри | 12. «Хæрзад æмæ пайда хæринаг» | 2 | «Дуканийы» | Зæрдылдарды быдурыл нıыв. Хуызджын фломастертæй архайд. | Хæринаджы тыххæй дарддæр æрныхас: алыхуызон пайда хæринæгтæ. | Къаннæг предметтæ ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. | Хуызджын фæлгонцы арæзт алы хуыз æмæ хъулон къаннæг предметты руаджы. | Сыфыл æрвылбоны царды нывы равдыст – цалдæр адæймаджы дуканийы кæнæ та базары, хойрæгтæ æлхæнгæйæ. |
| Декабрь / IV къуыри | 13. «Зымæг» | 2 | «Ногбон» | Зæрдылдарды быдурыл ныв. Хуызджын фломастертæй архайд. | Афæдзы афонты тыххæй дарддæр æрныхас. Ногбонтæ – зымæджы сæйрагдæр æвдисæндартæй иу. | Бæрæгбоны уавæр равдисыны арæхстдзинадыл куыст. | Ахорæны хуызты руаджы бæрæгбоны равг равдисын. | Ногбоны сюжет (сабиты фæндонмæ гæсгæ) равдисын. |
| Январь / III къуыри | | 2 | «Зымæгон пейзаж» | Æрдзы ныв тæм гæсгæ ныв кæнын. Мыдадзын мелтæ æмæ акварелæй архайд. | Зымæгон æрдзыл æрныхас. | Пейзажы элементтæ æвдисыны арæхстдзинадыл куыст. Ног техникæимæ базонгæ. | Зымæгон пейзажы равг ахорæнты руаджы равдисын. | Гæххæттыл зымæгон пейзаж сныв кæнын. Сæйраг акцент – митæмбæрзт бæлæстæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Январь / IV къуыри | 14. «Националон костюм» | 2 | «Ирон кафт» | Зæрдылдард æмæ фиппайды бындурыл ныв. Хуызджын фломастертæй архайд. | Ирон националон дарæсимæ базонгæ. | Нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы националон дарæсы сæйраг конструкцийы равдыст. | Контрастон хуызты рæсугъддзинады бафиппайд: нæлгоймаджы дарæсы традицион тар æмæ сылгоймаджы дарæсы райдзаст фæлгъуызтæ. | Гæххæттыл – кафæг сылгоймаг æмæ нæлгоймаджы егъау сурæттæ ирон дарæсы. |
| Февраль / I къуыри | 15. «Транспорт» | 2 | «Ирвæзынгæнæн транспорт» | Хи бавзæрст кæнæ фехъусæггаг цауы бындурыл ныв. Гуашь ахорæнтæй архайд. | Транспорты алы хуызтæ æмæ нысанимæ дарддæр зонгæ кæнын. | Вазыгджын техникон формæ ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. | Хуызты руаджы равдисын катай æмæ тасы уавæр кæнæ фыдбылызæй фервæзты цин. | Сыфыл – транспортон фæрæзы ныв фæдисы уавæры. |
| Февраль / II къуыри | 16. «Дæсныйæдты дуне» | 2 | «Цирк нæм æрцыди». | Тæлмæнтæ æмæ фиппайды бындурыл ныв. | Зонгæ дæсныйæдты нымæц фæфылдæр кæнын. Уæлдай хъусдард – сфæлдыстадон дæсныйæдтæм. | Лæвæрд темæйыл сюжетон композици скæнын. | Ахорæнты руаджы бæрæгбоны равг æмæ эмоционалон уавæры равдыст. | Гæххæтыл – клоуны ныв, йæ алыварс –цирчы æрмахуыргонд цæрæгойтæ. |



ПРОДАЖЕ НЕ ПОДЛЕЖИТ

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Февраль / III къуыри | 17. «Спорт» | 2 | «Спорты уарзон хуыз». | Фиппайды бындурыл ныв кæнын. Хуызджын фломастертæй архайд. | Спорты алы хуызты тыххæй зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын. | Змæлгæ адæймаджы фæлгонц равдисыны арæхстдзинад уæлдæр кæнын. | Ирд, контрастон ахорæнты фæрцы равдисын уæнгты рог, уæнгты хъару, уæлахизы æнкъарæн. | Гæххæтты сыфыл – цалдæр спортсмены ныв. |
| Февраль / IV къуыри | 18. «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ» | 2 | «Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы сурæт». | Цæстылуайды бындурыл, иллюстративон æрмæгæй пайда кæнгæйæ, ныв кæнын. Хуызджын фло-мастертæй архайд. | Æфсад, йæ хуызтæ æмæ арæзты тыххæй зонындзинæдтæ фæфылдæр кæнын. | Адæймаджы сурæт æмæ характер равдисыны арæхстдзинадыл куыст. | Æфсæддон адæймаджы æхсарджын характеры равдыст нымæг, хиуылæцгæ ахорæнтæй. | Гæххæтты сыфыл – æфсæддоны сурæт, цы æфсæддон хæйттæм хауы, уыдоны фоныл. |
| Мартъи / II къуыри | 19. «Уалдзæг» | 2 | «Нæ горæты ралæууыд уалдзæг». | Фиппайды бындурыл ныв. Гуашь ахорæнтæй архайд. | Æрдзы тыххæй зонындзинæдтæ фæфылдæр кæнын. | Пейзажы хæйттыл кусгæйæ ныв кæныны арæхстдзинад бæрзонддæр кæнын. | Ахорæнты фæрцы æрдзы райхъал æмæ дидинкалд равдисын. | Гæххæттыл сныв кæнын хуымæтæг горæтаг пейзаж уалдзыгон бæлвырд æууæлтимæ. |
| Мартъи / III къуыри | | 2 | «Уалдзыгон дидинджытæ». | Фиппайды бындурыл ныв. Хуызджын фломастертæй архайд. | Уалдзыгон дидинджыты хуызтыл æрныхас. | Дидинджытæ ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. | Дидинæджы номæй хуынд ахорæнты хуызтæ. | 1. Гæххæтты сыфыл, фæндонмæ гæсгæ, формæ æмæ характерæй фæйнæхуызон |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | дидинджытæ равдисын. 2. Тымбыл формæйыл скæнын дидинæджы нывтæ. |
| Мартъи / IV къуыри | 20. «Дæхи хъахъхъæн – фыдбылыз! | 2 | «Хъæлдзæг светофор». | Рагацау фиппайды бындурыл нывв. Хуызджын фломастертæй архайд. | Сабиты хъус уæлдай тынгдæр æрдарын, фæндагыл цæугæйæ къæрцхъус уæвын кæй хъæуы, уымæ. | Алыхуызон объекттæ (агъуыстытæ, машинæтæ, фистæг адæм æ. а. д.) нывв кæныны арæхстдзинады рæзтыл куыст. | Хуызæнкъарынады эмоционалон æмæ психологон æууæлмæ хъус æрдарын. | Гæххæттыл – светоформæ хæстæг чи у, уынджы уыцы хайы нывв. |
| Апрель / I къуыри | 21. «Зонд-джын маши-нæтæ» | 2 | «Робот – адæймаджы æххуысгæнæг». | Базынд информа-цийы бындурыл нывв. Фломас-тертæ æмæ гель ручкæтæй архайд. | Техникæйы нысаниуæг адæймаджы царды. | Хи фантазийы бындурыл скæнын роботы нывв. | Сыгъзæрин æмæ æвзист ахорæнтæ æмæ сæ фæлгъуызтæм хъус æрдарын (гель ручкæтæ æмæ фломастертæ равзарын). | Гæххæты сы-фыл – роботы нывв, йæ алы-варс – сабитæ. |
| Апрель / II къуыри | 22. «Кос-мос». | 2 | «Æндæр планетæйыл». | Лæвæрд темæйыл фантазийы бын-дурыл нывв. Алыхуызон æр-мæджытæй ар-хайд. | Космосы темæмæ сабиты хъус æрдарын. | Вазыгджын тех-никон формæтæ æмæ фантазийæ гуырд адæймæг-тæ нывв кæныны арæхстдзинадыл куыст. | Пайда кæнын ахорæнты хуызты æнæнхъæлæджы æмиуæдтæй, ирд ахорæнтæй. | Гæххæтты сыфыл зæххон адæмы фембæлд æндæр-планетонтимæ равдисын. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Апрель / III къуыри | 23. «Мæргъ-тæ» | 2 | «Аргъæутты маргъ». | Фæлгæнæн æмæ фантазийы бындурыл ныв. Гуашь ахорæнтæй архайд. (Æндæр æрмæджытæ дæр ма сæм бафтауæн ис.) | Сабиты зонындзинæдтæ мæргъты тыххæй фæфылдæр кæнын. | Аргъæутты маргъ ныв кæныны арæхстдзинадыл куыст. | Хъисойы æруагъды ахадындзинад, маргъы пакъуы æмæ систы дисæфтауæг ахорæнтæ æвдисгæйæ. | Гæххæтты сыфыл – аргъæутты маргъы егъау фæлгонц. |
| Апрель / IV къуыри | 24. «Сас-чытæ» | 2 | «Муха- Цокотуха». | Бакаст аргъауы бындурыл ныв. Хуызджын фло-мастертæй архайд. | Сабиты хъус сасчытæм æрдарын, дунейы сконды сын цы нысаниуæг ис, ууыл æрдзурын. | Бæлвырд сасчытæ сныв кæнын, уæлдай хъусдард – къаннæг формætæ æмæ детальтæм. | Æвзæрст уавæрмæ гæсгæ ахорæнты хуызтæ равзарын. | Гæххæтты сыфыл – аръæутты персонажты характерон фæлгонцты ныв. |
| Май / I къуыри | 25. «Уæлахизы Бон» | 2 | «Уæлахиз!» | Информацийы бындурыл ныв. Хуызджын фломастертæ кæнæ гуашь ахорæнтæй архайд. | Бæрæгбоныл æрныхас, йæ нысаниуæг – бæстæйы историйы. | Сюжетон уавæр равзарын, хи æнкъарæнтæ равдисын. | Бæрæгбоны цинæйдзаг равгæн ирд ахорæнтæ равзарын. | Гæххæтты сыфыл – бæрæгбоны ныв. |
| Май / II къуыри | 26. «Театр, кино» | 2 | «Уарзон мультфильмты геройтæ. | Мультфильмты бындурыл ныв. Хуызджын фломастертæй архайд. | Мультипликаци цы у æмæ мультфильмтæ куыд аразынц, ууыл æрныхас. | Æлвæст фæлгонцы саразт стилизацийы мадзалы фæрцы. | Фæлгонцтæн хуыз раттыны тыххæй ахорæны кадавар тæппытæй пайда кæнын. | Гæххæтты сыфыл – уарзон мультфильмты геройты егъау фæлгонцтæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Май / IV къуыри | 27. «Ægас цæуай, сæрд!» | 2 | «Мах уарзæм сæрд!» | Къорды куыст – аппликацийы техникæйы руаджы конд панно. | Сæрды миниуджытæ фæл-хатын символтæм гæсгæ. | Алыхуызон объекттæ (дидинджытæ, гæлæбутæ, мæргътæ, хур æ. а. д.) ныв кæныны арæхстдзинад ацы хæслæвæрды равдисын. | Æрдзы рæсугъддзинад æвдисæг æмæ хъæлдзæгдзинад нысангæнæг ирд ахорæнтæй спайда кæнын. | Гæххæты сыфыл хуызджын тæппыты уæзад сæмхуызон кæныныл бацархайын, рагацау цы фæлгонцтæ нывгонд æрцыдысты, уыдон ралыг кæнгæйæ æмæ аив равæргæйæ. |

**Иумæйаг темæ: «Нæ бинонтæ».**
**Темæ: «Сæрдыгон тæлмæнтæ (впечатления)». Зæрдывæрдæй (по памяти) ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Бинонты тыххæй ныхас дарддæр ахæццæ кæнын, социалон фæзынд кæй у, уый зæрдыл даргæйæ. Бинонтæй алкæмæн дæр цы ахадындзинад ис, уый тыххæй æрдзурын.

– Хиуæтты æддебакаст сæ цæстытыл ауайын кæнынмæ куыд арæхсой æмæ йæ сæ зæрдыл куыд дарой, сабиты удыхъæды уыцы миниуæг рæзын кæнын.

– Мыггаджы фарн хъахъхъæнын кæй хъæуы, хæстæджытæ æмæ бинонты зæрдæхудтæй хи хизын кæй æмбæлы, сабитæн уый æмбарын кæнын æмæ сæ уыцы хуызы хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттыл фæцалх уæвын.** Сабитæм адæймаджы фæлгонцтæ *(сæ бинонты сурæттæ)* æмæ æрдзы нывтæ кæнынмæ цы арæхстдзинад уыди æмæ сæрддæргъы рохуаты чи аззади, уый фæстæмæ сног кæнын.

**2. Хуызиртасынад.** Кæрæдзи фарсмæ хорз чи фидауы, тугхæстæг адæймæгты æхсæн хъарм ахастдзинæдтæ чи æвдисы, ахæм фæлмæн, рæвдаугæ, уарзон хуызтæ равзарын.

**3. Композици.** Цалдæр адæймаджы *(сабиты бинонтæй искæйты)* егъау сурæттæ гæххæтты сыфыл равæрын – сæ фатеры, уынджы, æрдзы хъæбысы *(тезгъо кæнгæйæ, фæллад уадзгæйæ, бæрæгбоны рæстæг, балцы уæвгæйæ æмæ а. д.).*

**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, фæлгонцтæ æмæ фон

тынг ахоргæйæ.
**Хуызфыссынады уаг:** цалдæр схематикон, фæлæ æнцонзонæн сурæты – бæлвырд ран æмæ уавæры.
**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Бинонты къамтæ сæрды улæфты рæстæг. Нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ æмæ æхсæз-авдаздзыд сабиты нывтæ бинонты темæйыл.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитæн бахæс кæнын, цæмæй æрбахæссой, сæ бинонтæ сæрды улæфты рæстæг цы къамтæ систой, уыдон *(кæд сæм ис, уæд)*. Сæрд куыд арвыстой, уый тыххæй семæ аныхас кæнын.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Нæ абоны ахуыры темæ – бинонтæ. Йæ бинонты тыххæй уæ радзурын кæй фæнды?

*Сабитæ дзурынц сæ бинонты тыххæй, ымайынц сæ; чи дзы кæм кусы, цы архайы, уый зæгъынц.*
*(Кæс: астæуккаг къорды 1 темæйы 1 ахуыр.)*
**Хъ.** Банымайæм-ма не 'нгуылдзтыл, цал бинойнаджы стут, уый.

*Сабитæ нымайынц.*
**Хъ.** «Бинонтæ» тынг цымыдисаг дзырд у. Амоны, кæрæдзийæн тугхæстæг чи у, уыцы адæймæгты къорд. Зæгъæм, дæ фыды фыд, дæ фыды мад, дæ фыд, дæ мад, дæ хо æмæ æфсымæр, дæхæдæг. Уыдон сты бинонтæ. Хæрз хион адæймæгтæ иу хæдзары куы фæцæрынц, кæрæдзиуыл куы фæаудынц æмæ иумæ сывæллæттæ куы фæхъомыл кæнынц, кæрæдзийæн аргъ куы фæкæнынц æмæ кæрæдзи тынг куы фæуарзынц, уæд уыдон сты…
**С.** Бинонтæ.
**Хъ.** Рагæй фæстæмæ дæр бинонтæн стыр ахадындзинад

уыди адæймаджы царды. Бинонты æхсæн ахастдзинæдтæ Кавказы кæддæриддæр уыдысты зæрдæбын æмæ хъарм, бинонтæ кæрæдзийæн кад кодтой. Фырт йæ фыды мыггаг хæссы æмæ йæ хъуамæ макуы фегад кæна. Адæмы æхсæн кадджынæй фæцæра. Нæлгоймаг у хæдзардарæг, бинонты дарæг. Сылгоймаг у хæдзары æфсин, мад. Уый хæринаг кæны бинонтæн, йæ хæдзар аив æмæ райдзаст куыд уа, ууыл архайы, сывæллæттæ хъомыл кæны. Нæ зæронд мад æмæ зæронд фыд дæр, сæ бон куыд у, афтæ æххуыс кæнынц сæ кæстæртæн, сæ цоты цотмæ сæ цæст дарынц. Куыд уынут, афтæмæй бинонтæй алкæмæн дæр хæдзары сæрмагонд хæстæ ис. Сабитæ та сæхи куыд хъуамæ дарой? Куыд уæм кæсы, уыдонæн дæр исты хæстæ ис?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Кæд нын бинонты тыххæй ныхас бацайдагъ и, уæд абон цы сныв кæндзыстæм?

**С.** Ныв кæндзыстæм бинонты.

**Хъ.** Сæрдыгон ныййарджытæн вæййы уагуадзæн (отпуск), æмæ сын фадат вæййы сæ сабитимæ фылдæр рæстæг æрвитынæн. Иумæ ацæуынц хохмæ, денджызмæ, сæ хæстæджытæм, сæ улæфт иумæ фæуадзынц.

Сывæллæттæ, радзурут-ма, уæ бинонтæ сæрд куыд арвыстой, уый тыххæй. Уæлдай цымыдисагдæр цы уыди? Уæ зæрдыл тынгдæр цы бадардтат?

**С.** Мæнæн мæ зæрдæмæ тынг фæцыди Цъæйы.

– Мах та денджызы уыдыстæм. Дельфинаримæ, аквапаркмæ цыдыстæм, катерыл тезгъо кодтам.

– Махмæ та сæрды чындзæхсæв уыди, ме ’фсымæр ус æрхаста. Тынг бирæ уазджытæ нæм æрбацыди. Тынг бирæ машинætæ, ноджы ма – дыууæ бaрæджы дæр. Сæ бæхтæм сын кæсынæй не ’фсæстæн. Чындз уыди рæсугъд ирон разгæмтты. Иууылдæр ыл цин кодтой.

*Сюжет алы хуызы рацаразæн дæр ис. Сабитæ сæ*

*сæрдыгон тæлмæнты тыххæй дзурынц, кæрæдзи дзыхæй ныхас исынц, афтæмæй. Сæйрагдæр – сæ мысинæгтæ хъуамæ ирд уой, эмоционалон.*

**Хъ.** Куыд хорз радзырдтат! Цæй æмæ ныр та сныв кæнæм. Кæсут-ма, абон уын ныв кæнынæн цы гæххæтты сыфтæ ратдзынæн, уымæ!

**С.** Стыртæ!

**Хъ.** Фыццаджыдæр, алчи уæ хъуамæ йæ бинонты снывкæна, уымæн та бирæ бынат хъæуы! Дыккаджы та, сымах ныр уæхæдæг дæр стыртæ стут, хистæр къорд. Рæсугъд ныв кæнын базыдтат, уымæ гæсгæ амæй фæстæмæ ахæм стыр гæххæттыл ныв кæндзыстут. Нæ уæ фæнды? Кæд, мыййаг, исчи йæ ныфс нæ хæссы?

**С.** Тынг нæ фæнды!

**Хъ.** Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут æмæ снывкæнут сæрды цымыдисагдæр цау, уæ зæрдæйæн æппæты æхсызгондæр чи уыди, уый. Æрмæст уæ ма ферох уæд, уæ бинонтæй алкæй дæр хъуамæ снывкæнат. Фыццаг уал кæй снывкæндзыстæм?

**С.** Мамæйы æмæ папæйы. Фыццаг уал уыдоны снывкæндзыстæм, уымæн æмæ уыдон стыр æмæ сæйраг сты. Уый фæстæ та нæхи.

**Хъ.** Тагъд ма кæнут, арæхстгай ныв кæнут. Адæймаджы сурæт куыд ныв кæнын хъæуы, уый ахуыр кодтам. Нæ зæрдыл æй æрлæууын кæниккам?

*(Кæс: кæстæр къорды 5 темæйы 9 æмæ 10 ахуыртæ.)*

**С.** Раздæр уал сæр снывкæндзыстæм, стæй та гуыр, къухтæ æмæ къæхтæ.

**Хъ.** Æмæ цæсгом та куыд ныв кæнын хъæуы?

**С.** Хъуамæ дæ зæрдыл æрлæууын кæнай адæймаджы æддаг бакаст, йæ цæстытæ, йæ фындз, йæ былтæ. Йæ сæры хъуынтæ. Йæ рихитæ. Уæд, кæй ныв кæныс, уый уайтагъддæр бæрæг уыдзæн.

Ахуыры рæстæг хъомылгæнæг сабитæн амоны, кæй ныв кæнынц, уыцы адæймæгты сæрмагонд миниуджытæ сæ куыстыты равдисын.
**Хъ.** Абон цы нæ фæуæм, уый иннæ хатт дарддæр ахæццæ кæндзыстæм æмæ нæ нывтæ стæй хуызджын ахорæнтæй срæсугъд кæндзыстæм.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæй размæ мах ныв кодтам нæ бинонты. Цы æмбæлди сныв кæнын?
**С.** Нæ бинонты. Сæрды цымыдисаг цаутæ. Нæ бинонтæ иумæ кæм улæфыдысты, стæй, цы ми кодтой, уый: хурмæ сæхи сыгътой, сæхи надтой, балцы цыдысты.
**Хъ.** Абон дарддæр ныв кæндзыстæм, нæ куыстытæ нæ кæронмæ ахæццæ кæнын хъæуы. Æз уын ныртæккæ уæ нывтæ байуардзынæн æмæ æркæсдзыстæм, кæддæра уæ къухы алцы сныв кæнын дæр бафтыди.
**С.** Мæнæ мæ мад, мæ фыд, ме 'фсымæр. Уый та мæхæдæг дæн!
**Хъ.** Кæд уæ бинонтæй искæй ныв нæма скодтат, уæд æй ныр скæнут, мачи уæ ферох уæд. Архайут, цæмæй алы сурæт дæр хуызæн рауайа. Уæ сыфтыл хъуамæ афтид бынæттæ ма баззайа. Лæмбынæг сæм æркæсут æмæ ахъуыды кæнут, цы ма дзы ис сныв кæнæн. Гæххæт æнæхъæнæй дæр нывтæй байдзаг кæнут.
**С.** Сурæтты алыварс дæр хъуамæ исты нывтæ уа, цæмæй цы ран сты, уый бæрæг уа.
**Хъ.** Тынг раст. Уæ бинонтæ кæм баулæфыдысты?
**С.** Денджызы был. Уымæ гæсгæ æз ныв кæнын денджыз æмæ былгæрон змис. Иууылдæр сæхи найынц, стæй змисыл сæхи хурмæ судзынц. Уæлдæфы чайкæтæ ратæх-батæх кæнынц, хур йæ ирд цæстæй кæсы. Дардæй зынынц наутæ.

Мах та хæхты уыдыстæм. Æз ныв кæнын рæсугъд хæхтæ æмæ цæугæдон. Мæ фыд физонджытæ кæны цъæх æрдузы. Уый та нæ машинæ у.

Æз та, сæрды мын велосипед балхæдтой, æмæ уый сныв кодтон. Мæ фыд мæ нæ кæрты ахуыр кæны велосипедыл уайын. Мæнæ уый нæ хæдзар у. Мæ куыдз кæрты разгъор-базгъор кæны.

*Ахуыры рæстæг хъомылгæнæг сабиты амидин кæны нывтæн сæ мидисмæ гæсгæ æмбæлгæ фон скæнынмæ.*

**Хъ.** Куыд кæсын, афтæмæй уæ нывтæ цæттæ сты. Ныр сæ сахорæн ис. Абоны темæйæн цавæр хуызтæ сбæздзысты хуыздæр?

**С.** Ирд. Зæрдæхæлар. Хъæлдзæг. Сæрдыгон.

**Хъ.** Нæ нывтæ хуызджын кæнын кæцæй хъуамæ райдайæм?

**С.** Фыццаг уал сурæттæн сæхи банысан кæнæм – уыдон нын сæйраг сты. Сæ дарæс сын сахорæм. Мады къаба, фыд æмæ сабиты дарæсы хуызтæ равдисæм.

**Хъ.** Сæйраг сурæттæ чи фæци, уый сын ныр та алыхуызон ахорæнтæй сæ фоны нывтæ срæсугъд кæнæд.

*Сæрды каникулты фæстæ ацы ахуыр фыццаг у. Йæ нысан – рацыд æрмæг сфæлхат кæнын.Сæрддæргъы сабитæ ныв нæ кодтой, æмæ сæ арæхстдзинад фæцудыдта. Ногæй фæцалх уæвынæн стыр ахъаз фæуыдзæни, гæххæтты егъау сыфыл, æнæ иу афтид бынат дзы ныууадзгæйæ, хорз зонгæ сурæттæ сныв кæнын.*

**Хъ.** Сæрдыгон æрдз ныв кæнгæйæ уæ ма ферох уæд ирд, рæвдаугæ хуры ныв скæнын.

*3–4 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Фæнды мæ алцы зонын».**

**Темæ:**

1. «Нотæтæ æмæ ахорæнтæ». Уæгъдибар нывкæнынад.

2. «Уарзон мелоди». Байхъуыст музыкæйы фæдыл ныв скæнын.

**Нысан:**

– Бацархайын, цæмæй сабитæ банкъарой музыкæ æмæ ныв кæныны аивады сфæлдыстадон хæстæ æмæ фæлгонцадон мадзæлтты æмхуызондзинад.

– Ассоциативон хъуыдыкæнынады рæзт, фæлгонцтæй æвдисынмæ арæхсын. Кæрæдзимæ хæстæг сфæлдыстадон хуызты фæрцы сабиты эмоционалон æнкъарындзинад рæзын кæнын.

– Аивад чи æмбары æмæ дзы æхцондзинад чи исы, ахæм æнкъараг культурон адæймæгтæ сæ куыд рауайа, сабиты удыхъæды рæсугъддзинадыл уыцы хуызы кусын. Аивады ад куыд базоной, хуыз æнкъарынмæ куыд арæхсой æмæ йын йæ равг æвдисæн æппæт гæнæнтæ куыд æмбарой, уыыл архайын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттæй пайда кæнын.** Фæлтæрæны руаджы банкъарын:

1. Ахорæны иунæг хуызæн йæ авналæнтæ æмæ гæнæнтæ къуындæг кæй сты.

2. Бирæхуызон нывкæнынады æгæрон фæлгонцадон гæнæнтæ.

**2. Хуызиртасынад:**

1. Иу хуызæй куы пайда кæнай, уæд нывтæй ницыуал бæрæг вæййы – баиу вæййынц æмæ сæ хуымæтæджы хуызджын тæпп рауайы.

2. Ахорæнты алы хуызты руаджы равдисæн ис музыкæйы зæлты равг. (Алы саби дæр æй йæхирдыгонау æнкъары æмæ йæ хуызты руаджы дæр хъуамæ йæхирдыгонау равдиса.)

**3. Композици:**

1. Сыфыл скæнын, ахоргæ-ахорын чи æрбайсæфа, ахæм

хуымæтæг фæлгонц.
2. Байхъуыст музыкæйыл чи бады, ахæм хуызджын абстрактон (æнæмидис) кæнæ пейзажон ассоциаци.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.
**Хуызфыссынад:** хуызджын нывкæнынадон.
**Хуызфыссынады уаг:**
1. Сахорыны фæстæ чи нал фæзындзæн, ахæм ныв скæныны фæлтæрæн.
2. Байхъуыст музыкæйы интерпретаци ахорæнты алы хуызты фæрцы. Уæгъдибар нывкæнынад ахорæнты алы хуызтæй.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Дискыл фыст мелодитæ. Нотæты тетрад. Уадынгæрзтæ (музыкалон инструменттæ), кæд гæнæн ис, уæд. Цæстуынгæ нотæты стан исгæ нотæтимæ. Нотæты дыууæ æмбырдгонды (хъæлдзæг æмæ æнкъард). Удæгас кæнæ хъазæн цъиу æд къалати. Арвæрдыны ныв.
**Райуаринаг:**
1. Гæххæтт А-4; гуашь *(кæцыфæнды иу хуыз);* хъисойтæ *(къаннæг æмæ рæстæмбис)*, банкæ донимæ; къухтæсæрфæн.
2. Гæххæтт А-4; 12 хуызы гуашь; палитрæ; хъисойтæ *(рæстæмбис æмæ рæстæмбисæй чысыл егъаудæр);* банкæ донимæ; къухтæсæрфæн.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитимæ рагацау, йæ равг æмæ характермæ гæсгæ кæрæдзийæ чи хицæн кæны, цалдæр ахæм мелодимæ байхъусын æмæ дзы, сæ зæрдæмæ чи фæцæуа, уыдон равзарын. Хорз уаид, уыцы хъуыддаджы му-зыкалон кусæджы уынаффæмæ байхъусын, уыцы куыст йемæ иумæ бакæнын.
Музыкæ æмæ уадынгæрзты (музыкалон инструментты) тыххæй аныхас кæнын.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, сæрды дæргъы сымах тынг сырæзтыстут, фæтыхджындæр стут, уæ фæллад суагътат. Уæ бакастæй мæ зæрдæ райы. Куыд стыр кæнынц, афтæ сабиты иуулдæр фæнды бирæ истытæ базонын, разæнгард сты ахуыр æмæ ног исты базонынмæ. Сабийы алцы зонын дæр фæнды! Зæгъут-ма, сывæллæттæ, сымах та цы базыдтат ногæй, цы сахуыр кодтат сæрды?

*Сабиты дзуæппытæ. Сæрды каникулты рæстæг цы базыдтой, цæуыл фæцалх сты, уыдæтты тыххæй дзурынц.*

**Хъ.** Нæ цæхæрадоны та ногæй ахуыртæ райдыдтой. Сымахæн дарддæр амондзысты музыкæ, математикæ, ахуыр уæ кæндзысты иронау æмæ уырыссагау раст æмæ рæсугъд дзурын. Ныр сымах хистæр къордмæ бацыдыстут, уымæ гæсгæ нæ ахуырты рæстæг æрмæст ныв нал кæндзыстут, фæлæ ма бирæ диссæгтæ базондзыстут ахорæнтæ æмæ, нывгæнджытæ, сæ уацмыстыл кусгæйæ, сæрмагонд хæххытæ æмæ хуызтæ куыд февзарынц, уый тыххæй дæр. Уæдæ сбадут, куыд æнцондæр уын у, афтæ, æмæ райдайæм. Æз уын аргъау ракæндзынæн. Хуымæтæджы аргъау нæу – цыдæр ахсджиаг хъуыды бамбарынæн нын тынг феххуыс уыдзæни. Уымæ гæсгæ мæм лæмбынæг байхъусут æмæ мын стæй зæгъдзыстут, ногæй цы базыдтат, уый.

*Хъомылгæнæг сабитæн æвдисы нотæты тетрад.*

**Хъ.** Иу тетрады, раст мæнæ ахæмы, йæ уæлæ «Нотæты тетрад», зæгъгæ, фыст, цардысты æмæ уыдысты… нотæтæ. Нотæтæ зонут? Музыкæйы урокты семæ базонгæ стут. Ранымайут-ма сæ. Цал сты?

**С.** До, ре, ми, фа, соль, ля, си. Æдæппæтæй авд нотæйы.

**Хъ.** Сывæллæттæ, зæгъут-ма, ацы тетрады сæ бон цæрын куыд уыди? Цы ран дзы цардысты?

**С.** Хæххытыл. Нотæты станы. Уым алы нотæйæн дæр йæхи бынат ис. Цъиутæ телтыл куыд фæбадынц, раст уый хуызæн!

*Хъомылгæнæг сабитæн æвдисы нотæты стан змæлгæ нотæтимæ. Нотæтæн – худгæ цæсгæмттæ.*

**Хъ.** Нотæтæ тынг хæларæй цардысты æмæ-иу музыкантимæ иумæ музыкæ æрхъуыды кодтой. Алцæмæ дæр арæхстысты: хъæлдзæг кафты зарджытæ, сагъæсæфтауæг æнкъард мелодитæ, салдæттæ парады сæ къахдзæф кæмæ гæсгæ арæзтой, ахæм марштæ! Сæр бахъуыди, зæгъгæ, уæд-иу тасæфтауæг æнахуыр музыкæ дæр æрхъуыды кодтой. Сæ алыварс цыдæриддæр уыдтой, уый сæ бон уыди аив зæлтæй равдисын: хохаг æхсæрдзæны уынæр, уалдзыгон тæдзынæджы зæлланг, хæхты тызмæг рæсугъддзинад, хурыскасты зæрдæскъæфгæ ныв. Музыкант сæм æрбацыди æмæ йæ къухмæ скрипкæ, флейтæ, ирон фæндыр кæнæ æндæр исты уадынгарз райста, зæгъгæ, уæд та-иу алыварс дунейы ныййазæлыдысты зæрдæмæхъаргæ зæлтæ æмæ адæмæн цин хастой.

*Фоны хуызы зæлы сабыр мелоди. Хорз уаид, хъомылгæнæг йæ къухмæ, цыма йыл цæгъдгæ кæны, афтæ исты уадынгарз куы райсид кæнæ та йыл æцæгдæр куы ацæгъдид, уæд.*

**Хъ.** Æппæты тынгдæр цин кодта къалатийы цæрæг цъиу. Йæ базыртæ тилын-иу райдыдта, йæ цъыбар-цъыбур æмæ æхситтытæй-иу бæстæ йæ сæрыл систа…

*Хъомылгæнæг æвдисы цъиуы ныв. Ноджы хуыздæр та уаид урокмæ удæгас цъиу æд къалати æрбахæссын. Сабитæ йыл тынг бацин кæниккой, эмоционалон æгъдауæй сæ удыхъæд раргом уаид.*

**Хъ.** Æрбакæсут-ма, цы дзæбæх у!

**С.** Махмæ дæр хæдзары ис цъиу. Музыкæ куы фехъусы, уæд зарын райдайы.

**Хъ.** Уынут! Фæлæ уал нæ аргъау дарддæр ахæццæ кæнæм. Иуахæмы афтæ рауади, æмæ нотæтæ ныххылтæ сты. *(Хъомылгæнæг æваст фæурæдта музыкæ.)*

«Æз мæхæдæг ныффысдзынæн зарæг», – загъта нотæ До.

«Æз дæр, æз дæр!» – схор-хор кодтой нотæтæй чидæртæ. «Нæ, мелодиты рæсугъддæртæ мах ныффысдзыстæм», – сæ фындзтæ ныхъхъил кодтой æмæ быцæуыл ныллæуыдысты иннæтæ. Цыбыр дзырдæй, сæ хъæлæбайæ хъустæ къуырма кодтой. Сабитæ, уæдæ мах та нæ цæстытыл ауайын кæнæм, афтæмæй сæ хъуыддагæй цы хъуамæ рауадаид, уый. Иу нотæйæн – до, до, до, до, до… Иннæмæн – ре, ре, ре, ре…
*Хъомылгæнæг, фæзмæгау, хъæлæсæй æвдисы иугай нотæты æнæбон æмæ æгъуыз зæлынад. Искæцы уадынгарзыл дæр æй равдисæн ис, цæмæй йæ сабитæ ноджы хуыздæр бамбарой.*
**Хъ.** Мæнæ ацы нотæтæн хуыздæр рауадаид? Зæгъæм, «ми», «соль», «си», «ля». Бафæлварут-ма!
**С.** Ми, ми, ми, ми, ми. Соль, соль, соль, соль…
**Хъ.** Сывæллæттæ, куыд уæм кæсы, рæсугъд мелодитæ сын рауади? Уæ зæрдæмæ цæуынц?
*Сабиты дзуæппытæ. Хорз уаид, сæ зæрдæмæ цæуылнæ цæуынц, уый тыххæй бæлвырд дзуæппытæ куы раттиккой, уæд.*
**Хъ.** Нотæтæ дæр бамбæрстой, афтæмæй сын цыфæндыйæ дæр хорзæй кæй ницы рауайдзæни, уый, æмæ æрæнкъард сты. Сæ хæххытыл бадынц, сæ сæртæ æруагътой, сагъæс кæнынц…
*Хъомылгæнæг нотæты станмæ бацыди æмæ, цинхуыз цæсгæмттæ цы нотæтæн уыди, уыдон æнкъардхуызтæй баивта.*
**Хъ.** Ныхъхъуыды кодтой нотæтæ: «Уæдæ нæ архайд цæуылнæ рæстмæ кæны?» Цы хъуамæ бамбарой? Сывæллæттæ, феххуыс сын кæнут!
**С.** *(æнæ искæй æххуысæй сæхæдæг хатдзæг скæнынц).* Бафидауын сæ хъæуы. Хылгæнæн сын нæй, уый хъуамæ бамбарой! Æрмæстдæр иумæ у сæ бон мелодитæ хъуыды кæнын!

**Хъ.** Афтæ гъе. Музыкæйы тыххæй нын алцыдæр æмбæрстгонд у. Уæд нывгæнджыты тыххæй та? Цæмæй йæ алыварс дунейы рæсугъддзинад равдиса, уый тыххæй нывгæнæджы цы хъæуы?

**С.** Ахорæнтæ. Нотæты бæсты нывгæнæгмæ ис ахорæнтæ.

**Хъ.** Ахорæнты хуызтæ бирæ сты, фæлæ се 'хсæн ис сæйрагтæ. Уыцы хуызтæ æмбырдæй сты арвæрдыны. Æрбакæсут-ма сæм æмæ сæ ранымайут.

*Хъомылгæнæг æвдисы арвæрдыны ныв, сабитæ хуызтæ нымайынц.*

**С.** Сырх, бурбынсырх, бур, кæрдæгхуыз, æрвхуыз, копрадзхуыз, фиалкæхуыз.

**Хъ.** Уæдæ цал хуызæй архайынц нывгæнджытæ? Банымайæм сæ. Иу, дыууæ, æртæ…

**С.** Нывгæнджытæм дæр ис авд сæйраг хуызы!

**Хъ.** Кæсут, алцыдæр куыд æнгæс у: музыканттæм ис авд нотæйы, Нывгæнджытæм дæр ис авд хуызы. Æнцонæй йæ бахъуыды кæндзыстæм. Сывæллæттæ, ныр та бафæлварæм, нæ ахорæнтæ куы фæхыл уаиккой, уæд дзы цы рауаид, уый. Фæнды уæ?

*Хъомылгæнæг, ома ахорæнтæ кæрæдзиимæ хыл сты, зæгъгæ, алы сабимæ дæр дæтты иу ахорæн æмæ зæгъы, цæмæй исты хуымæтæг ныв скæной.*

**Хъ.** Кæй цы фæнды, уый снывкæнут. Зæгъæм, хæхты сæрмæ хур; бæлас, цъиу, хæдзар, исты сурæт. Цы уæ фæнды, уый. Фыццаг уал лыстæг хъисой райсæм æмæ фæлгонцы æндæрг скæнæм, стæй та йын йæхи дæр æмæ йæ фон дæр сахордзыстæм… Цы нын дзы рауади?

**С.** Сырх хæдзар, сырх хур, сырх арв… Копрадзхуыз арв, копрадзхуыз хур, копрадзхуыз хæхтæ…

*Хуызæй парахатæй пайда кæнынмæ чи нæ тырны, уыцы сабитæ сæхи цæстæй федтой, ахорæнты хуызтæн иунæджытæй сæ авналæнтæ тынг къуындæг кæй сты,*

*уый.*
**Хъ.** Алцыдæр ахуырст æрцыдис! Дæ ныв иунæг хуызæй куы ахорай, уæд фæлгонц фæцыдæр вæййы. Ныв сæмхуызон вæййы.
**С.** Æцæг, æцæг. Мæнæн мæ гæххæтты сыф æнæхъæнæй дæр копрадзхуыз адардта. Мæнæн та æрвхуыз фестади. Мæнæн та сырх. Мæнæн та морæ.
**Хъ.** Уæ сыфтæ ирд рауадысты, тынг рæсугъд. Уадз æмæ хус кæной. Уый фæстæ сыл исты сныв кæндзыстæм, хуызджын фонæн нын бабæздзысты. Сывæллæттæ, зæгъут-ма мын уæдæ, абон цы базыдтат?
*Сабиты дзуæппытæ.*

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, амæйразмæйы ахуыры рæстæг уын æз ракодтон аргъау. Цæуыл дзырдтам?
**С.** Нотæтæ æмæ ахорæнты тыххæй.
**Хъ.** Æмæ уæ зæрдыл цы бадардтат? Ногæй цы базыдтат?
**С.** Иу нотæ мелоди саразынæн фаг нæу, иу ахорæн, цыфæнды ирд æмæ рæсугъд куы уа, уæд дæр фаг нæу хуызджын рæсугъд ныв скæнынæн. Гæххæтты сыф æнæхъæнæй сахорыны йеддæмæ йæ бон ницы у.
**Хъ.** Ныв рæсугъд кæд рауайы?
**С.** Дæ ныв алыхуызон ахорæнтæй куы ахорай, уæд рæсугъд æмæ хуызджын рауайы, алцыдæр дзы бæрæг вæййы.
**Хъ.** Нывгæнджытæм цал хуызы ахорæнтæ ис, уый бахъуыды кодтат? Ранымайут-ма сæ. *(Æвдисы арвæрдыны ныв, цæмæй сабитæ уымæ гæсгæ ранымайой сæйраг хуызтæ.)*
**С.** Сырх. Бурбынсырх. Бур. Кæрдæгхуыз. Æрвхуыз. Копрадзхуыз. Фиалкæхуыз. Æдæппæтæй авд хуызы.
**Хъ.** Мыртæ куы сиу вæййынц, уæд сæ рæсугъд мелоди рауайы. Ахорæнтæ дæр афтæ. Лымæнæй куы фæцæрынц,

уæд кæрæдзи æххуысæй ног хуызтæ, ног фæлгъуызтæ раттынц. Сымах ныридæгæн зонут ахорæнтæ палитрæйыл кæрæдзиимæ хæццæ кæнын. Æрлæууын-ма йæ кæнут уæ зæрдыл!

**С.** Ды нын бацамыдтай, хуыз куыд фæирддæргæнæн ис, уый, æмæ ныв кодтам мит, миты гæлæбутæ.

**Хъ.** Радзурут-ма мын, куыд. Цæмæй зонон, кæй нæ уæ ферох ис, уый.

*(Кæс: кæстæр къорды 7 темæйы 13 ахуыр.)*

**С.** Урс ахорæнмæ æртахгай æфтауын хъæуы ирд ахорæн – афтæмæй рауайы райдзаст хуызтæ: æрвхуыз, уардихуыз, ирд бур æмæ ирд кæрдæгхуыз.

**Хъ.** Ноджы ма?

**С.** Ноджы ма зонæм хуры лымæн хуызтæ аразын. Уый тыххæй цыфæнды ахорæнмæ дæр бафтауын хъæуы хурæнгæс бур ахорæн. Афтæмæй иуулдæр худæндзаст, хъæлдзæг хуыз равдисынц, цыма сыл хур ракасти, раст уый хуызæн. *(Кæс: астæуккаг къорды 21 темæйы 29 ахуыр.)*

**Хъ.** Ахорæнтæ æрмæст хæларæй цæрын нæ зонынц, фæлæ ма бахъуаджы сахат кæрæдзийæн æххуыс дæр бакæнынц. Иу уæ карæн лæппу, фысты егъау дзуг кæм хызти, ахæм хæххон сæрвæт ныв кодта. Фыстæ бирæ уыдысты æмæ сын бирæ кæрдæг сныв кæнын хъуыди. Кæрдæг снывкæныныл та бирæ кæрдæгхуыз ахорæн хардз цыди. Лæппу ныв кæны, ныв кæны, æмæ йæ кæрдæгхуыз ахорæн фæци. Ныр цы кæна? Фыстæн сæ фылдæр æххормагæй зайдзысты! Уалынмæ æххуысмæ иннæ ахорæнтæ фæзындысты – йæм сæ кæрæдзи къухтыл æрхæцыдысты æмæ кæрдæгхуыз ахорæн фестадысты. Сымах зонут, кæрдæгхуыз ахорæн куыд кæнгæ у, уый?

*Кæд айразмæйы ахуырты сабитæ базыдтой уыцы сусæгдзинад, уæд æй раргом кæнæнт, кæд нæ, уæд та сын æй хъомылгæнæг ныр бацамонæд.*

**С.** Дыууæ ахорæны сæмхæццæ кæнын хъæуы – бур æмæ копрадзхуыз, æмæ сæ кæрдæгхуыз ахорæн рауайдзæни.
**Хъ.** Цæй æмæ бафæлварæм. Копрадзхуыз æмæ бур ахорæнтæй фæйнæ æртахы райсæм æмæ сæ иумæ сызмæнтæм.
*Сабитæ палитрæйыл зæрдиагæй æмхæццæ кæнынц копрадзхуыз æмæ бур ахорæнтæ. Кæд æмæ сæ ахорæнтæ хæрзхъæд, ирд, сыгъдæг сты, уæд сæм афтæмæй тæмæнтæкалгæ кæрдæгхуыз ахорæн рауайдзæни.*
**С.** Мæнæн мæ ахорæн кæрдæгхуыз фестади! Мæнæн дæр!
**Хъ.** Уæ цæрæнбон бирæ, хорз арæхсут! Хуызтæ ма тыбар-тыбур дæр фæкæнынц. Иу ахорæнæй куы аныв кæнæм, стæй нæ хъисой куы нæ ныхсæм, афтæмæй йæ æндæр ахорæны куы фæтъыссæм, афтæмæй дарддæр куы ныв кæнæм, уый фæстæ та иннæ ахорæнтыл дæр уыцы уагыл куы азилæм, уæд нæ ахорæнтæ æддæг-мидæг ауайдзысты æмæ тыбар-тыбур кæндзысты. Раст цыма нывы кæрæдзи къухтыл хæцынц, афтæ.
**С.** Ахорæнты тымбыл симд дзы рауайы!
**Хъ.** Афтæмæй мах фæлвæрдтам гæлæбутæ сныв кæнын.
*(Кæс: Кæстæр къорды 14 темæйы 27 ахуыр.)*
*Алы кусæн фæрæзтæй (фломастертæ, мелтæ, гуашь) архайгæйæ тыбартыбургæнаг ахуырст куыд уайы, уый хъомылгæнæг хицæн гæххæтты сыфыл æвдисы сабитæн, цæмæй сæ зæрдыл æрлæууа..*
**Хъ.** Ныр та сымах бафæлварут. Музыкæйы тыххæй нæм ныхас кæм рацыди, уым бацархайæм уыцы уагыл нæ уарзон мелоди сныв кæнын. Кæрæдзи чи ивы, уыцы ахорæнты руаджы равдисæм музыкæйы зæливд. Ахæм фæлтæрæн ма раздæр дæр кодтам. Хъуыды йæ кæнут?
*(Кæс: Астæуккаг къорды 14 темæйы 20 ахуыр.)*
**С.** Уый уыди ирон авдæны зарæг.
**Хъ.** Цавæр хуызтæ равзæрстам уæд авдæны зарæджы мелоди равдисынæн?

**С.** Райдзаст. Мынæг. Уæздан. Хæларзæрдæ.
**Хъ.** Сымах уæд тынг рæсугъд нывтæ скодтат! Ахорæнты руаджы та музыкæ равдисæм? Фæнды уæ? Уæдæ хъисойтæ æмæ ахорæнтæ æрцæттæ кæнут. Æз уын музыкæ æвæрын, сымах уæ цæстытæ бацъынд кæнут æмæ йæм афтæмæй байхъусут. Уæ цæстытыл ауайын кæнут исты рæсугъд нывтæ: дидинæгджын уыгæрдæн кæнæ фæз, бæрæгбоны салют, хæлхæлгæнгæ суадон, хурныгуылд, дыргъдоны бæлæсты сыбар-сыбур рог дымгæмæ æмæ а. д.
*Музыкæйы зæлтæ.*
**Хъ.** Ныв кæнынмæ бавнæлдтам. Музыкæйы зæлтæм лæмбынæг хъусут. Цы ахорæнтæ сæм æмбæлы, сымахмæ гæсгæ, уыдон æвзарут. Макæмæ кæсут, макæй фæзмут. Бацархайут æппæт ахорæнтæй дæр спайда кæнын, ахорæнты музыкæ куыд айзæла!
*Ацы хæслæвæрд ахсджиаг у, хуыз аивадон фæлгонцады ахсджиаг фæрæз кæй у, уыцы æмбарынад сабиты зонды ныффидар кæнынæн. Ацы хæслæвæрды хуыз нæу фæлгонцы æрдзон æууæл равдисыны мадзал – уымæн ис ассоциативон, удыхъæды эстетикон сагъæстæ æргомгæнæг нысаниуæг æмæ дзуры, чи дзы пайда кæны, уымæн йе 'нкъарæнтыл, уыцы æнкъарæнтæй равзæргæ фæлгонцты дунейыл.*
**Хъ.** Уынут, аивады алцы кæрæдзиуыл куыд баст у! Авд нотæйы фæрцы композитор æрхъуыды кæны алыхуызон диссаджы мелодитæ. Ахорæнты авд хуызы фæрцы нывгæнæг скæны цавæрфæнды ныв дæр, суанг ма цавæрфæнды вазыгджын музыкæ дæр равдисы.

**Иумæйаг темæ: «Мæ райгуырæн бæстыхай».**
**Темæ: «Ирон мæсыг». Цæстыл уайын кæнгæйæ, цæстуынгæ æрмæгæй пайда кæнгæйæ ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Сабиты сæ райгуырæн бæстæйы истори зонынмæ цымыдис кæнын. Ирон мæсгуыты нысаниуæгимæ сæ базонгæ кæнын.

– Сабиты фантази æмæ фæлгæнæны рæзтыл кусын, сæ хуызиртасынад (цветовое зрение) сын тыхджындæр кæнын.

– Сабиты Ирыстоны архитектурон цыртдзæвæнтимæ зонгæ кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
**1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттæ базонын.** Мæсыджы фæлгонцы сæйраг æууæл *(хъæддых, фидар, æдас)*, йæ амаддзаг *(трапециæнгæс: куыд уæлæмæ – нарæгдæр)* æмæ дурамады хуыз равдисын.
**2. Хуызиртасынад.** Æрдзон объекттæм гæсгæ æрдзон хуыз фиппайын – дурты фæлгъуызтæ æмæ сæ хъæд. Палитрæйыл алыхуызон ахорæнтæ иумæ змæнтын, фæныкхуыз ахорæн сæйрагыл ныммайгæйæ æмæ фылдæр уымæй пайда кæнгæйæ.
**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл иу кæнæ цалдæр мæсыджы сныв кæнын, хæхтæй фоны хуызы пайда кæнгæйæ.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.
**Хуызфыссынад:** хуызджын, фæлгонцтæ æмæ фон тынг ахоргæйæ.
**Хуызфыссынады уаг:** схематикон. Хæххон пейзаж ирон мæсыгимæ *(мæсгуытимæ)*.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Хуызистытæ: хæхтæ æд мæсгуытæ; хæххон

панорамæ; хъæууон царды нывтæ; ирон мæсыг.

Хохаг дуртæ: цалдæр – егъаугомаутæ æмæ, йæ фактурæ хорз кæмæн зыны, дзæвгар та ахæм хуызджын лыстæджытæ – фæныкхуызцъæхтæ, морæзгæхуызтæ, фæныкхуызсырхытæ æмæ а. д.

Ирон нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ æмæ æхсæз-авдаздзыд сабиты нывтæ – хæххон пейзажтæ мæсгуыты фæлгонцтимæ.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3; 12 хуызы гуашь; палитрæ; хъисойтæ *(рæстæмбис, гыццыл æмæ егъаугомау);* банкæ донимæ; къухтæсæрфæн.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сывæллæттæ, мах цæрæм Кавказы. Ам тынг рæсугъд бынæттæ æмæ диссаджы æрдз ис. Æрбакæсут-ма бæрзонд хæхтæ æмæ рæсугъд кæмттæм. *(Хæхтæ æмæ хæххон царды нывтæ æвдисы.)* Алы ком дæр йæхирдыгонау рæсугъд у. Кæмтты ис цæрдæг æмæ знæт цæугæдæттæ, рæсугъд цадтæ. Хæхты фæхстыл сæхи айтыгътой цардæфсæст хъæутæ, сойджын уыгæрдæнтæ. Фывосы дзугтæ кæрдæгыл хизынц. Цы уынут нывты?

**С.** Адæм хос кæрдынц, нартхор тонынц, хъом хизынц.

**Хъ.** Сывæллæттæ, исчи уæ хæхты уыди? Чи зоны, уæ ныййарджытимæ улæфыдыстут кæнæ уæ хæстæджытæм уазæгуаты уыдыстут? Радзурут, цы дзы федтат æмæ уæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцыди?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Æрбакæсут-ма, хæхты арæх фенæн ис мæнæ ахæм амаддзæгтæ. *(Ирон мæсгуыты хуызистытæ æвдисы.)* Уыдон хæдзæрттæ сты?

**С.** Нæ, уыдон ирон мæсгуытæ сты.

**Хъ.** Зонут, раджы заман хæхты уыцы мæсгуытæ цæмæн арæзтой, уый? Цæргæ дзы кодтой?

**С.** Мæ фыды фыд мын дзырдта, нæ фыдæлтæ дам сæ, цæмæй сæхи знæгтæй хъахъхъæной, уый тыххæй арæзтой.
**Хъ.** Тынг раст. Мæсгуытæ арæзтой афтæ, цæмæй сæм фæндаг æмæ ком зыной. Мæсыгæн уыди къаннæг рудзгуытæ æмæ уырдыгæй, сæ алыварс цы цæуы, уый уыдтой. Знагæй тæссаг у, зæгъгæ, уæд-иу мæсгуыты сæр арт скодтой. Уый нысан кодта, фыдбылыз æрбаввахс и, фидар фæлæууын хъæуы, зæгъгæ. Нæлгоймæгтæ-иу сæ бæхтыл абадтысты, сæ хæцæнгæрзтæ-иу райстой æмæ-иу знаджы ныхмæ атындзыдтой. Ирæттæ рагæй фæстæмæ дæр хъæбатыр хæстонтæ уыдысты.

Уæды заман телефонтæ нæ уыди, цæмæй зын сахат адæм кæрæдзийæн хабар фехъусын кæной. Нæ уыд машинæтæ æмæ хорз фæндæгтæ дæр, цæмæй сыхаг хъæумæ уадидæгæн бахæццæ уай. Уымæ гæсгæ мæсгуытæ адæмæн тынг æххуыс уыдысты – уыдоны фæрцы æнæ ацæугæ æмæ адзургæйæ дæр хабар æмбæрстгонд уыди. Мах абон ныв кæндзыстæм ирон мæсыг. Лæмбынæг æм æркæсæм, цымæ цæмæй арæзт у? Агуыридурæй? Хъæдæрмæгæй?
**С.** Нæ. Мæсыг арæзт у дурæй.
**Хъ.** Цæмæн афтæ хъуыды кæнут?
**С.** Уымæн æмæ хæхты алы ран дæр дуртæ бирæ ис. Уымæн кодтой хохæгтæ сæ цæрæн хæдзæрттæ дæр æмæ æндæр исты агъуыстытæ дæр дурæй.
**Хъ.** Цыфæнды дурæй дæр? Æркæсæм-ма лæмбынæг мæнæ ацы дуртæм. Амайынæн се ’ппæт бæззынц? Зæгъæм, мæнæ ацы тымбылтæн кæрæдзи уæлæ сæвæрæн ис?
*Хъомылгæнæг сабитæн алыхуызон дуртæ æвдисы – тъæпæнтæ, тымбылтæ, расткъуымонтæ, зылынмылынтæ. Уыдон сæм ракæс-бакæс кæнынц, къухæй сæ сгарынц, кæрæдзиуыл сæ авæрынц. Фæйнæхуызон формæ кæмæн ис, ахæм дуртæ куыд баиу кæнæн æмæ сæ къул куыд самайæн ис, ууыл сын ныхас бацайдагъ. Афтæмæй*

*сабитæн рæзы сæ сенсорон æнкъарынад – дур хъæбæр, фидар, уæззау кæй у, уый хатынц.*

**С.** Тымбыл туртæ кæрæдзиуыл нæ бадынц. Пуртитау æртулынц. Мæнæ ацы тъæпæн дуртæ та тынг хорз лæууынц.

**Хъ.** Мæсыгамайджытæ дæр расткъуымон дуртæ уымæн агуырдтой. Уыцы сæр куы хъуыди, уæд-иу сæ фадгæ дæр акодтой æмæ-иу сæ кæрæдзиуыл æнгом сбадын кодтой. Уыдон диссаджы дæсны амайджытæ уыдысты! Кæсут, сæ амаддзæгтæ уал æнусы фæстæ дæр куыд фидар лæууынц! Уыцы сæрбæрзондæй кæсынц арвмæ æмæ нын нæ зæрдыл лæууын кæнынц нæ кадджын фыдæлты тæссаг æмæ намысджын дугтæ. Ныртæккæ мах мæсыг нывкæнынмæ бавналдзыстæм. Цыма йæ ныв нæ, фæлæ аразгæ кæнæм, афтæ хъуыды кæныныл бацархайæм. Иу хатт-ма лæмбынæг бакæсут мæсгуыты хуызистытæм æмæ зæгъут, цавæртæ вæййынц.

**С.** Стыр. Бæрзонд. Куыд уæлæмæ нарæгдæр сты. Мæсгуытæн ис къаннæг рудзгуытæ-топпуадзæнтæ.

**Хъ.** Уæдæ райсæм тæнæг хъисой æмæ тар ахорæн. Кæнæм стыр ныв, сыф æнæхъæнæй чи бацахса, ахæм. Уымæн æмæ нæ мæсыджы хуылфы хъуамæ бирæ хæстонтæ бацæуа. Æвæргæ та йæ хохы цъуппыл скæндзыстæм – цæмæй сæм бæрзондæй алцыдæр хорз зына. Мæсыгамайæг хъуамæ бæстон куса, цæмæй йæ мæсыг фидар æмæ хъæддых рауайа, ма йын ракæла. Уымæ гæсгæ ныв кæнæм сабыргай – дур дурыл арæхстгай æвæрæм. Мæнæ мын цы диссаджы аразджытæ и! Сæйраг мæсыг чи фæци, уый хæхтæ сныв кæнæд, уыдоныл дæр – мæсгуытæ. Хур, цъæх арв æмæ уæ мигътæ дæр ма ферох уæнт. Иннæ хатт, нæ нывтæ куы бахус уой, уæд сæ кæронмæ фæуыдзыстæм – ирд ахорæнтæй сæ бынтон срæсугъд кæндзыстæм.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, айразмæйы ахуыры цы райдыдтам ныв кæнын?
**С.** Ирон мæсыг.
**Хъ.** Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, мæсгуыты тыххæй ногæй цы базыдтам, уый. Хæхты сæ цæмæн арæзтой?
*Хорз уаид, айразмæйы ахуыры активонæй йæхи чи нæ равдыста, уыцы сабитæ ныр фылдæр куы дзуриккой, уæд. Рацыд æрмæг куыд бамбæрстой, уый афтæмæй рабæрæг уаид.*
**С.** Бæрзонд хæхтыл сæ уымæн арæзтой, æмæ Ирыстоны зæхх знæгтæй бахъахъхъæнынæн æххуыс уыдысты. Тæссаг заман-иу мæсыджы сæр арт скодтой. Мæсыджы арт æмæ йæ фæздæг зындысты иннæ мæсгуытæм. Уыдоны хицæуттæ дæр-иу сæ мæсгуыты сæр арт скодтой. Афтæмæй-иу кæрæдзимæ ныффæдис кодтой.
**Хъ.** Тынг раст. Хорз æй уæ зæрдыл бадардтат. Мæ зæрдæ мын барухс кодтат. Уæдæ та нæ мæсгуытæ аразынмæ бавналæм. Абон сæ хъуамæ кæронмæ фæуæм. Ныртæккæ нæ сæйраг хæс у хъæугæ ахорæнтæ равзарын æмæ нывтæм уыдонæй базилын. Хæхтæ æмæ арвæн хицæн хуыз и. Хицæн хуызтæ ис, нæ мæсгуытæ цы дуртæй амад сты, уыдонæн дæр. Афтæ нæу? Нæ мæсгуытæ тынг аив рауадысты, фæлæ нын сæ дуртæ ныр ма митау урс сты. Уымæ гæсгæ зын бауырнæн у, нæ мæсгуыты къултæ фидар, дурæйконд сты, уый. Цы бакæнæм хъуамæ?
**С.** Дуртæ сахорын хъæуы.
**Хъ.** Раст зæгъут. Уæдæ равзарæм, дурты хуыз чи фæлхат кæны, ахæм ахорæнтæ. *(Сабитæн æвдисы лыстæг хуыздджын дуртæ.)* Мæнæ адон сты хæхтæй хаст дуртæ. Лыстæджытæ равзæрстам, уымæн æмæ, мæсгуытæ кæмæй амадтой, ахæм стыр дуртæ куыд æрхæсдзынæ! Тынг уæззау

сты. Лæмбынæг æркæсæм дуртæм. Дардæй сæм куы кæсай, уæд сæ хуыз цавæр у?
**С.** Фæныкхуыз сты.
**Хъ.** Ныр та сæм хæстæгдæр бацæут, уæ къухтæм сæ райсут æмæ сæм афтæмæй æркæсут. Æмхуызон сты?
**С.** Не сты. Мæнæ ацы дур бурфæныкхуыз у. Ай та та морæфæныкхуыз! Ай та бурбынсырхфæныкхуыз! Мæ дур æппæты рæсугъддæр у – уардихуыз, фæныкхуыз тугдадзинтимæ! Иууылдæр алыхуызæттæ сты!
**Хъ.** Афтæ у, мæ хуртæ! Нæ мæсгуытæ тар æмæ тасæфтауæг хъуамæ ма уой – исты сæ кæфхъуыйндар кæнæ залиаг калмæн нæ амайæм. Уымæ гæсгæ нæ цавæр ахорæнтæ равзарын хъæуы?
**С.** Йæ ирдæй цæстытæ чи нæ къахы, ахæмтæ: хиуылхæцгæ, фæлæ рæсугъд.
**Хъ.** Палитрæйыл лæмбынæг фæлварæм ахорæнтæ – хъуамæ нæ дурты хуызæн уой. Фыццаг уал аразæм фæныкхуыз ахорæн. Куыд?
**С.** Урс ахорæнмæ бафтауын хъæуы сау ахорæны иу æртах, æмæ фæныкхуыз фестдзæнис.
**Хъ.** Бафæлварут уæдæ. Æрмæст æй æгæр ма фæтар кæнут. Рауадис уын? Сабитæ, нæ мæсгуыты дуртæ иунæг фæныкхуыз ахорæнæй куы сахорæм, уæд хорз уыдзæни?
**С.** Фыдынд рауайдзысты уæд – тар, æнкъардхуыз.
**Хъ.** Уæдæ нын цы гæнгæ у? Фæныкхуыз ахорæн куыд срæсугъд кæнæм? Сымах æй зонут.
**С.** Фæныкхуыз ахорæнмæ ирд ахорæнтæй фæйнæ чысылы куы бафтауæм, уæд нæ лыстæг дуртау срæсугъд уыдзæни.
*Фæныкхуыз ахорæны быдурыл сабитæ сæ палитрæтыл ног ахорæнтæ аразынц. Сæ архайды хатдзæгæй уал ныр ма ахсджиагдæр у хæслæвæрды бамбæрст, стæй ахорæн аразыны процесс йæхæдæг.*
**С.** Мæ ахорæн уардибынфæныкхуыз рауади.

**Хъ.** Цы рæсугъд у! Куыд æй скодтай?
**С.** Фæныкхуыз ахорæнмæ иучысыл сырх бафтыдтон.
**Хъ.** Дæуæн та дæ фæныкхуыз ахорæны кæрдæгхуызцъæхы фæлгъуыз фæзынди. Мæнæ цы рæсугъд у! Раст уæртæ уыцы дуры хуызæн! Сывæллæттæн æй равдис æмæ сын радзур, куыдæй дын рауади, уый. Цавæр ахорæнтæ сæмхæццæ кодтай?
**С.** Фæныкхуыз ахорæнмæ фыццаг кæрдæгхуыз бафтыдтон, стæй та бур, хæрз гыццыл.
*Сабитæ зæрдиагæй змæнтынц ахорæнтæ, кæрæдзийæн амонынц, цин кæнынц, сæ хъæлдзæг ныхас хъуысы.*
**Хъ.** Йæ мæсыг чи фæци, уый та мæсыджы алыварс æрдзмæ рахизæд: хæхтæ, хур, мигъты, арвы тыгъдады ленкгæнæг цæргæс. Кæй фæнды, уый ивгъуыд заман равдисæд: мæсыджы сæрмæ: фæздæг, барджытæ тæргæ бæхыл. Кæй фæнды, уый та – нæ абоны цард: мæсыджы алыварс стуртæ хизынц, хосдзаутæ хос кæрдынц, чызг суадонæй дон исы. Цæмæй нæ райгуырæн бæстæйы рæсугъд æрдз равдисат, уый тыххæй хурæнгæс ахорæнтæй архайут, уыдоны фæрцы равдисут, Ирыстоны куыд уарзут, уый.

*7–8 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Мæ бæстæ».**
**Темæ: «Мæскуыйы Кремль». Фæлгонцады бындурыл, цæстуынгæ æрмæгæй пайдагæнгæйæ, ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Нæ бæстæйы сæйраг горæты зынгæдæр архитектурон цыртдзæвæнтæй иу – Кремль. Кремлы тыххæй радзурын.

– Сабитæ ног исты зонынмæ цымыдис куыд кæной, ууыл архайын. Сæ фæлгæнæн æмæ сын сæ фантазийы рæзтыл кусын.

– Сæ Райгуырæн бæстæ куыд уарзой, йæ истори æмæ культурæ зонынмæ куыд тырной æмæ дзы сæрыстыр куыд уой, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттæй пайда кæнын.** Вазыгджын архитектурон амаддзаджы (Мæскуыйы Кремль) цæстуынгæ æндæрг сфæлдисын. Амаддзаджы ас контрасты мадзалы фæрцы банысан кæнын: стыр (Кремль) æмæ гыццыл (адæймæгтæ).

**2. Хуызиртасынад.** Хуызы фæрцы равдисын архитектурон комплексы цæстахадгæ рæсугъддзинад æмæ йæ хæйтты иудзинад. Сæйраг хуызтæ – сырх æмæ йæ фæлгъуызтæ.

**3. Композици.** Кремлы къулы фрагмент æд мæсыг (мæсгуытæ) гæххæтты сыфыл сныв кæнын.

Кусæн фæрæзтæ: гуашь, фломастертæ.

**Хуызфыссынад:** хуызджын.

**Хуызфыссынады уаг:** схематикон, фæлæ уыимæ – архитектурон амаддзаг æмæ адæймæгты фæлгонцтæ æнцонзонæн куыд уой, афтæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Ирон мæсыджы ныв (абарыны тыххæй). Уæрæсейы рæсугъддæр бæстыхъæдон зонæты (цæгат, хуссар, Сыбыр, Кавказ æмæ æнд.) хуызистытæ (къамтæ); Мæскуыйы хуызистытæ (къамтæ): аргъуантæ, Мæскуыйы Кремль, Спасски башня, Сырх фæз (иумæйаг бакаст), Василий Блаженныйы аргъуан; хуызистытæ (нывтæ): зæрватыкк; бæлæттæ арвы хъæбысы фæтæхынц; Мæскуыйы сæрмæ салют. Нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ æмæ æхсæзавдаздзыд сабиты нывтæ Сырх фæзы темæйыл.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(гыццыл, рæстæмбис æмæ стыргомау)*, банкæ донимæ, къухтæсæрфæн, 12 хуызы фломастертæ.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, цы бæстæйы цæрæм, уый тыххæй аныхас кæнæм. Куыд хуыйны?

**С.** Уæрæсе.

**Хъ.** Уæрæсе тынг стыр паддзахад у. *(Бæстæйы алы рæтты хуыздæжын хуызистытæ æвдисы.)* Мæнæ уый – уазал цæгат. Уый у тайга. Хуссары ис хъарм Сау денджыз. Мæнæ уый та?

**С.** Хæхтæ! Кавказ! Мах кæм цæрæм, уый!

**Хъ.** Нæ республикæ, Цæгат Ирыстон-Алани, стыр Уæрæсейы иу хай. Цавæр горæттæ зонут? Йæ ныййарджытимæ уæ æндæр горæты исчи уыди?

*Сабиты дзуæппытæ. Разæнгард сæ кæнын хъæуы æххæст дзуæппытæ дæттынмæ.*

**Хъ.** Балцы ацæуыны кой нæм кæм æрцыди, уым нын ныр балцы цæуыны афон дæр у æмæ араст кæнæм. Кæдæм уæ фæнды?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Мæскуымæ ацæуиккам?

**С.** О, фæнды нæ Мæскуымæ!

**Хъ.** Хорз. Абон ахъаздзыстæм балцы цæуынтæй æмæ Мæскуымæ ацæудзыстæм. Куыд уæм кæсы, уыцы горæт цæмæн равзæрстам?

**С.** Уымæн æмæ уый нæ бæстæйы сæйраг горæт у.

**Хъ.** Ирыстоны сæйраг горæт та куыд хуыйны?

**С.** Дзæуджыхъæу, уый нæ райгуырæн горæт у.

**Хъ.** Æрвылбон нæ горæтæй Мæскуымæ араст вæййы поезд Дзæуджыхъæу – Мæскуы, атæхы хæдтæхæг. Цæуыл ацæудзыстæм?

*Сабитæ сæ фæндæттæ зæгъынц.*

**Хъ.** Æрхæццæ стæм Мæскуымæ. Æрбакæсут-ма, цытæ дзы федзыстæм! *(Мæскуыйы хуызистытæ æвдисы.)* Мæскуы

у дунейы рæсугъддæр горæттæй иу. Ам тынг бирæ ис аргъуантæ, алыхуызон цыртдзæвæнтæ, рæсугъд фæзтæ æмæ агъуыстытæ. Фæлæ, уый Мæскуы у, зæгъгæ, горæт кæмæ гæсгæ базонынц, йæ уыцы сæйраг амаддзаг у…

**С.** Кремль! Сырх фæз дæр тынг зындгонд бынат у.

*Кæд сабитæ арæхсынц, уæд Кремль æмæ Сырх фæзы тыххæй радзурæнт, кæннод та – хъомылгæнæг.*

**Хъ.** Мæскуыйы Кремль тынг раджы сырæзти. Йæ фæтæн къултæ, фидар сырх агуыридурæй амад, ивгъуыд заманты знагæй хъахъхъæдтой горæт. Къул-къул хæрдмæ фæцыдысты цыргъсæр мæсгуытæ-фидæрттæ топпуадзæн хуынчъытимæ. Ӕдæппæтæй Кремлы ис ссæдз мæсыджы! Сабитæ, мæсгуытæ ма знæгтæй хи бахъахъхъæнынæн æххуыс кæм уыдысты?

**С.** Ирыстоны хæхты. Нæ фыдæлтæ дæр мæсгуытæ амадтой. Мах сæ сныв кодтам.

*Сабитæ барынц мæсгуыты формæ, æрмæг, хуыз. Се 'ддаг бакаст æмæ сын сæ нысаны хицæндзинæдтæ æмæ æнгæсад иртасынц.*

**Хъ.** Кремлы мæсгуытæ алыхуызæттæ сты. Се 'хсæн ис сæйрагдæртæ – стыртæ, уыдон сты тымбыл æмæ бирæкъуымон. Ис дзы фæрссаг мæсгуытæ – расткъуымонтæ, уыдон асæй чысыл къаддæр сты. Уæ зæрдæмæ тынгдæр цы мæсыг фæцыдис, уый сныв кæнут. Уæ бон у, цалдæр мæсыджы ныв дæр скæнат. Уæ сыфыл цал бацæуа, уыйбæрц. Ӕрмæст уæ зæрдыл дарут: Сырх фæз стыр у, стыр у Кремль дæр. Уымæ гæсгæ уæ бахъæудзæни стыр гæххæтты сыф. Уæдæ ныв кæнын райдыдтам. Зæгъут, куыд?

**С.** Лыстæг хъисойæ уал, ныв кæнынмæ цы хъавыс, уыдон хъуамæ фæнысан кæнай.

**Хъ.** Цавæр ахорæнæй?

**С.** Уæлдай нæу. Тарбын – хуыздæр. Сау ахорæн дæр уæд,

уымæн æмæ тынг бæрæг дары.
**Хъ.** Арæхстгай ныв кæнут, тагъд кæнын нæ хъæуы. Кремль ныв кæнын зын у, фæлæ ныр стыртæ стут æмæ сарæхсдзыстут.
*Сабитæ, нывгæнгæйæ, хаттæй-хатт фестынц æмæ цæстуынгæ æрмæгмæ бауайынц, Кремлы хæйттæм ногæй бакæсынц. Хъомылгæнæг сæ разæнгард кæны лыстæг хъуыддæгтæ фиппайынмæ, фæлæ сын хуызистæй ком-коммæ раныв кæныны бар нæ дæтты. Алы саби дæр йæ ныв гæххæтты сыфыл йæхирдыгонау равæры, ахорæнтæй йæм йæхирдыгонау базилы. Цыбыр дзырдæй, алы саби дæр Мæскуыйы фæлгонц йæхирдыгонау фæлдисы.*

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, Мæскуымæ нæ балц нæма фæци. Айразмæ афтæ бæстон æмæ зæрдиагæй цы ныв кодтат?
**С.** Сырх фæз æмæ Кремль.
**Хъ.** Хорз уын рауадысты стъалыджын мæсгуытæ дæр, Кремлы къултæ дæр. Сымах зонут, къулты мæнæ уыцы саджил кæрæттæ «зæрватыччы къæдзилтæ» кæй хонынц, уый? Цæмæн, куыд уæм кæсы? Зæрватыкмæ бакæсиккам? *(Зæрватыччы хуызист æвдисы.)*
**С.** Зæрватыккæн йæ къæдзилы кæрон фæсаджил ис, къултæ дæр афтæ сты. Уыцы саджил кæрæттæ тызмæг къулты аивдзинад фæтынгдæр кæнынц.
**Хъ.** Кремлы сæйраг мæсыг, Спасски кæй хонынц, уымæ дæр ма лæмбынæг бакæсут. Ис Сырх фæзы бæстастæу. Йæ сæрыл та цы ис, уынут æй?
**С.** Стыр сахат.
**Хъ.** О, уый у Кремлы сахат, æппæты растдæр рæстæг чи æвдисы, нæ бæстæйы уыцы сæйраг сахат. Тынг рагон у. Тынг рæсугъд. Йæ ныв скæнын уæ нæ ферох и? Хорз уæдæ.

Ныр райсæм ахорæнтæ æмæ нæ нывтæ уыдонæй срæсугъд кæнæм. Сæйрагдæр цавæр ахорæн хъуамæ уа?

**С.** Сырх. Уымæн æмæ Мæскуыйы Кремлы къултæ сырх агуыридурæй амад сты.

**Хъ.** Кусæм. Сырх ахорæны алы фæлгъуызтæй архайæм. Уынут, Кремлы раз адæймæгтæ цы гыццылтæ зынынц! Кремль тынг стыр, тынг бæрзонд у! Сырх фæзы кæддæриддæр бирæ адæм вæййы. Мæскуыйæгтæ сæхæдæг дæр æмæ горæтмæ æрцæуæг уазджытæ дæр тынг уарзынц ам тезгъо кæнын. Мæскуыйы бирæ ис рæсугъд бынæттæ, дисы æфтауы йæ аргъуанты рæсугъддзинад. Кремлæн йæхи мидæг дæр цалдæр аргъуаны ис, стæй ма ноджы – дзæнгæрæгдон. Фæнды мæ, уыцы аргъуантæй иумæ уæ хъус куы æрдариккат, уымæн æмæ Сырх фæзы ис. Васили Блаженныйы аргъуаны кой кæнын. Йæ рæстæджы уый арæзт æрцыди уырыссаг æфсæдты хæстон уæлахизты кадæн. *(Æвдисы сабитæн аргъуаны хуызист.)* Æрбакæсутма, цал цъуппы йын ис!

**С.** Дыууæ иухуызоны дзы нæй. Алкæуыл дæр – йæхи сæрмагонд нывæфтыд! Æвæццæгæн, уымæн у аргъуан афтæ рæсугъд æмæ бæрæгбонхуыз.

**Хъ.** Уæ зæрдæмæ цæуы? Лæмбынæгдæр æм æрбакæсут æмæ йæ æнæмæнг уæ зæрдыл бадарут. Нæ нывты ахорæнтæ бахус сты. Ныр фæзы адæймаджы сурæттæ дæр скæнæн ис – хъуамæ ахæм рæсугъддзинадмæ исчи кæса, цин ыл кæна. Уыцы ран нæхи дæр сныв кæнут, цыма Мæскуымæ æрцыдыстæм æмæ…

**С.** Сырх фæзы тезгъо кæнæм, аргъуантæй, Кремлы мæсгуытæй нæ цæст нæ исæм.

**Хъ.** Асæй та цавæр сурæттæ хъуамæ сныв кæнæм фæзы?

**С.** Гыццылтæ, цæмæй, Кремлы мæсгуытæ куыд бæрзонд сты, уый бæрæг уа.

*Сурæттæ хæрз къаннæджытæ хъуамæ уой. Кæд ахорæн*

*хорз бахус и, уæд сæ фломастертæй дæр ис скæнæн. Уый нæ, уæд та архайын æмбæлы хæрз чысыл хъисойæ.*

**Хъ.** Мæскуыйы сæрмæ сабыр арвы – урс бæлæтты балтæ. Бæрæгбонты арв ныццæхæр калы салюты алыхуызон рухсытæй. Кæсут-ма! *(Æвдисы Мæскуыйы сæрмæ арвы нывтæ.)* Арв рæсугъд сныв кæнут! Уыйадыл нæ ныв фестæм, Мæскуыйæ дæр фæстæмæ нæхимæ æрбаздæхтыстæм. Сабитæ, нæ балц уæ зæрдæмæ фæцыди? *Сабиты дзуæппытæ.*

*9–10 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг».**

**Темæ: «Натюрморт. Фæззæджы лæвæрттæ». Натурæмæ гæсгæ ныв кæнын.**

**Нысан:**

– Фæззæджы, тыллæгæфснайæн афоны тыххæй дарддæр æрдзурын. Фæззæджы лæвæрттæ – æрдзы бузныджы дзуапп адæмы зæрдиаг фæллойæн.

– Сабиты фæлгонцадон хъуыдыкæнынад, сæ фиппайынад сын рæзын кæнын; барын æмæ æвзарын куыд базоной, уымæ тырнын. Сæ хуызæнкъарынад сын уæлдæр кæнын.

– Фæллойуарзаг куыд уой, афтæ сæ хъомыл кæнын. Цæмæй нысан къухы бафта, уый тыххæй фæллой кæнын ахсджиаг кæй у, уый бахахх кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады мадзæлттæ базонын.** Сныв кæнын, вазыгджын характерон формæ кæмæн ис, ахæм предмет (дурын), йæ конструкци йын равзаргæйæ, æмæ бирæ æндæр предметтæ (дыргътæ), сæ ас æмæ формæ – фæйнæхуызон.

**2. Хуызиртасынад.** Натюрморты фæлгонц фæтыхджын-

дæр кæныны тыххæй контрасты мадзалæй спайда кæнын, уæлдай цæстæнгас дыргъты ирд хуызтæм здахгæйæ. Нымæг æрттывд чи кæны, уыцы згъæр дурыны раз уыдон ноджы ирддæр зынынц.

**3. Композици.** Гæххæттыл бæлвырд бынæтты скæнын ахæм предметты нывтæ: егъау (дурын), рæстæмбис (нас, чыргъæд) æмæ къаннæг (дыргътæ, халсартæ). Фæлгонцтæ сыфыл цы ран хъуамæ лæууой, уый тыххæй сабитимæ лыстæг æрдзурын, сæ фæндæттæ сын базонын.

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.

**Хуызфыссынад:** хуызджын, предметтæ æмæ фон бæстон ахоргæйæ.

**Хуызфыссынады уаг:** натюрморты предметты схематикон ныв, сæ характерон формæ æмæ хуыз равдисгæйæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Ирон чызджы хуызист кавказаг дурынимæ. Кавказаг згъæр дурын. Исты дыргътæ æмæ халсартæ *(нас, кабачкитæ, пъамидортæ æмæ æнд. ах.)*. Чыргъæд. Нывгæнджыты уацмысты рæпродукцитæ æмæ æхсæзавдаздзыд сабиты нывтæ – натюрморттæ.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(гыццыл, рæстæмбис æмæ егъаудæр),* банкæ донимæ, къухтæсæрфæн.

**Рагагъоммæйы куыст.** Фæллойы, тыллæг æфснайыны, æрдзы нæртондзинады тыххæй æмбисæндтæ.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Фæззæг æрцыди. Сабитæ, зæгъут-ма мын, цæмæй бæрæг у?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, цы æрхæссы фæззæг адæмæн. «Нæртон фæззæг», «фæззæджы лæвæрттæ»

цæмæн фæзæгъæм? Кæцæй æрцæуынц уыцы лæвæрттæ?
**С.** Уалдзæджы дæргъы адæм фæкусынц дыргъдоны, цæхæрадоны, быдыры. Садзынц, рувынц, донхорыг кæнынц. Сæрддæргъы дæр сæ цæст фæдарынц æвзартæм, бæлæстæм. Фæзилынц сæм, цæмæй хорз тыллæг сисой.
**Хъ.** Фæззæджы та?
**С.** Фæззæджы та ралæууы тыллæг бафснайыны рад.
*Хъомылгæнæг бафæрсы сабиты, цавæр æмбисæндтæ зонынц фæллой æмæ нæртон æрдзы тыххæй, уымæй.*
**Хъ.** Фæззæджы фæстæ æрбалæудзæни зымæг. Уыдзæни уазал. Дыргъдæттæ æмæ быдыртæ сафтид уыдзысты, мит сæ æрæмбæрздзæни. Зæрдиагæй чи бафыдæбон кодта, уыдонæн та сæ фынгтыл уыдзæни бæркад. Цы тыллæг æрзади, уый зымæгваг у сæхицæн дæр æмæ сæ фосæн дæр. Фæззæджы цы сцæттæ вæййы быдырты?
**С.** Нартхор, æхсынæн æмæ а. д.
**Хъ.** Цæхæрадоны та?
**С.** Картоф, джитъыритæ, пъамидортæ æмæ а. д.
**Хъ.** Дыргъдоны та?
**С.** Дыргътæ æмæ гагадыргътæ: фæткъуытæ, кæрдотæ, къомситæ, мæнæргъы, мырткæ.
**Хъ.** Цас цыдæртæ зонут, банымайæн дæр сын нæй! Æркæсæм-ма, абон цæхæрадонæй кæй æрбахастам, фæззæджы уыцы бæркадмæ æмæ ныв кæнынмæ бавналæм. *(Сабитæн, йæ разы стъолыл цы халсартæ æмæ дыргътæ ис, уыдонмæ амоны.)* Ацы халсартæ æмæ дыргътæн сымах сæ нæмттæ хорз зонут. Уымæй уæ нал фæрсын. Фæлæ мын радзурут сæ конд æмæ сæ асы тыххæй. Зæгъæм, мæнæ уый у стыр æмæ дæргъæццон кабачок, мæнæ уый та – гыццыл æмæ тымбыл пъамидор.. Цæй-ма, чи райдайдзæни?
*Хъомылгæнæг сабитæм халсартæ æмæ дыргътæ радыгай æвдисы. Уыдон сын дзурынц сæ конд æмæ асы тыххæй, къаддæр-стырдæр иртасынц.*

**Хъ.** Мӕнӕ сӕ ацы стъолыл рӕсугъд равӕрдзыстӕм, рӕсугъд стъолӕмбӕрзӕн ыл айтаудзыстӕм, афтӕмӕй. Мӕнӕ ацы рӕсугъд дзаума цымӕ цы у? *(Кавказаг зъӕр дурын сын ӕвдисы.)*
**С.** Уый у кавказаг згъӕр дурын – гогон.
**Хъ.** Раздӕр ахӕм дурынты суадонӕй дон хастой. Мӕнӕ афтӕ. *(Ӕрыгон ирон чызджы хуызист ӕвдисы, йе уӕхскыл – дурын.)* Астӕуӕй йӕ сӕвӕрӕм. Уый нӕ сӕйраг предмет у, иннӕтӕй бирӕ егъаудӕр. Дурыны алыварс рӕсугъд равӕрӕм дыргътӕ ӕмӕ халсартӕ. Чыргъӕды та цы нывӕрдзыстӕм?
**С.** Пъамидортӕ, джитъритӕ, баклажантӕ, кабачкитӕ. Фӕрсӕрдыгӕй – стыр нас.
**Хъ.** Сабитӕ, бакӕсут-ма, цы рӕсугъд натюрморт рауади! Уыцы дзырд сымах иууылдӕр зонут. Алыхуызон предметтӕ бӕрӕг фӕткыл куы равӕрынц, уӕд уый вӕййы натюрморт. Ӕркӕсӕм-ма нывгӕнджыты натюрморттӕм. *(Ӕвдисы нывгӕнджыты уацмысты репродукцитӕ. Предметты равӕрд сабитимӕ ӕвзары.)* Рӕсугъд сты? Уӕ зӕрдӕмӕ дзы кӕцы тынгдӕр фӕцыди?
*Сабиты дзуӕппытӕ.*
**С.** Махӕн дӕр нӕ натюрморт тынг рӕсугъд у! Тагъддӕр ӕй ныв кӕнын райдайӕм!
**Хъ.** Райдайӕм! Цӕмӕй райдайдзыстӕм?
**С.** Дурынӕй. Уый ӕппӕты стырдӕр ӕмӕ сӕйрагдӕр у. Уыимӕ – рӕсугъд.
**Хъ.** Сыгъзӕрин къухтӕ кӕмӕн уыди, ӕвӕццӕгӕн ӕй ахӕм ӕрмдӕсны сарӕзта. Йӕ конд куыд цымыдисаг ӕмӕ вазыгджын у, уымӕ-ма бакӕсут! Цалдӕр хайӕ арӕзт у. *(Дурыны конд сабитимӕ ӕвзары, цӕмӕй сын йе сныв кӕнын ӕнцондӕр уа.)*
**С.** Цӕмӕй йын зӕххыл ӕрӕвӕрӕн уа, уый тыххӕй йӕ бын уӕрӕхгомау у, нӕ фӕхъил уыдзӕн. Йӕ даргъ нарӕг хъуыр

та куыд уæлæмæ уæрæхдæргæнгæ ацыди.
**Хъ.** Раст зæгъут. Йæ хæцæн æмæ йæ фындз та цыхуызæн сты?
**С.** Уæздан, лыстæг, къæлæсытæ.
**Хъ.** Сабитæ, ныр ацы дурын адæймаг у, зæгъгæ, уæд дзы, йæ бакастмæ гæсгæ, цы зæгъиккат?
**С.** Хиуылхæцгæ. Йæхицæн аргъ кæнын зоны. Конддҗын.
**Хъ.** Тынг хорз! Раст равзæрстат ахæм вазыгджын предметы формæ, йæ характер ын банкъардтат. Дызæрдыггаг нæу, уæ ныв хорз кæй рауайдзæни, уый. Дурыны фæстæ чыргъæд ныв кæнынмæ бавналут. Халсартæ æмæ дыргътæ амæй размæ дæр ныв кодтат. *(Кæс: Астæуккаг къорды 3 темæйы 3, 4 ахуыртæ.)*
Чыргъæд йедзагæй сныв кæнут, цæмæй фæззæджы бæркад зына! Иннæ хатт нæ натюрморт ахорæнты алы хуызтæй бынтон срæсугъд кæндзыстæм.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, абон хъуамæ нæ нывтæ кæронмæ ахæццæ кæнæм. Айразмæ цы ныв кодтам?
**С.** Натюрморт.
**Хъ.** Цавæр предметтæ дзы уыди?
**С.** Дыргътæ æмæ халсартæ.
**Хъ.** Адæм зæрдиагæй базылдысты сæ хуымтæ æмæ дыргъдæттæм æмæ хъæздыг тыллæг систой. Зымæджы сæхицæн дæр æмæ сæ фосæн дæр хæринаг уыдзæн. Нывгæнджытæн дæр сæ хъуыддаг хорз у – уыдон та уыцы дыргътæ æмæ халсартæ сæ нывты равдисдзысты. Мах дæр сæ ныв кæнæм. Куы сæм кастыстæм, уæд цы загътам?
**С.** Айразмæ мах нæ хъус æрдардтам дыргътæ æмæ халсарты конд æмæ асмæ.
**Хъ.** Абон та мах нæ натюрморттæм хуызджын ахорæнтæй

хъуамæ базилæм. Уымæ гæсгæ цæй тыххæй хъуамæ æрдзурæм мах ныртæккæ?
**С.** Ахорæнты хуызты тыххæй. Цыхуызæн ахорæнтæй нывкæндзыстæм, ууыл.
**Хъ.** Лæмбынæг æркæсæм уæдæ нæ натюрмортмæ. Иннæ предметты æхсæн дыргътæ æмæ халсартæ цæмæй бæрæг дарынц?
**С.** Сæ ирд, тæмæнкалгæ хуызæй.
**Хъ.** Раст зæгъут. Дыргътæ, халсартæ æмæ дидинджытæй хуызджындæр æрдзы, æвæццæгæн, ницы ис. Цавæр ахорæнтæ равзардзыстут уæ нывтæ схуызджын кæнынæн?
**С.** Æппæты ирддæр, æппæты хурджындæр, æппæты хъæлдзæгдæр ахорæнтæ. *(Нымайынц, цавæр ахорæнтæй кусдзысты, уыдоны хуызтæ æмæ фæлгъуызтæ.)*
**Хъ.** Ныр та нæ гогонмæ æркæсæм. Уый та цыхуызæн у?
**С.** Гогон у тарбын фæныкхуыз. Мынæг æрттывд чи кæны, ахæм æвзисты æнгæс.
**Хъ.** Йæ хуыз бамбарыны тыххæй йын, цæмæй конд у, уый зонын хъæуы. Нæ гогон цæмæй у, æлыгæй æви згъæрæй?
**С.** Згъæрæй.
**Хъ.** Зæгъут-ма, хæхты цæргæйæ æлыгæй нæ, фæлæ згъæрæй цæмæн арæзтой сæ мигæнæнтæ арæхдæр?
**С.** Уымæн æмæ згъæр мигæнæн куы ’рхауа æмæ дурыл куы сæмбæла, уæд дæр нæ асæтдзæни.
**Хъ.** Ацы згъæр гогон тынг рагон у, адæмæн бирæ рæстæг фæлæггад кодта. Уынут уæхæдæг, æрттивгæ дæр нал кæны – йæ фæрстæ кæм кæрдæгхуыз сты, кæм та морæ, ранæй-рæтты фæтæстытæ ис. Ауайын-ма кæнут уæ цæстытыл, цал æмæ йæм цал къухы бавнæлдтаиккой, цал æмæ цал адæймаджы фæхъæстæ кодтаид донæй! Ивгъуыд заманты гакк ыл ис, æмæ зæрдæйæн уæлдай зынаргъ уымæн у. Куы йæ ныв кæнат, уæд-иу ахъуыды кæнут йæ саразæджы дæсны къухтæ æмæ уарзаг зæрдæйыл, стæй, ацы мигæнæн

уал ӕмӕ уал азы дӕргъы кӕмӕн фӕлӕггад кодта, уыцы адӕмыл, ӕмӕ уын уӕд ӕнцон уыдзӕн уӕ гогонӕн хъӕугӕ ахорӕнтӕ равзарын! Дуканийы цы ног дурынтӕ ӕмӕ вазӕтӕ балхӕнӕм, уыдон иуыылдӕр уыцы иухуызон сты. Мах гогон та?

**С.** Тызмӕг каст кӕны, фӕлӕ тынг хӕларзӕрдӕ у.

**Хъ.** Нӕ дыргътӕ ӕмӕ халсартӕ дӕр хӕларзӕрдӕ сты. Ракӕсут-ма мӕнӕ ацы фӕткъуытӕм (пъамидортӕм, чылауитӕм), цыма худгӕ кӕнынц – сӕ ирд фӕрстӕ нӕм ӕрттивынц, фенут-ма, куыд адджын стӕм, зӕгъгӕ!

*Сабитӕ хӕринагӕй исты куы ныв кӕной, уӕд-иу сын дзы ацаходыны фадат раттын дӕр ӕвзӕр нӕ уаид – ад феныны тыххӕй: фӕткъуы кӕнӕ кӕрдойы хай, чылауи ӕмӕ а. д. Сабиты ӕнкъарынад афтӕмӕй тыхджындӕр кӕны, разӕнгарддӕр вӕййынц сфӕлдыстадон архайдмӕ. Уыимӕ – сӕ зӕрдӕты равзӕрдзӕн ӕхсызгон ӕнкъарӕнтӕ, сӕхи уӕгъдибарӕй банкъардзысты. Сфӕлдыстадон куысты та уый уӕлдай ахсджиаг у.*

**Хъ.** Нӕ нывтыл дарддӕр кусӕм. Сабитӕ, сымах уӕхӕдӕг дӕр тынг рӕсугъд натюрморттӕ сныв кодтат, стӕй нывгӕнджытты натюрморттӕ дӕр федтат. Цы бамбӕрстат?

**С.** Нывгӕнджытӕ сӕ нывтӕн исты нӕмттӕ раттынц. Алы натюрмортӕн дӕр йӕхи ном ис.

**Хъ.** Цӕй ӕмӕ мах дӕр нӕ нывтӕ искуыд схонӕм. Исты нӕмттӕ сын ӕрхъуыды кӕнӕм.

*Нӕмттӕ ӕмӕ сӕргӕндтӕ хъуыды кӕнын сфӕлдыстадон архайды ахсджиаг къабаз у. Афтӕмӕй сабитӕн рӕзы сӕ ассоциативон, вариативон ӕмӕ фӕлгонцадон хъуыдыкӕнынад. Нывты нӕмттӕ хъуамӕ уой цыбыр, ӕвдисой натюрморты фӕлгонц, йӕ характер ӕмӕ йӕ равг.*

**С.** Фӕззӕджы лӕвӕрттӕ. Нӕртон фӕззӕг. Фӕззӕджы бӕрӕгбон. Натюрморт гогон ӕмӕ насимӕ ӕмӕ а. д.

**Хъ.** Ацы нӕмттӕй уӕ зӕрдӕмӕ тынгдӕр кӕцы фӕцыдис?

*Сабиты дзуæппытæ.*

*11–12 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Фæззæг».**
**Темæ: «Фæззæг мæ горæты». Рагацау бафиппайды бындурыл ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Фæззæджы миниуджытæ, нæ горæт (хъæу) фæззыгон куыд аивы, фæззæг адæймагмæ цавæр æнкъарæнтæ æвзæрын кæны, уыдæтты тыххæй аныхас кæнын.

– Сæ цæст уынаг куыд уа æмæ фенд фæлгонцтæ зæрдыл хорз куыд дарой, сабиты уыцы æвзыгъддзинад рæзын кæнын. Сæ метафорон хъуыдыкæнынады рæзтыл сын кусын – хъуамæ æрдзы мидæг фæлгонцтæ уынынмæ арæхсой.

– Сæ райгуырæн горæт, сæ райгуырæн бынæттæ куыд уарзой, афтæ сæ хъомыл кæнын. Æрдзы поэтикон уаг æмæ ивгæ равг фиппайын сæ ахуыр кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Бæстæ æмæ хæдзæрттæ ныв кæныны арæхстдзинадыл дарддæр кусын. Хæдзæрттæ къордæй равдисыныл бацархайын – уынг, кæрт, донбылгæрон (набережная).

**2. Хуызиртасынад.** Æрдзон хуызтæм лæмбынæг æркæсын. Фæззыгон гаммæйы хъарм хуызтæ равзарын – сабитæ нырмæ цы хъарм хуызтæй пайда кодтой, уыдоны бæрц фæуæрæхдæр кæнын. Ахорæны хуызты руаджы фæззыгон горæты равг равдисын.

**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл скæнын фæззыгон горæты (горæты уарзондæр бынаты) пейзаж.

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.

**Хуызфыссынад:** хуызджын.

**Хуызфыссынады уаг:** цалдæр хæдзар (уынг) æмæ фæззыгон бæлæсты схематикон ныв.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Горæты хуызистытæ: Сабырдзинады проспект, парк, Терчы донбылгæрæн, горæты панорамæ (æд хæхтæ). Горæты хуызистытæ афæдзы алы афонты *(уалдзæг, сæрд, зымæг, фæззæг).* Фæззыгон æрдзы хуызджын нывтæ (хуызистытæ). Æхсæвыгон горæты нывтæ. Алымыггаг бæлæсты *(тæгæр, сусхъæд, каштан, бæрз, тулдз æмæ а. д.)* хуызджын рæсугъд сыфтæ. Нывгæнджыты уацмысты рæпродукцитæ æмæ æхсæз-авдаздзыд сабиты нывтæ – горæтаг æмæ фæззыгон пейзажтæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(гыццыл, рæстæмбис æмæ егъаудæр),* банкæ донимæ, къухтæсæрфæн.
**Рагагъоммæйы куыст.** Хорз уаид сабитимæ фæззыгон горæты атезгъо кæнын æмæ сын афтæмæй фæззыгон пейзажы хуызты гаммæйы хицæндзинæдтæм сæ хъус æрдарын.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, æрæджы мах иумæ «балцы» уыдыстæм нæ бæстæйы сæйраг горæты, Мæскуыйы. Уæ зæрдæмæ фæцыди балцы цæуын?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сабитæ, мах дæр нæхимæ, Дзæуджыхъæумæ *(рæвдауæндон цы ран и, уыцы горæт кæнæ хъæуы ном),* нæ хæлæртты æрхонын куы сфæнд кæниккам, уæд сын цы радзуриккам?
**С.** Нæ горæт тынг рæсугъд у. Уазæгуарзаг адæм дзы цæры.
**Хъ.** Цы ис рæсугъдæй нæ горæты? Уæ зæрдæмæ дзы тынгдæр цы цæуы?
**С.** Нæ горæты ис бирæ рæсугъд бæстыхæйттæ, проспекттæ,

фæзтæ. Ис дзы фæлладуадзæн парктæ, цъæх-цъæхид аллейтæ æмæ скввертæ.
**Хъ.** *(горæты, парчы нывтæ æвдисы).* Хорз. Ноджы ма уæ зæрдæмæ цы цæуы?
**С.** Нæ горæт хæхтæм хæстæг у, ардæм хорз зынынц. Уый йæ уæлдай рæсугъд кæны!
*Хъомылгæнæг æвдисы, хæхтæ дæр кæм зынынц, горæты ахæм нывтæ.*
**Хъ.** Дзæуджыхъæу æрбынат кодта Кавказы хæхтæм хæрз хæстæг. Алы горæты нæй фенæн ахæм рæсугъддзинад! Уымæй хицæн кæны Дзæуджыхъæу иннæ горæттæй. Уымæн тырнынц йæ фенынмæ туристтæ, уазæгцух уымæн никуы вæййы. Ноджы ма цы ис зæгъæн нæ горæты тыххæй?
**С.** Дзæуджыхъæуы астæуты кæлы Терк. Уымæн йæ донгуырæн ис бæрзонд хæхты.
*Хъомылгæнæг æвдисы Терчы донбылгæроны хуызистытæ.*
**Хъ.** Æцæгдæр афтæ у. Дзæуджыхъæу йæхи айтыгъта Терчы дыууæ былгæрон. Терчы сæрты ис рæсугъд хидтæ. Сабитæ, цæй æмæ абон скæнæм нæхи Дзæуджыхъæуы ныв. Искæй уæ уазæгуаты æрхонын куы бафæнда, уæд уал ын раздæр уæ нывтæ равдисдзыстут. Куы феной, нæ горæт куыд рæсугъд у, уый, уæд æнæмæнг æрцæудзысты. Мах нæ горæт тынг уарзæм, Уый кæдфæнды дæр рæсугъд у. Боныгон, хуры тынтæм тæмæнтæ куы фæкалы, уæд, æмæ изæрыгон дæр… Цæмæй рæсугъд вæййы изæрыгон та? *(Æхсæвыгон горæты нывтæ æвдисы.)*
**С.** Изæрыгон горæт ныррухс вæййы алыхуызон цырæгътæй!
**Хъ.** Рæсугъд у Дзæуджыхъæу афæдзы цыфæнды афон дæр! Ныр цавæр афон у?
**С.** Фæззæг.
**Хъ.** Куыд аивта горæт фæззæджы? Фендæрхуызон и? Хæрз æрæджы дæр ма цъæхæй æрттывта. Ныр та?
**С.** Ноджы фæрæсугъддæр, фæирддæр и. Бæлæстæ сæрды

цъæх вæййынц, ныр та алыхуызон ахорæнтæй цæхæртæ скалдтой.
**Хъ.** Чи уыди, цымæ, уыцы нывгæнæг, бæлæстæ алыхуызон ахорæнтæй чи сфæлыста?
**С.** Фæззæг.
**Хъ.** Уæдæ фæззæг нывгæнæг у, нæ?! Сабитæ, æмæ фæззæджы фæстæ та цавæр афæдзы афон ралæудзæн?
**С.** Зымæг.
**Хъ.** Æмæ цы уыдзæни зымæджы? Иу райсом рудзынгæй куы акæсæм, уæд цы фендзыстæм? *(Горæты зымæгон хуызистытæ æвдисы.)*
**С.** Зымæг куы ралæууа, уæд мит ныууардзæн, æмæ горæт урс адардзæни. Цæмæй ма басийой, уый тыххæй бæлæстæ æмæ къутæртæ сæхи миты батухдзысты.
**Хъ.** Цыбыр дзырдæй, зымæг аивдзæни горæты бакаст – йæхирдыгон, зымæгон пейзаж сныв кæндзæни. Уалдзæджы та? *(Дидинфæлыст уалдзыгон горæты хуызистытæ æвдисы.)*
**С.** Горæт, цы уыди, уалдзæджы дæр уымæй баззайдзæн: хæдзæрттæ, уынгтæ, парктæ, кæртытæ. Фæлæ бæлæстæ дидинфæлыст фестдзысты, уалдзыгон дидинджытæ ракалдзысты, ног кæрдæгæй уынгтæ сæрттивдзысты. Уалдзыгон хур стулдзæни арвы астæумæ æмæ нын нæ горæтмæ йæ зынг цæстæй ныккæсдзæни.
**Хъ.** Æрдз йæ хуыз аивдзæн, æмæ нæ горæты бакаст дæр фендæрхуызон уыдзæн. Бæлвырд, уалдзæг дæр дæсны нывгæнæг у! Афæдзы афонтæ цыппарæй дæр сты диссаджы нывгæнджытæ! Цыма кæрæдзиимæ ерыс кæнынц, афтæ дзы алчи дæр срæсугъд кæны нæ горæт, рæсугъд ахорæнтæй йæ сфæлынды. Æркæсæм-ма… *(Ноджыдæр сын æвдисы горæты хуызджын хуызистытæ афæдзы алы афонты. Се 'ргом сын ахорæнты хуызтæм здахы.)*
**С.** Миты фæлгъуызтæ зымæгмæ бирæ и – урс, тæмæнкалгæ,

ærttivag. Ærvxuyz, ærvxuyzbyn kærdægxuyz – arvæn æmæ ixæn. Fælurs bur – zymægon xuræn, tar axoræntæ – bægъnæg bælæstæn.
**Хъ.** Уалдзæг та цавæр ахорæнтæ уарзы?
**С.** Уæздан, райдзаст: уардихуыз, сиренхуыз, æрвхуыз, бур – уалдзыгон дидинджытæн. Ирд копрадзхуыз – уалдзыгон арвæн. Зæринхуыз – тæмæнкалгæ уалдзыгон хурæн. Уæздан кæрдæгхуыз – ног сыфтæрæн, ногдзыд кæрдæгæн.
**Хъ.** Уæд сæрд та?
**С.** Сæрды та бæстæ цъæх вæййы. Уыимæ – алы дыргъ æмæ дидинæджы ирд хуызтæ. Сæрды æппæт ахорæнтæ дæр арвæрдыны сæмбырд сты.
**Хъ.** Ныр фæззæг у. Ныв кæндзыстæм фæззыгон горæт? Фæззæджы уарзондæр ахорæнтæ цыхуызæн сты? Фæззыгон æрдз ма амæйразмæ дæр ныв кодтам.
*(Кæс: Астæуккаг къорды 3 темæйы 5 ахуыр.)*
**Хъ.** Фæззæг куыд хонынц? *(Фæззыгон æрдзы хуызджын нывтæ æвдисы.)*
**С.** Сыгъзæрин фæззæг. Бæлæсты сыфтæр фæбур и, хурмæ сыгъзæринаау æрттивы.
**Хъ.** Уæдæ фæззæджы сæйраг ахорæнтæ сты…
**С.** Бур, зæринхуызтæ. Стæй ма ноджы – бурбын сырх, уардихуыз, сырх, зынгхуыз, морæ.
**Хъ.** Хорз! Фæззыгон горæт ныв кæнын цæмæй райдайæм?
**С.** Хæдзæрттæй.
**Хъ.** Сабитæ, æмæ горæты цал хæдзары вæййы?
**С.** Бирæ, тынг бирæ. Æмæ – бирæ-бирæ уынгтæ.
**Хъ.** Алчи уæ, горæты бынæттæй фылдæр кæцы уарзы, уый сныв кæнæд: йæ хæдзар, йæ уынг, Терчы сæрты хидтæ, донбылгæрон. Хæдзæрттæ рæсугъд ныв кæнут. Сарæхсдзыстут. Ахæм фæлтæрддзинад айразмæ райстат.
*(Кæс: Кæстæр къорды 10 темæйы 20 ахуыр.)*
Дардæй хæхтæ кæй зыныц, уый дæр равдисут уæ нывты.

Стæй горæты уынгты цы бирæ алыхуызон бæлæстæ ис, уыдон дæр уæ ма ферох уæд. Се 'ппæт дæр – сыгъзæринфæлыст. Бæлас куыд ныв кæнын хъæуы, уый уæ нæ ферох ис?
*(Кæс: Кæстæр къорды 3 темæйы 6 ахуыр.)*
**С.** Сныв кæнын хъæуы бæласæн йæ зæнг, стыр къалиутæ, гыццыл къалиутæ, сæ уæлæ – алыхуызон фæззыгон сыфтæ.
**Хъ.** Дымгæ сыл куы бадымы, уæд æрхауынц, чысыл наутау култы ленк кæнынц. Куы акæсай, уæд сæ алы ран дæр фендзынæ – къахвæндæгтыл, кæрдæджы. Уыдоны дæр уæ нывмæ бахæссут.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, фæззыгон темæ дарддæр ахæццæ кæнæм. Айразмæ цы ныв кодтам?
**С.** Фæззыгон горæт.
**Хъ.** Фæззæджы миниуджытæ адæм хорз зонынц. Хъæуы цæрджытæ, зæгъæм, уайтагъд бафиппайынц, тыллæг кæй сцæттæ ис, æмæ афон у йæ…
**С.** Бафснайынæн. Зымæгмæ хи цæттæ кæнын хъæуы.
**Хъ.** Нæ горæты уынгтæ нын сыгъдæгæй чи дары, уыцы мæрзæгæн йæ куыст фæфылдæр вæййы. Цæмæн?
**С.** Уымæн æмæ фæззæджы бæлæстæн сæ сыфтæр згъæлы.
**Хъ.** Ныййарæгæн та фæззæджы сæйраг миниуæг, боныхъæд кæй фæуазалдæр ис, уый у. Уымæн æмæ йæ сабитыл тыхсы – сæрды дæргъы тынг сырæзыдысты, æмæ сын сæ хъарм дарæсæй ницыуал сбæздзæни. Тагъддæр сæ ногтæй раивын хъæуы!
Сабитæ, нывгæнгæйæ махæн нæ зæрдыл арæх æрлæууынц музыканттæ. Зæгъут-ма, музыкант та цы бафиппайдзæн фæззæджы? Йæ хъус уæлдай тынгдæр цæмæ æрдардзæни, цæмæй йæ уый фæстæ йæ уацмысы равдиса?
**С.** Музыкант бафиппайы алыхуызон зæлтæ. Хус сыфтæрты

сыбар-сыбур, къæвдайы уынæр æмæ а. д.
**Хъ.** Фæззыгон дымгæйы ниуын.
**С.** Цъиуты æнкъард зарын.
**Хъ.** О, зымæджы улæфт цыма банкъарынц, афтæ фенкъард вæййынц. Сабитæ, нывгæнæг та цы бафиппайы фæззыгон? Уымæн та сæйраг цы у?
**С.** Нывгæнæг бафиппайы, фæззæг цы ног ахорæнтæ æрбахæссы, уыдон, фæззыгон æрдзы рæсугъддзинад.
**Хъ.** Сабитæ, тезгъогæнгæйæ цы сыфтæ æрæмбырд кодтам, уыдонмæ ма иу хатт лæмбынæг æркæсут. Цы зæгъдзыстут?
**С.** Се 'ппæт дæр алыхуызæттæ сты. Хуызæй дæр æмæ кондæй дæр.
**Хъ.** Алы бæласы сыфæн дæр хицæн конд ис. Уымæй бæрæг у, чи дзы цы бæласæй æрхаудис, уый. Йæ сыфтæры хуыз дæр бæлæстæй алчи фæззыгон йæхирдыгонау ивы. Уымæн вæййы фæззыгон хъæд ахæм хъулон-мулон! Мæнæ, зæгъæм, ацы бæрзы сыфтæ цыхуызæн сты?
**С.** Бур. Гыццыл æртæкъуымæгты æнгæс.
**Хъ.** Тæгæр бæласы сыфтæ та?
**С.** Пæлæхсар гуккы хуызæн. Бурсырх стъалыты хуызæн.
**Хъ.** Мæнæ адон сты тулдзы игæрхуыз сыфтæ. Адон та – сусхъæды.
**С.** Сусхъæды сыфтæ бур зæрдæты хуызæн сты.
**Хъ.** Æппæты стырдæр æмæ рæсугъддæр сыфтæ та ис каштанæн.
**С.** Æцæг, æцæг. Буртæ, кæрдæгхуыз рæсугъд хæххытимæ. Сæ конд та дымгæгæнæны (веер) хуызæн у.
**Хъ.** Сабитæ, ныр нæ нывтæм ахорæнтæй базилæм. Нæ фæлгонцтæй алкæцы дæр – хæдзæрттæ, бæлæстæ, хæхтæ, арв – домы йæхи сæрмагонд ахорæн.
*Сабитæ æнæ сæ хъомылгæнæджы æххуысæй архайынц. Пайда кæнынц палитрæйæ, агурынц хъарм фæззыгон гаммæйы хъæугæ хуызтæ æмæ фæлгъуызтæ. Алы*

*сывæллон дæр хуызы руаджы архайы фæззыгон æрдзы рæсугъддзинад йæхирдыгонау равдисын.*

*13–14 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Зайæгойты дуне».**

**Темæ: «Æнахуыр хъæд». Фиппайд æмæ ног зонындзинæдты бындурыл ныв кæнын.**

**Нысан:**

– Хъæды зайæгойты æппæт хуызтимæ сабиты базонгæ кæнын.

– Сабитæ лæмбынæг куыд кæсой æмæ фенд фæлгонцтæ æмæ нывтæ сæ зæрдыл куыд дарой, афтæ сæ хъомыл кæнын, сабиты фантази æмæ фæлгæнæны рæзтыл кусын.

– Цардæгас æрдз зонын æмæ хъахъхъæнынмæ тырнындзинад фидар кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Сабитæн амонын алыхуызон бæлæстæ, къутæртæ, зайæгхæлттæ æмæ æнд. ах. ныв кæнын. Сæ конд æмæ асы алы хуызтæ, сæ æрдзон пластикæ сын æвдисын.

**2. Хуызиртасынад.** Сæйрагыл æй нымайгæйæ, кæрдæгхуыз ахорæны алыхуызон фæлгъуызтæй пайда кæнын æмæ афтæмæй пейзажы рæсугъддзинад равдисын.

**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл хъæд – дзæвгар хихджын æмæ сыфтæрджын бæлæстæ сныв кæнын. Хъæды реалон кæнæ æрымысгæ фæлгонц фæтыхджындæр кæныны тыххæй композицимæ мæргътæ, цæрæгойтæ æмæ аргъауы персонажты сурæттæ бафтауын.

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.

**Хуызфыссынад:** хуызджын.

**Хуызфыссынады уаг:** бæлæстæ, къутæртæ æмæ æнд. ах.,

стæй хъæды цæрæгойты схематикон ныв.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Хъæд, хъæдæй æхгæд хæхтæ, сыфтæрджын æмæ хихджын бæлæсты хуызистытæ. Алыхуызон хъæддаг гагадыргътæ (дзедыр, мыртгæ, мæнæргъы æмæ æнд.) æмæ зокъоты хуызистытæ (муляжтæй дæр ис пайда кæнæн). Назы къалиу, мыртгæ кæнæ цъуйы къалиу, алымыггаг бæлæсты сыфтæртæ. Къаннæг къалати гуыркъотæ, æхсæртæ æмæ æндæр ахæмтимæ. Хъæды уынæр æмæ цъиуты зарды фонограммæ. Сабитæн уагъд нывджын чингуытæ. Нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ æмæ æхсæз-авдаздзыд сабиты нывтæ хъæды фæлгонцимæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(гыццыл æмæ рæстæмбис),* банкæ донимæ, къухтæсæрфæн.
**Рагагъоммæйы куыст.** Æрдз алыхуызон зайæгойтæй куыд хъæздыг у, уымæ цæст æрдарын. Тезгъогæнгæйæ, ас æмæ кондæй алыхуызон каштантæ æмæ гуыркъотæ, алымыггаг бæдæсты *(сусхъæд, тæгæр, фæрв æмæ а. д.)* мыггæгтæ æрæмбырд кæнын.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, фæстаг рæстæг мах иумæ бирæ аргъæуттæ бакастыстæм. Уæ зæрдæмæ дзы тынгдæр кæцытæ фæцыдысты? *(Æвдисы, рагацау кæй æрцæттæ кодта, ахæм аргъæутты чингуытæ – рæсугъд хуызджын нывтимæ. Се 'ппæты дæр архайд цæуы хъæды.)*
**С.** *(аргъæутты сæргæндтæ дзурынц).* «Машæ æмæ арс». «Сырх Гуцца». «Бирæгъ æмæ авд сæныччы». «Æртæ арсы». «Æртæ хъыбылы» æмæ а. д.
**Хъ.** Сабитæ, зæгъут-ма, Сырх Гуццайы аргъауæн йæ архайд кæм цæуы?

**С.** Хъæды.

**Хъ.** Æртæ арсы аргъауæн та?

**С.** Уый дæр хъæды.

**Хъ.** Йæ архайд хъæды кæмæн цæуы, æндæр ахæм аргъæуттæ ма зонут?

*Сабитæ нымайынц зонгæ аргъæуттæ.*

**Хъ.** Уынут, хъæд æмæ йæ цæрджыты тыххæй цас аргъæуттæ ис! Адæймаг хъæдæй дардгомау цæры, фæлæ дзы уæддæр арæх вæййы. Цæмæн цæуынц адæм хъæдмæ?

**С.** Зокъотæм. Гагадыргътæ æмæ æхсæртæм. Хосгæнæн кæрдæджытæм. Сугтæм.

**Хъ.** *(тар хъæды хуызистытæ æвдисы. Зæлы фонограммæ «Хъæды уынæртæ»).* Хъæд тынг стыр у. Фæндæгтæ дзы нæй, æрмæст – къахвæндæгтæ. Æнцонæй дзы фæдзæгъæл уыдзынæ. Бæлæстæ афтæ бæрзонд сты, кæрæдзимæ афтæ хæстæг лæууынц, æмæ сæ сыфтæры æхсæнты хуры тын дæр зæхмæ зынтæй æрирвæзы. Хъæдæн ис йæхирдыгон цард, йæхирдыгон уаг – хъæддаг. Цавæр цæрæгойтæ æмæ дзы мæргътæ цæры?

**С.** Уым цæры хъæддаг сырдтæ æмæ хъæдддаг мæргътæ.

**Хъ.** Цъиуты зардмæ байхъусæм. *(Хъусынц фонограммæйыл фыст цъиуты зардмæ.)* Хъæды бирæ сусæгдзинæдтæ ис. Рагæй фæстæмæ адæммæ афтæ кæсы, цыма кæмдæр йæ тарфы цыдæр æнахуыр, цыдæр диссаджы цаутæ æрцæуы. Цыма хъæды канд сырдтæ æмæ мæргътæ нæ, фæлæ æндæр цыдæр дисæфтауæг цæрæгойтæ дæр æмбæлы. Чи сты, цымæ?

**С.** Хæйрæджытæ, хъæды зинтæ, хъæды чызджытæ.

**Хъ.** Цадтæ æмæ цъыфдзæстыты та?

**С.** Донбеттыртæ, доны чызджытæ, хæйрæджытæ.

**Хъ.** Цы у хъæд?

**С.** Уый у æрнæг æрдз. Бирæ алыхуызон бæлæстæ сæхигъæдæй кæм зайынц, ахæм бынат.

**Хъ.** Цавæр бæлæстæ?
**С.** Наз. Нæзы. Бæрз. Тулдз. Гæды бæлас.
**Хъ.** Айразмæ урочы сын сæ сыфтæм кастыстæм, кæрæдзийæ сæ иртасын ахуыр кодтам, сæ конды хицæндзинæдтæ сын базыдтам.
*(Кæс: Хистæр къорды 5 темæйы 12 ахуыр.)*
**Хъ.** Сабитæ, сыфтæ кæуыл ис, уыцы бæлæстæ куыд хуыйнынц?
**С.** Сыфтæрджын бæлæстæ.
**Хъ.** Сыфтæрджын бæлæстæ кæм зайы, ахæм хъæд та?
**С.** Сыфтæрджын хъæд.
**Хъ.** Сыфтæры бæсты хихтæ кæуыл ис, уыцы бæлæстæ та куыд хуыйнынц?
**С.** Хихджын бæлæстæ.
**Хъ.** *(æвдисы хихджын бæлæсты хуызистытæ æмæ назы чысыл къалиу.)* Хъæд та?
**С.** Хихджын хъæд.
**Хъ.** Вæййы афтæ, æмæ хъæды дыууæ хуызы бæлæстæ дæр зайой. Зæгъут-ма, бæлæстæ йеддæмæ хъæды ницы зайы?
**С.** Зайы! Къутæртæ æмæ алыхуызон кæрдæджытæ. Зокъотæ. Гагадыргъытæ. Дидинджытæ.
**Хъ.** Тынг раст! Мæ зæрдæ уæ тынг барухс и – бирæ зонут! Зæххыл цыдæриддæр зайы, уый хуыйны…
**С.** Зайæгойты дуне.
**Хъ.** Абон æй мах ныв кæндзыстæм. Цæмæй райдайдзыстæм?
**С.** Бæлæстæй. Зайæгойты æхсæн уыдон æппæты стырдæртæ сты.
**Хъ.** Сæйраг ахорæнтæ та нын цавæртæ уыдзысты?
**С.** Кæрдæгхуыз æмæ морæ ахорæнты алы фæлгъуызтæ.
*Æцæгдзинадæй, сабиты бон у цавæрфæнды хуыз райсын дæр. Уый, цавæр фæлгонц ныв кæной, хъæд сæ цыхуызæнæй равдисын фæнды, уымæй аразгæ у: дисæфтауæг, цымыдисаг, тæссаг, кæлæнгонд, хæларзæрдæ, рæдау.*

**Хъ.** Бæлæстæ ма амæй размæ дæр ныв кодтам.
*(Кæс: Астæуккаг къорды 3 темæйы 5 ахуыр.)*
**Хъ.** Нæзытæ дæр ныв кодтам, хъуыды йæ кæнут?
**С.** О. Ног азы.
*(Кæс: Кæстæр къорды 7 темæйы 14 ахуыр.)*
**Хъ.** Сабитæ, ам нæхимæ, Ирыстоны, хъæдтæ ис?
**С.** Ис! Мах хæхтæм улæфынмæ ацыдыстæм. Уым хъæды зокъотæ æмбырд кодтам.
**Хъ.** *(æвдисы хъæдæй æмбæрзт хæхты фæхсты хуыздджын хуызистытæ).* Хъæд Ирыстоны арæх æмбæлы хохрæбынты, ныллæгдæр хæхты фæхстыл. Кæй зæгъын æй хъæуы, айнæгыл кæнæ цъитийыл бæлас не ’рзайдзæни. Уæ нывы хæхтæ куы уа, хæхты фæхстыл та – хъæд, уæд, Кавказы æрдз кæй равдыстат, уый дызæрдыггаг нæ уыдзæни.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæй размæ нæ ныхас уыди зайæгойтыл æмæ ныв кодтам хъæд. Цæмæн?
**С.** Уымæн æмæ хъæды бирæ алыхуызон зайæгойтæ ис.
**Хъ.** Цавæртæ сты?
**С.** Бæлæстæ. Къутæртæ. Кæрдæджытæ. Дидинджытæ. Зокъотæ.
**Хъ.** Уыдон иууылдæр дыргъдæтты, цæхæрадæтты, паркты дæр зайынц. Адæм сæ ныссадзынц. Хъæды дæр сæ исчи ныссадзы?
**С.** Уым сæхæдæг сзайынц. Хъæд йæхигъæдæй зайы.
*(Кæс: Кæстæр къорды 3 темæйы 6 ахуыр.)*
**Хъ.** Фæззæджы алы зайæгойæн дæр йæ дыргътæ сцæттæ вæййынц. Дыргъты хуылфы та ис мыггæгтæ. Хихджын бæлæстæн, зæгъæм, сты мæнæ ахæмтæ. Уынут? *(Æвдисы хихджын бæлæсты гуыркъотæ.)* Сæ мыггæгтæ æмбæхст сты сæ къуызырты æхсæнты. Мæнæ уын уыдон та тул-

дзы гуыркъотæ, æхсæртæ æмæ каштантæ. Тæгæр æмæ фæрв бæлæстæн сæ мыггæгтæ лыстæгдæр сты.

**С.** Гагадыргъты мидæг дæр вæййы мыггæгтæ…

**Хъ.** Вæййы, вæййы. Бынтон къаннæг нæмгуытæ. Хæргæхæрын сæ адæймаг банкъары.

**Хъ.** Фæззæджы мыггæгтæ зæхмæ æрхауынц, миты бын зымæгиуат бакæнынц. Уалдзæджы хъарм сыл куы сæмбæлы, къæвдайы дон сæ куы ахъары, уæд та рæзынмæ фæвæййынц, стау кæнынц. Фыццаг лыстæг æмæ æнæбон вæййынц, фæлæ сæ фæстагмæ рæсугъд пæлæхсар къутæртæ, стыр æмæ домбай бæлæстæ рауайы. Афтæ «садзы», гъе, хъæд йæхæдæг йæхи! Сабитæ, хъæды тыххæй сымах бирæ цыдæртæ базыдтат ногæй, йæ ныв дæр ын конд фестут. Фæлæ цæмæй уæ нывтæ цымыдисагдæр уой, уый тыххæй сæм хъæды цæрджыты дæр бафтаут. Зæгъæм, кæй? Сæ нæмттæ уал сын ранымайæм.

**С.** Тæрхъус. Рувас. Бирæгъ. Арс. Уызын. Æхсæрæг æмæ а. д.

**Хъ.** Мæргътæ та?

**С.** Уыг. Хъæдхой. Гæркъæраг. Гакк-гукк æмæ а. д.

**Хъ.** Кæй фæнды, уый аргъауы персонажты дæр снывкæнæд…

**С.** О, о. Хæйрæджыты, хъæды чызджыты, доны чызджыты.

**Хъ.** Сабитæ, афтæ бирæ сырдтæ æмæ мæргътæ цæмæн ис хъæды?

**С.** Уымæн æмæ сæ уым ничи хъыгдары. Адæм хъæды афтæ арæх нæ вæййынц. Уымæ гæсгæ сырдтæ æмæ мæргътæ сæхицæн æнцад цæрынц.

**Хъ.** Æмæ цæргæ та цы ран кæнынц хъæды?

**С.** Сæхицæн хуыккæмттæ скæнынц, бæлæсты мæраты æрцæрынц. Мæргътæ сæхицæн ахстæттæ скæнынц бæласы къалиутыл.

**Хъ.** Хæргæ та цы кæнынц?

**С.** Хъæд сын дæтты хæринаг: гуыркъотæ, æхсæртæ, зокъотæ, гагадыргътæ.
**Хъ.** Цавæр зокъотæ зонут?
**С.** Урс зокъо. Бæрзбынзайæг зокъо. Уымæлхор *(сыроежка)*. Сырх зокъо (подосиновик).
**Хъ.** Гагадыргътæ та?
**С.** Мыртгæ. Дзедыр. Æрыскъæф. Саунæмыг.
**Хъ.** Уæ сырдтæ æмæ мæргътæн хæринаг дæр сныв кæнут – зокъотæ, гагадыргътæ. Сабитæ, хъæд ныв кæнын уæ зæрдæмæ фæцыди? Зæгъут-мæ, хъæды хи куыд дарын хъæуы?
*Сабиты дзуæппытæ.*

*15–16 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Цæрæгойты дуне».**
**Темæ: «Дардбæстаг цæрæгойтæ». Цæстыл уайын кæнгæйæ, цæстуынгæ æрмæгæй пайда кæнгæйæ ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Сабиты зонындзинæдтæ цæрæгойты дунейы тыххæй фæфылдæр кæнын. Сæ хъус сын уæлдай тынгдæр, дунейы æндæр рæтты чи цæры, уыцы цæрæгойтæм æрдарын.
– Ахуыр сæ кæнын характерон миниуджытæ æмæ сæйраг пропорцитæ фиппайын æмæ сæ, нывгæнгæйæ, æвдисын. Зонындзинæдтæм сæ цыбæл кæнын, сæ фæлгæнæны рæзтыл сын кусын. Сабиты сфæлдыстадон архайд цырен кæнын, цы ныв кæнынц, уымæ-иу сын эмоционалон ахаст расайын.
– Цæрæгойты дуне зонынмæ сæ цымыдис кæнын, куыд ыл аудой æмæ йæ куыд хъахъхъæной, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Цæрæгойты буары конд æмæ пропорциты характерон хицæндзинæдтæ равдисын: стыр хъустæ, стыр фындз, даргъ къубал æмæ а. д.

**2. Хуызиртасынад.** Лæмбынæг æркæсын æмæ нывы, сæ царды æдасдзинадæн стыр ахъаз чи у, цæрæгойты уыцы характерон хуыз хъæугæ ахорæнтæй равдисын.

**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл стыр цæрæгой æд лæппынтæ сныв кæнын, æрдзы хъæбысы сæ равдисын.

**Кусæн фæрæзтæ:** сойджын пастель (мелтæ) кæнæ фломастертæ *(сабиты фæндонмæ гæсгæ),* хуызджын гæххæтт.

**Хуызфыссынад:** хуызджын-графикон, фæлгонцтæ активон ахуырст кæнгæйæ.

**Хуызфыссынады уаг:** цæрæгойы бинонты иттæгхарактерон фæлгонц æрдзон уавæрты сныв кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Хъомылгæнæджы фæндонмæ гæсгæ, 5–6 стыр цæрæгойы *(зæгъæм, пыл, жираф, домбай, зебрæ, теуайы)* нывтæ кæнæ хуызистытæ сæ лæппынтимæ. Е. И. Чарушин æмæ æндæр нывгæнджытæ-анималистты куыстытæ, 6–7-аздзыд сабиты конд цæрæгойты нывтæ.

**Райуаринаг.** Хуызджын гæххæтт А-3, сойджын пастель (мелтæ) æмæ 12 хуызы фломастертæ.

**Рагагъоммæйы куыст.** Мультфильмтæ равдисын, цæрæгойты аргъæуттæ бакæсын, Кавказ æмæ дард бæстæты цæрæгойты тыххæй чингуытæм æркæсын. Нæ планетæйы цæрæгойты дунейыл æрдзурын.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, нæ райгуырæн бæстæйы цæрæгойты тыххæй

мах иу ӕмӕ дыууӕ хатты нӕ дзырдтам, ныв дӕр сӕ кодтам. Кавказы цы цӕрӕгойтӕ ис, уыдон мын, уӕ хорзӕхӕй, ранымайут.
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз. Арӕх цы цӕрӕгойты уынӕм, уыдоны тыххӕй, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, бирӕ зонӕм. Уымӕн ӕмӕ сын сӕ миниуджытӕ ӕмӕ ӕууӕлтӕм нӕ хъус дарӕм. Фӕлӕ ӕндӕр бӕстӕты цӕрӕгойты тыххӕй та уыйбӕрц ницы зонӕм. Уымӕн ӕмӕ уыдон дард сты. Ранымайут-ма уыцы цӕрӕгойты. Сӕ нывтӕ сын скӕнат, уый уӕ фӕнды?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Цӕмӕй уыцы цӕрӕгойтӕ уӕ нывты сӕхи хуызӕн уой, уый тыххӕй уал раздӕр раиртасын хъӕуы, ӕппӕт цӕрӕгойтӕм иумӕйагӕй цы ис, уый.
*Æвдисы сабитæн алыхуызон цæрæгойты хуызистытæ. Сæ цæст сын æрдарын кæны буары хæйттæм. Сабитæ фæлхат кæнынц цæрæгойты æддаг бакасты характерон æууæлтæ.*
**С.** Алы цӕрӕгойӕн дӕр ис сӕр, цӕстытӕ, фындз, гуыр, къӕхтӕ (дзӕмбытӕ), къӕдзил.
**Хъ.** Сабитӕ, алкӕмӕн дӕр дзы сӕр, цӕстытӕ, гуыр ӕ. а. д. кӕй ис, уый уыл дзурӕг у, ӕмӕ се ’ппӕт дӕр ӕмхуызон сты?! Кӕрӕдзийӕ сӕ куыд иртасӕм? Бирӕгъ дзы, зӕгъӕм, кӕцы у, тигр кӕцы у, уый куыд базонӕм? Исты нын ӕй сӕхӕдӕг фӕзӕгъынц?
**С.** Лӕмбынӕг сӕм куы бакӕсӕм, уӕд бафиппайдзыстӕм, алы цӕрӕгой дӕр иннӕтӕй бӕлвырд цӕмӕйдӕр кӕй хицӕн кӕны, уый.
**Хъ.** Сбӕрӕг кӕнӕм уӕдӕ, кӕрӕдзийӕ цӕмӕй хицӕн кӕнынц, уыцы ӕууӕлтӕ. Нывмӕ-ма бакӕсут. Цавӕр цӕрӕгой у?
*Æвдисы пылы ныв.*
**С.** Уый у пыл.

**Хъ.** Уайтагъд æй базыдтат æви дызæрдыг кодтат? Иннæтæй цæмæй хицæн кæны?
**С.** Тынг стыр у! Тынг стыр хъустæ, тынг ставд къæхтæ йын и. Сæйрагдæр та йæ даргъ хæтæлфындз у! Иннæ цæрæгойтæй ахæм никæмæн ис.
**Хъ.** Æцæг, æцæг. Пылæн йæ хæтæлфындз тынг ахсджиаг у! Æмбарут æй, цæмæн?
*Сабиты дзуæппытæ (йæ хæтæлфындзæй хæринаг сисы æмæ йæ баппары йæ дзыхы, йæхи дæр уый фæрцы найы – йæхиуыл дзы дон æркалы æ. а. д.).*
**Хъ.** Тынг раст. Пыл тынг зонджын æмæ зæрдæхæлар цæрæгой у. Æнцонæй йæ истæуыл сахуыргæнæн ис, суанг ма цирчы равдысты архайынмæ дæр тынг хорз арæхсы. Индийы уый цæры адæймаджы цур æмæ йын йæ куысты æххыс кæны. Мæнæ ацы нывы та кæй уынæм? *(Æвдисы жирафы ныв.)*
**С.** Уый жираф у.
**Хъ.** Куыд зæрдæмæдзæугæ у, уымæ-ма бакæсут! Стыр цæстытæ йын, даргъ цæстыхаутæ. Саг кæнæ йын бæхимæ фæхæццæ кæнæн ис?
**С.** Нæй, жираф бынтон æндæрхуызон у.
**Хъ.** Цæмæй? Уымæн дæр иннæ цæрæгойты хуызæн ис гуыр, сæр, къæхтæ, цæстытæ…
*Фæрстыты руаджы хъомылгæнæг архайы, цæмæй сабитæ алыхуызон цæрæгойты æддаг бакасты характерон хицæндзинæдтæ раиртасой.*
**С.** Жирафæн ис тынг даргъ хъуыр. Цæрæгойты æхсæн уымæй бæрзонддæр нæй.
**Хъ.** Сабитæ, куыд уæм кæсы, жирафæн йæ даргъ хъуыр цы пайда у?
*Сабиты дзуæппытæ (бæлæсы цъуппытæм дæр æххæссы, сыфтæртæ, алыхуызон дыргъытæ хæры… Йæ къубал даргъ куы нæ уаид, уæд-иу нæ сæххæссид).*

**Хъ.** Тынг раст. Иннæ цæрæгойтæ кæдæм нæ сæххæссынц, уырдæмыты жираф æнцонæй сæвналы. Уымæ гæсгæ уый хæринагхъуаг никуы вæййы. Йæ сæрыл мæнæ уыдон та цы сты?
**С.** Гыццыл сыкъатæ, сæ кæрæтты та цыдæр тымбылджытæ.
**Хъ.** Æндæр цæрæгойты нывтæм дæр æркæсæм. Мæнæ уый куыд хуыйны?
**С.** Домбай.
**Хъ.** Йæ бакасты уæлдай цымыдисаг цы у?
**С.** Йæ бæзджын пыхцыл барц.
**Хъ.** Мæнæ уыдон та куыд хуыйнынц?
**С.** Уыдон зебрæтæ сты. Бæхы æнгæс сты, фæлæ – хъулон.
**Хъ.** Æцæгдæр, зебрæтæн сæ хъуын урс-сау гæрæмтæ у. Уый фæрцы, гæрæм тигртау, уыдон дæр кæрдæджы нæ фæзынынц.
**А.** Мæнæ уый та у…
**С.** Теуа!
**Хъ.** Цæмæй йæ базыдтат?
**С.** Йе рагъы къуыппытæм гæсгæ.
**Хъ.** Теуатæ цæрынц змисбыдыры. Уым тынг тæвд у. Цæугæдæттæ æмæ дзы суадæттæ нæй. Теуайы бон у цалдæр боны дæргъы æнæ дон æмæ хæринагæй цæрын. Цæмæн, чи йæ зоны?
**С.** Цалдæр ведрайы дон уыциу нозт акæны æмæ стæй нал фæдойны кæны.
**Хъ.** Уыйбæрц дон ын кæм бацæуы?
**С.** Йе рагъы къуыппыты
**Хъ.** Ныв кæнынмæ бавналæм ныр. Цæрæгойтæй уæ зæрдæмæ тынгдæр чи фæцыд?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Иттæг хорз. Ныв сæ кæнæм. Æрмæст архайут, цæмæй уæ нывтæ æнæхъæн сыф бацахсой. Стыр цæрæгойтæ сты æмæ сæ нывтæ дæр хъуамæ стыртæ уой.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæй размæ мах дзырдтам, дард бæстæты чи æмбæлы, ахæм цæрæгойтыл. Сæ нывтæ дæр сын скодтам. Кавказы, Ирыстоны та цавæр цæрæгойтæ ис? Арæх кæй фенут? Ранымайут-ма сæ, уыдоны нывтæ дæр кодтам.
*Сабиты дзуæппытæ (хæдзарон цæрæгойты нымайынц).*
**Хъ.** Хæдзарон цæрæгойтæ йеддæмæ ма æндæр цæрæгойтæ дæр ис?
*Сабиты дзуæппытæ (хъæддаг цæрæгойты тыххæй дзурынц).*
**Хъ.** Абон мах дарддæр кæндзыстæм, дард бæстæты чи æмбæлы, уыцы цæрæгойты нывтæ. Фæлæ-ма мын зæгъут, дард ран куы цæрынц, уæд сæ мах кæцæй зонæм?
**С.** Чингуытæй, телевизорæй. Аргъæутты сын сæ кой фехъуыстам, мультиктæм бакастыстæм æмæ сæ тынг нæ зæрдæмæ айстам.
**Хъ.** Æркæсæм-ма, чи уæ цавæр цæрæгой ныв кæны, уымæ.
*Æвдисы, сабитæ амæй размæ цы нывтæ скодтой, уыдон. Сабитæ сæм лæмбынæг кæсынц æмæ сæ хъуыдытæ дзурынц.*
**Хъ.** Ныртæккæ уын æз уæ нывтæ райуардзынæн æмæ сыл дарддæр бакусдзыстæм. Нывтæм ма цы бафтауын хъæуы, уый мæ фæрстытæм гæсгæ уæхæдæг зæгъут. Фыццаг фарст: «Куыд цæрынц сырдтæ?»
**С.** Бинонтæгай, сæ лæппынтимæ.
**Хъ.** Уæдæ, зæгъæм, пылы фарсмæ кæй ныв скæнын хъæуы?
**С.** Мадæл пылы ныв, стæй ма ноджы – сæ лæппыны ныв дæр. Уæд уыдон уыдзысты бинонтæ.
**Хъ.** Сабитæ, цæрæгойтæ – ныййарджытæ æмæ сæ лæппынтæ – сæхи куыд дарынц?
**С.** Мадæл пыл йæ лæппыны цынайы, уый та йын йæ фындзæй йæ къæдзилыл хæцы, цæмæй дзы ма фæиппæрд

уа æмæ ма фæдзæгъæл уа, уый тыххæй. Мадæл домбай та, гæдыйау, йæ лæппыны сдæргæ фæкæны йе ’взагæй, цæмæй сыгъдæг уа, хæринаг ын хæссы, цуан кæнын ын амоны…
**Хъ.** Тынг хорз. Лæппын цæрæгойты нывтæ кæнæм. Сабитæ, мæ дыккаг фарст: «Æмæ уыцы цæрæгойтæ цæргæ та кæм кæнынц?»
**С.** Хъæддаг сты. Цæрынц æрдзы уæгъдибарæй: хъæды, тыгъдбыдыры, змисбыдыры.
**Хъ.** Уæдæ сын сæ алфамбылай цы снывкæнын хъæуы?
**С.** Æрдз. Арв. Хур. Кæрдæг. Къутæртæ. Бæлæстæ.
**Хъ.** Сабитæ, базонут-ма уыци-уыцитæ: «Стыр æмæ фæныкхуыз, хъæды бæлæсты æхсæн æрбацыдæр и».
**С.** Æвæццæгæн, цъæх бирæгъ уыди..
**Хъ.** Цъæх æрдузы згæхуыз цыдæр азгъордта.
**С.** Гæды рувас.
**Хъ.** Къудзиты удаистæй цыдæр амбæхсти – фæныкхуыз æмæ къаннæг.
**С.** Тæппуд тæрхъус.
**Хъ.** Морæ чидæр, сыкъаджын, бæлæсты æхсæнты рацу-бацу кæны.
**С.** Уый саг у.
**Хъ.** Иууылдæр сæ базыдтат! Куыдæй бафтыди уæ къухы?
**С.** Сæ хуызмæ гæсгæ.
**Хъ.** Æркæсут-ма уæдæ иу хатт лæмбынæг цæрæгойты нывтæм. Иуæй-иутæ дзы афæдзы афонтæм гæсгæ сæ хуыз ивгæ кæнынц. Цæмæн, куыд уæм кæсы?
**С.** Афтæмæй сын æрдзы мидæг се знæгтæй æнцондæр вæййы сæхи бааууон кæнын.
**Хъ.** Мах абон скодтам дардбæстаг цæрæгойты нывтæ. Искуы сын фенæн ис? Æви уый тыххæй мах дæр, дохтыр Айболитау, Африкæмæ ацæуын хъæуы?
**С.** Сырддоны сын ис фенæн. Уым ис алыхуызон цæрæгойтæ, мæргътæ, кæлмытæ.

**Хъ.** Раст загътат. Æндæр ма кæм?
**С.** Цирчы. Уым ис ахуыр домбæйттæ, тигртæ, пылтæ.

*17–18 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Доны бын дуне».**
**Темæ: «Аквариум». Фиппайды бындурыл ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Сабиты зонындзинæдтæ доны бын дунейы тыххæй фæуæрæхдæр кæнын, аквариумы кæсæгты цардмæ сын сæ хъус æрдаргæйæ.

– Зонындзинæдтæм тырнын, лæмбынæг кæсын æмæ зæрдыл дарын, æрдзон формæтæ иртасын æмæ кæрæдзиуыл барын, хуызæн цæмæй сты æмæ сæм хицæндзинадæй цы ис, уыцы æууæлтæ арын.

– Фурдтæ æмæ цæугæдæтты цæрæгойты цардмæ цымыдисдзинад гуырын кæнын. Сабиты ахуыр кæнын удæгас æрдзыл аудын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Равдисын кæсæгты характерон формæ æд бæлвырдгæнæн хæйттæ *(хъусаутæ, ленкгæнæнтæ, хæрв, къæдзил)*.
**2. Хуызиртасынад.** Кæсæгты хæрвы алы тыбартыбургæнаг хуызтæ раиртасын æмæ равдисын. Акцент – кæсæгты рæсугъддзинад æмткæй кæмæй аразгæ у, уыцы хæрв æмæ ленкгæнæнты аивдзинад.
**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл аквариумы ныв æд кæсæгтæ скæнын. Композици адæймаджы кæнæ хæдзарон фосы фæлгонцы руаджы фæвазыгджындæр кæнын.
**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.
**Хуызфыссынад:** хуызджын-графикон, контурон формæйы хуылф нывæфтыд ахуырст кæнгæйæ.
**Хуызфыссынады уаг:** аквариумы кæсæгты буары конд, ас

æмæ хуыз схематикон æгъдауæй равдисын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Глобус кæнæ дунейы нывæц (картæ). Аквариум æд кæсæгтæ. Хус кæсаг. Денджызы алыхуызон цæрæгойты нывтæ (къамтæ). Тынг рæсугъд аквариумон кæсæгты нывтæ. Хæххон цæугæдоны нyв (къам). Денджызон лыстæг дуртæ, хъузджытæ, кораллтæ. 6–7-аздзыд сабиты нывтæ кæсæгты темæйыл.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ.

**Рагагъоммæйы куыст.** Аквариумы кæсæгты цардмæ хъус лæмбынæг æрдарын. Кæсæгты тыххæй аргъæуттæ бакæсын.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, ныр сымах хистæр къорды стут. Бирæ цыдæртæ зонут, бирæ цæмæдæрты арæхсут. Уымæ гæсгæ фæстаг рæстæг мах бæстон ахуыр кæнæм æрдзы цард æмæ æууæлтæ. Амæйразмæйы ахуырты цæуыл дзырдтам? Цы ныв кодтам?

*Сабиты дзуæппытæ (зайæгойтæ, цæрæгойтæ, мæргъты тыххæй дзырдтам, ныв сæ кодтам).*

**Хъ.** Зæххы фылдæр хай ахсынц фурдтæ æмæ денджызтæ. Зæгъут-ма, зæххыл цы цыппар океаны ис, уыдон картæйыл куыд бæрæггонд цæуынц? Куыд бæрæггонд цæуынц денджызтæ æмæ цæугæдæттæ?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Доны хуылфы дæр, сур зæххыл куыд у, афтæ йæхи цард ис. Цавæр доны цæрæгойтæ зонæм?

*Сабитæ нымайынц кæсæгтæ æмæ доны æндæр цæрæгойты нæмттæ (тъепа, хихор, кит, дельфин, акулæ æ. а. д.).*

**Хъ.** Кæсæгтæ цот куыд кæнынц, уый зонут?

*Сабиты дзуæппытæ (кæсаджы еугæфæй чысыл кæсæгтæ равзæры).*

**Хъ.** Зæгъут-ма, уæдæ гуыргæ та цавæр денджызон цæрæгойты ләппынтæ кæнынц?
**С.** Киты, дельфины, акулæйы ләппынтæ гуыргæ ракæнынц.
**Хъ.** Абон мах кæндзыстæм кæсæгты нывтæ. Мæнæ нæ рæвдауæндоны цы рæсугъд аквариум ис, уым цæрæг кæсæгтæ сæхæдæг дæр тынг рæсугъд сты. Хæдзары уæ искæмæ аквариум ис?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Аквариумы кæсæгтæм кукыд зилын хъæуы?
**С.** Хæринаг сын хъуамæ дæттай, сæ дон сын ивай.
**Хъ.** Аквариумтæ цавæртæ вæййынц?
**С.** Тымбыл. Цыппæрдигъон.
**Хъ.** Уæ зæрдæмæ цавæр цæуы, ахæм сныв кæнут. Æрмæст хъуамæ стыр уа. Цæмæн?
**С.** Цæмæй дзы бирæ кæсæгтæ бацæуа.
**Хъ.** Ныв кæнын райдайæм. Цавæр кæсæгтæ сныв кæндзыстæм?
**С.** Стыртæ æмæ гыццылтæ. Сæ хæрв – алыхуызон, рæсугъд ленкгæнæнтæ сын…
**Хъ.** Амæйразмæйы ахуырты дæр кодтам кæсæгты нывтæ. Нæ фæрæдидзыстут, хорз хъуамæ сарæхсат. Рæсугъд нывтæ скæнут.
*(Кæс: Астæуккаг къорды 18 темæйы 26 ахуыр.)*

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæйразмæйы ахуыры мах дзырдтам æрдзы тыххæй. Уæ нывтæм æркæсут æмæ уæ зæрдыл æрлæууын кæнут нæ ныхасы сæр.
**С.** Зæххыл тынг бирæ дон ис: океантæ, денджызтæ, цæугæдæттæ, цадтæ, суадæттæ. Уым цæры алыхуызон цæрæгойтæ.
**Хъ.** Ранымайут-ма сæ.

*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сабитæ, зæгъут-ма, махмæ, Ирыстоны, денджызтæ æмæ океантæ ис?
**С.** Нæй. Наутæ кæм цæуой, ахæм стыр æмæ арф цæугæдон дæр нæм нæй. Ирыстоны ис уазал æмæ знæт хæххон цæугæдæттæ. Уыдон хъæздыг сты балертæй (форель).
**Хъ.** Балер зынаргъ кæсаг у. Æрмæст сыгъдæг доны цæры. Хæххон цæугæдæттæ та сыгъдæг сты. *(Хæххон цæугæдоны ныв æвдисы сабитæн.)* Амæйразмæйы ахуыры рæстæг мах ныв кодтам аквариум. Зæгъут-ма, цæмæн хъæуы?
**С.** Цæмæй дзы кæсæгтæ цæрой.
**Хъ.** Аквариумты кæсæгты адæм хæргæ фæкæнынц?
**С.** Нæ! Аквариумы кæсæгтæ асæй къаннæг сты, фæлæ тынг рæсугъд. Уыдонмæ кæсын адæймагæн тынг æхсызгон у.
**Хъ.** Кæсæгтæ цымыдисаг цæрæгойтæ сты. Цы зонæм уыдоны тыххæй?
**С.** Тынг сабыр сты, мадзура.
**Хъ.** Дзургæ кæд нæ кæнынц, уæд сæ дзыхтæ фæхæлиуфæхæлиу цæмæн кæнынц? Дон нуазынц?
**С.** Дон нæ нуазынц – улæфгæ кæнынц: дон сæ дзыхы бакæнынц æмæ йæ стæй сæ хъусауты уылты рауадзынц.
**Хъ.** Раст зæгъут. Уæ кæсæгтæн хъусаутæ сныв кодтат? Кæм сæ скæнын хъæуы?
**С.** Хъусаутæ кæсаджы сæр йæ гуырæй хицæн кæнынц.
**Хъ.** Тынг рæсугъд кæсæгтæ сныв кодтат, фæлæ ма уæ аквариумы цыдæр нæ фаг кæны…
**С.** Денджызы бын куыд вæййы, афтæ аквариумы бын дæр хъуамæ уа лыстæг дуртæ, хъузджытæ, донзай кæрдæджытæ.
**Хъ.** Сныв кæнут уыдон дæр, уадз æмæ нæ кæсæгтæ зæрдæхцонæй цæрой. Нæ гæххæтты сыфыл ма бынат баззади… Ам та уæ алчи йæхи сныв кæнæд – цыма уæ кæсæгтæм зилут, хæринаг сын дæттут, уæ цæст сæ нæ исут. Сабитæ, æрмæст сымах нæ фæкæсут кæсæгтæм. Ацы ран

ма нард æмæ хинæйдзаг рихиджын гæдыйы ныв дæр ис скæнæн. Уымæн аквариумы раз бадын бацайдагъ вæййы. Йæ дзæмбы бæргæ баивазы кæсæгтæм, фæлæ сæм авгæй не 'ххæссы.

*19–20 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Æрдз – нæ хæдзар».**

**Темæ: «Хæхты сæрмæ хурныгуылд». Рагагъоммæйы фиппайды бындурыл ныв кæнын.**

**Нысан:**

– Суткæйы афоны *(сæумæрайсом, сихорафон, изæр, æхсæв)* æмбарынад æмæ йемæ баст хуызон ивддзинæдтæ æрдзы мидæг.

– Сабиты лæмбынæг кæсын æмæ фиппайын, ахорæнты хуызты хицæндзинæдтæ иртасыныл фæцалх кæнын, æнкъарæнты рæзтыл кусын.

– Сабитæн æрдз уарзын кæнын, йæ рæсугъддзинад ын куыд уыной æмæ æнкъарой, йæ уынд сын сæ зæрдæты рæсугъд æнкъарæнтæ куыд гуырын кæна, афтæ сæ хъомыл кæнын. Æрдз сæ дыккаг хæдзар кæй у, уыцы æнкъарынад сын сæ удыхъæды фидар кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Равдисын хæхты силуэтты ритмикон фæлхатæнтæ *(хæстæгдæр хæхтæ – хъæдæй æхгæд, чысыл дарддæр чи у, уыдон – айнæг, къæдзæх, дард хæхтæ – митæмбæрзт)* æмæ æврæгъты конды зæрдæскъæфгæ пластикæ.

**2. Хуызиртасынад.** Суткæйы афонтæм гæсгæ арвы хуыз куыд ивы, уымæ лæмбынæг æркæсын. Хурныгуылды хуызджын арв равдисын. Хуызæнкъарынадыл кусын.

**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл хæхты фæлгонц хурныгуылды арвы фоныл скæнын.

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.
**Хуызфыссынад:** хуызджын.
**Хуызфыссынады уаг:** хæхты хуызджын фæлгонц хурныгуылды.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Хæхты нывтæ (къамтæ). Горæт, хæхтæ, денджызы хуызджын нывтæ (къамтæ) хурныгуылды. Арв хорз кæм зыны, суткæйы ахæм алы афонтæ (сæумæрайсом, бон, изæр, æхсæв) æвдисæг пейзажтæ. Нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ æмæ 6–7-аздзыд сабиты нывтæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(гыццыл, рæстæмбис æмæ егъаудæр),* банкæ донимæ, къухтæсæрфæн.
**Рагагъоммæйы куыст.** Рагацау цалдæр боны дæргъы хурныгуылдмæ цæст дарын. Хъус уæлдай тынгдæр æрдарын: хуры хуыз æмæ хæхты сæрмæ æртхуыз-сырх арвмæ; арв æмæ мигътæ алы боныхъæды цыхуызæн вæййынц, уымæ.

### 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, мах дзырдтам, сырдтæ æмæ мæргътæ кæм цæрынц, уый тыххæй. Адæм та кæм цæрынц? Фылдæр хатт кæм вæййынц?
**С.** Хæдзæртты, агъуыстыты. Митæй, къæвдайæ, уазалæй сын тас нæу.
**Хъ.** Тынг раст зæгъут. Агъуысты кæддæриддæр хъарм у, ис дзы цырагъ. Фæлæ хур куыддæр ракæсы æмæ адæймагæн уæгъд рæстæг фæзыны, афтæ йæ æрдзы хъæбысмæ фæфæнды. Афтæ нæу? Тезгъо кæнын уарзут?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æрдз дæр адæймагæн йæ хæдзар у, не стыр иумæйаг хæдзар. Æрдз дæр афæдзы афонтимæ иумæ йе ’нгас ивы.

Цыхуызæн вæййы уый зымæгон, уалдзыгон, сæрдыгон, фæззыгон?
*(Кæс: Хистæр къорды 5 темæйы 11–12 ахуыртæ.)*
**С.** Æрдзы ахорæнтæ афæдзы афонты æмрæнхъ ивгæ цæуынц. Горæты хуыз æмæ равг афæдзы алы афон дæр æндæрхуызон вæййы.
**Хъ.** Абон мæн уемæ æрдзурын фæнды суткæйы афонты тыххæй. Зæгъут-ма, сæумæрайсом у, уый мах цæмæй базонæм?
**С.** Хур скæсы. Арв вæййы уардихуыз.
**Хъ.** Бонæй та цыхуызæн вæййы арв?
**С.** Ирд, æрвхуыз. Урс æврæгътæ йыл фæленк кæнынц.
**Хъ.** Изæрыгон та?
**С.** Хур бафæллайы, хæхты фæстæ йæхи бамбæхсы æмæ уым бафынæй кæны.
**Хъ.** Йæ сыгъзæрин рухсæй ма хæхты цъуппытæ, бæрзонд æврæгъты кæрæттæ барухс кæны. Уыцы рæстæг арв та цыхуызæн вæййы? Боны куыд вæййы афтæ? Æрвхуыз?
**С.** Нæ, хурныгуылæнæрдыгæй уый вæййы сырх, зæринхуыз.
**Хъ.** Æхсæв та куыд ралæууы?
**С.** Изæрыгон арв вæййы цъæх, фыццаг стъалытæ йыл ссудзынц, мæй скæсы.
**Хъ.** Райсут ныр уæ хъисойтæ æмæ ахорæнтæ. Ныв кæнын райдыдтам. Абон уæ ныв куы нæ фæуат, уæд æй иннæ ахуыры рæстæг кæронмæ ахæццæ кæндзыстут. Тагъд ма кæнут. Бæстон архайут. Хæхтæ, арв, хурныгуылды рухс, мæй, стъалытæ, – алцæмæн дæр хъуамæ ссарат рæсугъд ахорæнтæ.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæй размæ мах дзырдтам, æрдзы ахорæнтæ

боны дæргъы куыд ивынц, уый тыххæй. Ранымайæм-ма иу хатт суткæйы афонтæ.
**С.** Сæумæрайсом, бон, изæр, æхсæв.
**Хъ.** Сæумæрайсом у, уый цæмæй бæрæг вæййы?
**С.** Хур скæсы, арвы астæумæ стулы æмæ бæстæ срухс кæны.
**Хъ.** Боныгон та куыд вæййы?
**С.** Боныгон вæййы тынг рухс! Уымæн æмæ хур арвыл бæрзонд вæййы.
**Хъ.** Изæр та цыхуызæн у?
**С.** Изæрыгон арв йæхи фæтар кæны.
**Хъ.** Æхсæвы тыххæй та цы зæгъдзыстут?
**С.** Хур хæхты фæстæ йæхи куы бамбæхсы, уæд æхсæв ралæууы. Æхсæвыгон арв тынг тар вæййы.
**Хъ.** Сабитæ, æхсæвыгон дуне рæсугъд у?
**С.** Тынг рæсугъд! Арвыл – мæй, стъалытæ. Уынджы цырæгътæй рухс сты горæты уынгтæ, хæдзæртты рудзгуытæ судзынц.
**Хъ.** Амæй размæ мах райдыдтам ныв кæнын хурныгуылд хæхты сæрмæ. Зæгъут-ма, цæмæн равзæрстат суткæйы уыцы афон?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Уæ нывты ахорæнтæ бахус сты. Кæронмæ сæ ахæццæ кæнæм. Сабитæ, сымах скодтат ирд хур æмæ рæсугъд арвы ныв. Ныр сæм хъæуы ахорæнтæй базилын. Зæгъут-ма, хæхтæ хуры фæстаг тынтæй срухс сты, уый куыд равдисын хъæуы?
**С.** Хъуамæ райсай алыхуызон ирд, хуызджын ахорæнтæ. Гакъон фæндæгтæ, фыдæлтыккон мæсгуытæ, знæт цæугæдæттæ равдисын хъæуы хæхты уæлæ.
**Хъ.** Кусут уæдæ. Сабитæ, хурныгуылд ныв кæнгæйæ, цы базыдтат ахсджиагæй? Боны дæргъы æрдзы тынгдæр цы ивы?

**С.** Арвы хуыз ӕдзухдӕр ивгӕ кӕны.
**Хъ.** Ӕркӕсӕм-ма, нывгӕнджытӕ та куыд ӕвдисынц арв сӕ уацмысты.
*Ӕвдисы сын нывгӕнджыты уацмысты репродукцитӕ ӕмӕ сыл иумӕ ныхас кӕнынц.*

*21–22 ахуыртӕ*

**Иумӕйаг темӕ: «Ӕз ӕмӕ мӕ буар».**
**Темӕ: «Мӕнӕ – ӕз. Автопортрет». Комкоммӕ фиппайд ӕмӕ фӕлгонцады бындурыл ныв кӕнын.**
**Нысан:**

– Сабитӕн сӕ буары конд хуыздӕр базонынмӕ бахъуыс кӕнын. Бамбарын сын кӕнын, адӕмӕн сӕ буары конд ӕмхуызон кӕд у, уӕддӕр кӕрӕдзийӕ хицӕн кӕй кӕнынц, уый.
– Цы уынынц, уый сӕ зӕрдыл куыд дарой, сабиты уыцы миниуӕг фидар кӕнын, иртасын ӕмӕ абарыны руаджы характерон ӕууӕлтӕ куыд фиппайой, ууыл архайын.
– Сӕ алыварс адӕймӕгты ӕддаг бакасты хицӕндзинӕдтӕм барон цӕстӕй куыд кӕсой, сабиты афтӕ хъомыл кӕнын. Хи буарӕн аргъ кӕнын ӕмӕ аудыныл сӕ ахуыр кӕнын.

**Аивадон-ахуырадон хӕстӕ:**
**1. Аивадон фӕлгонцады фӕрӕзтӕй пайда кӕнын.** Адӕймаджы ныв скӕныны арӕхстдзинад. Уӕлдай ахсджиаг – цӕсгомы хӕйттӕ (ных, цӕстытӕ, фындз ӕ. а. д.) нывы равдисын. Ӕддаг бакасты хицӕндзинӕдтӕ (цӕстыты ӕмӕ сӕры хъуынты хуыз, былтӕ ӕмӕ фындзы формӕ ӕ. а. д.) бафиппайын ӕмӕ равдисын.
**2. Хуызиртасынад.** Чи ӕмбӕлы, уыцы хуызты фӕрцы адӕймаджы характер равдисын.

**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл адæймаджы ныв (астæумæ), йæ характер, йæ интерестыл чи дзура, ахæм æмхасæнтимæ сныв кæнын.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.
**Хуызфыссынад:** хуызджын.
**Хуызфыссынады уаг:** адæймаджы схематикон нывйæ интерестыл дзурæг предмет кæнæ цæрæгоимæ.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ æмæ 6–7-аздзыд сабиты нывтæ – сæ сюжетон быдур бæлвырд бæрæг кæмæн у, ахæм портреттæ æмæ автопортреттæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ *(къаннæг, рæстæмбис æмæ гыццыл егъаудæр),* палитрæ, банкæ донимæ, къухтæсæрфæн.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæйразмæйы ахуыргты мах дзырдтам æрдзы тыххæй. Цымыдисаг уын уыди мæргътæ, цæрæгойтæ, кæсæгты тыххæй исты ногæй базонын æмæ сæ стæй сныв кæнын?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Цалынмæ нывкæнын нæ райдайæм, уæдмæ цы ми фæкæнæм?
**С.** Цæрæгойы хуызистмæ лæмбынæг æркæсæм.
**Хъ.** Адæймаг дæр æрдзы иу хай у. Радзурут-ма мын уæ буары конды тыххæй.
**С.** Мæнæн ис сæр, хъуыр, гуыр, къæхтæ, къухтæ.
**Хъ.** Дæуæн та?
**С.** Мæнæн дæр.
*Сабитæ сæ буары хæйттæ нымайынц.*
**Хъ.** Цыбыр дзырдæй, сымахæй алкæмæн дæр ис уыцы иу буары хæйттæ. Уæдæ афтæ зæгъæн ис, æмæ уе 'ппæт дæр

æмхуызон стут? Кæрæдзимæ-ма лæмбынæг бакæсут…
*Сабитæ кæрæдзимæ кæсынц. Архайынц кæрæдзийы æддаг бакасты исты хицæндзинæдтæ ссарын.*
**С.** Æз æппæты бæрзонддæр дæн. Мæнæн та æппæты даргъдæр дзыккутæ ис æ. а. д.
**Хъ.** Куыд уынут, афтæмæй алы адæймаг дæр иннæтæй цæмæйдæр хицæн кæны. Сабитæ, зæгъут-ма, адæймаджы сурæт кæнæ цæсгом цы нывы æвдыст цæуы, уый та куыд хуыйны?
**С.** Портрет. Мах айразмæ ныв кодтам портреттæ.
**Хъ.** Нывгæнæг йæхи куы сныв кæна, уæд уыцы уацмыс та?
**С.** Автопортрет.
**Хъ.** *(æвдисы портреттæ æмæ автопортреттæ).* Уынут, нывгæнджытæ цавæр портреттæ кæнынц, уый? Æддаг бакастæй уæлдай ма сæ уацмысты хъайтары удыхъæды хицæндзинæдтыл дзурæг цыдæр уæлæмхасæн хæйттæ вæййы. Зæгъæм, мæнæ ацы лæппуйыл ис спортивон дарæс, йæ къухы – пурти. Уый цæуыл дзурæг у?
**С.** Уыцы лæппу уарзы спорт. Хъазы футболæй. Футболист суæвынмæ бæллы.
**Хъ.** Мæнæ иннæ нывы та – чызг. Йæ иу къухы ис палитрæ, иннæйы – хъисой…
**С.** Уыцы чызг та ныв кæнын уарзы. Нывгæнæг уыдзæн.
**Хъ.** Афтæ сныв кæнут сымах дæр. Цæсгом куыд ныв кæнын хъæуы, уый уын зындгонд у.
*(Кæс: Кæстæр къорды 5 æмæ 11 темæты 9, 10 æмæ 21 ахуыртæ.)*

### 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæй размæ цы нывтæ скодтам, уыдон хъуамæ абон дарддæр ахæццæ кæнæм. Ахорæнтæй сæм базилын хъæуы. Стæй ма цыма уæ сыфтыл дæр афтид бынат

ӕгӕр бирӕ баззади, афтӕ мӕм кæсы. Цы ма сæм бафтауын ӕмбæлы? Иумæ ахъуыды кæнæм. Ӕз уын уæ нывтæ радыгай ӕвдисдзынæн, ӕмæ уæ алчидæр зæгъæд, афтид бынæтты ма цы сныв кæнын хъæуы, уый.
*Сабитæ амæйразмæйы ахуыртæй зонынц, афтид бынæттæ, мидисмæ гæсгæ ацы нывы чи сфидаудзæни, ахæм фæлгонцтæй байдзаг кæнын кæй хъæуы.*
**Хъ.** Мæнæ фыццаг ныв – чызг йæхи дидинджыты бастимæ сныв кодта. Йæ алыварс та цы хъуамæ сныв кæна, куыд уæм кæсы?
**С.** Рæсугъд ӕрдуз алыхуызон дидинджытимæ. Дардæй хæхтæ зынынц. Сæрдыгон бон. Хур. Гæлæбутæ.
**Хъ.** Ацы нывы та лæппу портийæ хъазы. Цы уынаффæ кæнут нывгæнæгæн?
**С.** Иунæгæй хъазын ӕнкъард у. Ӕмбæлттæ ма йын сныв кæнæд ӕмæ иумæ ахъазой. Сабитæ арæх сæ хæдзары раз фæхъазынц, уымæ гæсгæ нывы хæдзар равдисæн дæр ис.
*Дарддæр дæр уыцы фæткыл ӕрдзырдтой нывтыл хъомылгæнæг ӕмæ сабитæ. Нывты равг банысан кæныны тыххæй ахорæнты хуызтæ равзæрстой.*

*23–24 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Фынджы уæлхъус хи дарыны ӕгъдау».**
**Темæ: «Гуырæн бон». Зæрдылдарды бындурыл ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Хæргæ-хæрын фынджы уæлхъус ӕмæ уазджыты цур хи дарыны ӕгъдæуттыл дарддæр ӕрдзурын.

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, мысæнуат ӕмæ сфæлдыстадон фæлгæнæн – уавæр цæстытыл ауайын кæнынмæ ӕмæ дзы хайад райсынмæ куыд арæхсой, афтæ сæ ахуыр кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Иумæйаг уавæрæй кæрæдзиимæ баст адæймæгты къорд сныв кæныны арæхстдзинад. Фынджы уæлхъус бадджыты ныв скæныны фæлварæн.
**2. Хуызиртасынад.** Ирд, контрастон, рæсуг æмæ цинæфтауæг ахорæнты руаджы бæрæгбоны равг равдисын.
**3. Композици.** Бæрæгбоны бадт гæххæтты сыфыл равдисын. Цины равг бæрæгбоны лыстæг хабæрттæй фæтыхджындæр кæнын: торт судзгæ цырæгътимæ, дзаг фынг, дидинджытæ æ. а. д.
**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.
**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, фæлгонцтæм хуызджын ахорæнтæй базилгæйæ.
**Хуызфыссынады уаг:** бæрæгбоны фынгыл бадæг адæмы схематикон фæлгонцтæ.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Гыццыл стъол хъазæн мигæнæнтимæ æмæ гыццыл бандæттæ. Куклатæ. *(Зæлы В. Шаинскийы зарæг «Песенка крокодила Гены».)*
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Темæмæ гæсгæ мультфильммæ бакæсын. Куклайы гуырæн бон цыма у, афтæ ахъазын. Уавæр: уазджытæ æрбацыдысты лæвæрттимæ, фынджы уæлхъус бадынц. Чидæр хæринаг кæны, чидæр фынг æвæры, чидæр уазджытæн æгасцуай зæгъы æ. а. д.

## 1 ахуыры нывæст

*Зæлы зарæг мультфильмæй ( «Песенка крокодила Гены»).*
**Хъ.** Цы хорз зарæг у! Цæй, иумæ йын бахъырнæм.
*Сабитæ зарынц.*
**Хъ.** Нæ куклайы гуырæн бон сбæрæг кодтам. Уæ зæрдæмæ фæцыди уыцы хъазт? Куклатæ сæхи куыд дардтой фын-

джы уæлхъус? Исты фæрæдыдысты?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сабитæ, ныр та ныв кæнынмæ бавналæм. Алчи уæ йæ гуырæн бон сныв кæнæд. Куыд вæййы?
*Сабитæ дзурынц, гуырæн бон куыд бæрæг чындæуы, уый тыххæй (уазджытæ, лæвæрттæ, дзаг фынг, торт цырæгътымæ æ. а. д.). Ныв кæнынц.*
**С.** Фыццаг уал сныв кæнын хъæуы стъол.
**Хъ.** Цавæр хъуамæ уа?
**С.** Стыр! Цæмæй йæ уæлхъус бирæ уазджытæ бацæуа.
**Хъ.** Сабитæ, адæймаджы фæлгонц куыд ныв кæнын хъæуы, уый зонæм. Фæлæ хъуамæ лæугæ нæ, фæлæ бадгæ кæна нæ нывы. Адæймаг куы сбады, уæд йæ фæлгонцы цы аивы?
**С.** Йæ къæхтæ æмраст нал вæййынц, фæлæ фæкъæдз вæййынц.
**Хъ.** Раст зæгъут. Бафæлварут уæдæ, уазджытæ бæрæгбоны фынгыл куыд бадынц, уый уæ нывты равдисын. Адæймаджы сурæт бадгæйæ фыццаг хатт ныв кæнут, фæлæ уын хъуамæ бантыса – тынг зæрдæргъæвд сабитæ стут.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Уæ гуырæн боны ныв дарддæр кæнут. Абон уæ уазджыты нывгонд фæуыдзыстут. Куыдæй сæ хъуамæ равдисæм?
**С.** Уазджытæ лæвæрттимæ æрбацæуынц, «ноггуырдæн» арфæ ракæнынц, бæрæгбоны фынгыл сбадынц. Иууылдæр хæрзарæзт сты, сæ цæсгæмттæ цин æвдисынц. Чидæр фæндырæй цæгъды, чидæр кафы.
**Хъ.** Сабитæ, фысымтæ та сæхи куыд хъуамæ дарой?
**С.** Уазджытыл цин кæнынц, бæрæгбоны фынгыл сæ сбадын кæнынц.
**Хъ.** Куыд хъуамæ равдисæм адæмы хъæлдзæг равг, бæрæгбоны цин?

**С.** Ахорæнты фæрцы.
*Сабитæ æвзарынц хъæлдзæг равг æвдисæг фломастерты хуызтæ.*
**Хъ.** Уæ фынгыл стыр рæсугъд торт дæр сныв кодтат. Цырæгътæ йыл ссыгътат. «Ноггуырды» раз æй æрæвæрдтат. Цы ма нæ фаг кæны бæрæгбоны фынгæн?
*Сабиты дзуæппытæ (æнæмæнг – æртæ чъирийы, стæй ма уымæй уæлдай бирæ æндæр хæрзад хæринæгтæ, адджын дæттæ...).*
**Хъ.** Хæргæ æмæ нуазгæ та куыд кæндзысты уазджытæ?
**С.** Алыхуызон мигæнæнтæ æрæвæрдзыстæм фынгыл: тæбæгътæ, нуазæнтæ, уидгуытæ, вилкæтæ. Къухтæсæрфæнтæ дæр нæ ферох кæндзыстæм!

*25–26 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Хæрзад æмæ пайда хæринаг».**

**Темæ: «Дуканийы». Зæрдылдарды бындурыл ныв кæнын.**

**Нысан:**

– Хæринаджы тыххæй сабитимæ æрдзурын. Сæйраг хойрæгтæ кæм æлхæдæуы, уыцы уæйгæнæн бынæтты (дуканитæ, базар) кой сын ракæнын.

– Сабиты хъусдард рæзын кæнын, æрвылбоны цардыцымыдисаг цаутæ фиппайын æмæ сæ зæрдыл дарынмæ разæнгард кæнын.

– Хæдхъом уæвыныл сæ ахуыр кæнын, бинонтæн æххуыс кæнынмæ куыд тырной, афтæ сæ хъомыл кæнын. Пайда хойрæгтæм сын се ’ргом здахын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Ныв кæныны арæхстдзинадыл дарддæр кусын: къаннæг предметтæ равдисыны руаджы (хойрæгты бæркад ду-

канийы тæрхæджытыл кæнæ базары); уæйгæнæг æмæ æлхæнæджы фæлгонцтæ ныв кæнгæйæ.
**2. Хуызиртасынад.** Алыхуызон ахорæнты руаджы цæсты тынгдæр сахадынц нывы æвдыст къаннæгдæр предметтæ (хойрæгтæ) æмæ егъаудæр сурæттæ (адæймæгтæ).
**3. Композици.** Сыфыл равдисын æрвылбоны царды ныв – цалдæр адæймаджы дуканийы кæнæ та базары, хойрæгтæ æлхæнгæйæ.
**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.
**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, ахуырст элементтимæ. Хуызфыссынады уаг: цалдæр адæймаджы схематикон ныв лæвæрд уавæры (дуканийы, базары).
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Хойрæгты дзæкъул. Хойрæгты дуканийы, базары интерьеры хуызист. 6–7-аздзыд сабиты нывтæ лæвæрд темæйыл.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитимæ «дуканитæй» ахъазын. Хъазты рæстæг спайда кæнæн ис, сабитæ уымæйразмæйы ахуырты пластилинæй цы дыргътæ, халсартæ, адджын гуылтæ æмæ æндæр «хойрæгтæ» скодтой, уыдонæй.

### 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, дэæбæх сбадут æмæ уын æз æмдзæвгæ бакæсон. Абон цы ныв кæндзыстæм, уыдæтты тыххæй дзы дзырд цæуы. Æмдзæвгæ хуыйны: «Чи цы уарзы». Фысгæ та йæ ныккодта Михаил Пляцковский.

Уарзы къабуска тæрхъус,
Дары къабускамæ хъус.
Куыдз æфсис нæ зоны стджытæй,
Пыл – уырыдзы, бæх – сысджыйæ.
Сырддонцъиу æдылы нæу –

У йын тынг уарзон мæнæу.
Гинойæн æхсырысæртæй
Никуы сцъæх уаид йæ зæрдæ.
Алы бон зылынкъах арс
Мыд хæрид æнæхъæн аз.
Хъуг æнафонтæм цæрдæг
Дасид хизæны кæрдæг.
Къаннæг урс къæбыс – хæмпус,
У йæ цин æхсыры къус.
Уæд цы у мæнмæ та кадджын?
Уазал адджын сæлдæг, адджын.
Уымæй хуыздæр хойраг нæй!
Ахæрæм дзы иумæ, цæй!

Уæ зæрдæмæ фæцыди æмдзæвгæ? Сымах дæр уарзут сæлдæг? Æндæр ма цы хæринæгтæ уарзут?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Хæдзармæ хæринаг кæцæй æрцæуы?
**С.** Нæ мад скæны хæринаг, нана дæр скæны.
**Хъ.** Æмæ сын сымах дæр исты феххуыс кæнут?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Хæрзад æмæ пайда хæринаг скæнынæн цы хъæуы?
**С.** Хойрæгтæ.
**Хъ.** Ранымайут-ма мын, уæ мадæлтæ æмæ нанатæ хæринаг цы хойрæгтæй фæкæнынц, уыдон.
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Кас скæнынæн цытæ бахъæудзæнис?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Ис нæм, зæгъæм, дзидза, картоф, къабуска, хъæдындз, уырыдзы, цæхæра. Цы хæринаг скæнын у нæ бон?
**С.** Борщ.
**Хъ.** Ирон чъиритæн та нæ цытæ хъæуы?
**С.** Ссад, ирон цыхт, царв æ. а. д.

**Хъ.** Сабитæ, æмæ нын кæм уыдзысты уыцы хойрæгтæ?
**С.** Базары кæнæ сæ дуканийы балхæндзыстæм.
*Хойрæгты дуканиты хуызтæ (стыртæ, супермаркеттæ, æмæ гыццылтæ), цавæр хайæдтæ дзы ис (дзулы, адджинæгты, дзидзайы, æхсыры, дыргъытæ æмæ халсарты, нозтыты æ. а. д.), уыдæтты тыххæй хъомылгæнæг бæстон æрдзырдта сабитимæ. Разæнгард сæ кæны, цæмæй æххæст æмæ биноныг дзуæппытæ дæттой, сæ ныхас мидисджын æмæ цымыдисаг уа. Рохуаты нæ баззадысты дуканийы кусджытæ – уæйгæнджытæ дæр. Уæйгæнæг æмæ æлхæнæгæн кæрæдзимæ уæзданæй дзурын кæй æмбæлы, уый банысан кæны хъомылгæнæг.*
**Хъ.** Цæй, ныр ныв кæнынмæ бавналæм. Фыццаг уал уæйгæнæджы сныв кæнæм, стæй та – нæхи. Кæй уæ цы хайад фæнды, уым равдисæд архайд. Зæгъæм, адджинæгты хайадмæ бацыдыстут уæ мадимæ. Къафеттæ уын сбарста уæйгæнæг æмæ сæ уæ хызыны нывæрдтат. Сæлдæджыты хайадыл дæр уæ фæндаг акодтат. Хæрзаддæр æмæ хуыздæр сæлдæджытæ равзæрстат. Кæд уæ, мыййаг, искæмæн цымыдисагдæр у базар сныв кæнын? Табуафси, бар уын и.
*Сабитæ зæрдиагæй кусынц. Дуканийы, базары цы федтой, уыдон сæ нывты равдисынмæ тырнынц.*

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, айразмæйы ахуыры мах дзырдтам хæрзад æмæ пайда хæринæгты тыххæй. Цæмæй хъæддых уат, рынчынтæ ма кæнат, уый тыххæй цавæр хæринаг хъуамæ хæрат?
**С.** Нæ хæринаг хъуамæ хъæздыг уа алыхуызон витаминтæй.
**Хъ.** Хæрзад æмæ пайда хæринаг сцæттæ кæныны тыххæй уал раздæр цы хъæуы?
*Сабиты дзуæппытæ. (Хойрæгтæ балхæнын хъæуы дука-*

*нийы, базары.)*

**Хъ.** Цавæр хойрæгтæ уæй кæнынц дуканийы?

**С.** Дуканийы бирæ алыхуызон хойрæгтæ уæй кæнынц. Тæрхæджытыл æвæрд сты æмæ, æлхæнджытæй кæй цы хъæуы, уый æвзары…

**Хъ.** Алчи уæ йæхи фæндонмæ гæсгæ хъуамæ, дуканийы цавæр хайад æй фæнды, уый снысв кодтаид. Цавæр хайæдтæ равзæрстат?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Хорз. Фæлæ уæ дуканиты тæрхæджытыл хойрæгтæ цыма фаг нæй, афтæ мæм кæсы. Фæфылдæр сæ кæнут, кæннод уæм æлхæнджытæ нæ бацæудзысты. Мах ныртæккæ нывтæм иумæ æркæсдзыстæм æмæ бауынаффæ кæндзыстæм, цæмæй сæ баххæст кæнын хъæуы, уый. Мæнæ ацы нывы æвдыст цæуы дзулы хайад. Тæрхæджытыл цы снысв кæнæн ис?

**С.** Тымбыл æмæ дæргъæццон дзул, адджын гуылтæ, къренделитæ æ. а. д.

**Хъ.** Тынг хорз! Мæнæ ацы нывы та уынæм къалбæсты хайад. Цы дзы равдисын æмбæлы?

**С.** Сосискæтæ, сарделькæтæ, фых æмæ фæздæгдзыд къалбæстæ, фæздæгдзыд дзидзайы къуылдыхтæ æ. а. д.

**Хъ.** Ацы нывмæ дæр æркæсæм…

**С.** Мæ мадимæ базары уыдтæн æмæ йæ снысв кодтон: пъамидортæ, джитъритæ, цывзытæ, уырыдзытæ, цæхæратæ, къабуска балхæдтам…

**Хъ.** Тынг хорз сæ равдыстай дæ нывы. Ныр ма сæм хуызджын ахорæнтæй дæр базил æмæ бынтон срæсугъд уыдзысты. Цы ма ис балхæнæн базары?

**С.** Алыхуызон зайæгхæлттæ æмæ дыргътæ. Сæнæфсир, апельсинтæ, мандаринтæ, банантæ, фæткъуытæ, кæрдотæ кæритæй лæууынц тæрхæджытыл. Алы ахорæнтæй тыбар-тыбур кæнынц. Тынг рæсугъд сты.

**Хъ.** Ӕрмӕст рӕсугъд не сты, фӕлӕ ма уыимӕ – витаминтӕй тынг хъӕздыг. Цӕмӕй сӕ балхӕнынмӕ адӕймаджы сразӕнгард кӕнӕм, уый тыххӕй сӕ нӕ нывты куыд хъуамӕ равдисӕм?
**С.** Рӕсугъд хуызджын ахорӕнтӕ равзарын хъӕуы, цӕмӕй, куыд хӕрзад ӕмӕ донджын сты, уый зына.
**Хъ.** Хорз, мӕ хуртӕ! Мӕнӕ ацы нывы та адджинӕгты хайад ӕвдыст цӕуы. Кусӕм дарддӕр. Зӕрдиагӕй архайут, арӕхстгӕ пайда кӕнут ахорӕнтӕй. Хъуамӕ, уӕ нывты цы хӕринӕгтӕ равдисат, уыдоны уындӕй зӕрдӕ райа, алкӕй дӕр бафӕнда уыдонӕй ацаходын. Куы сыстыр уат, уӕд уӕ уӕйгӕнӕг суӕвын искӕй фӕнды?
*Сабиты дзуӕппытӕ.*

*27–28 ахуыртӕ*

**Иумӕйаг темӕ: «Зымӕг».**
**Темӕ: «Ногбон». Зӕрдылдарды бындурыл ныв кӕнын.**
**Нысан:**

– Афӕдзы афонты тыххӕй дарддӕр ӕрдзурын. Ногбонтӕ – зымӕджы сӕйрагдӕр ӕвдисӕндартӕй иу.

– Рӕзын кӕнын сабиты фӕлгӕнӕн ӕмӕ хъусдард, уӕрӕхдӕр сын кӕнын сӕ эмоционалон дуне, цӕмӕй цард сӕ зӕрдӕмӕ ӕхсызгон ӕмӕ зӕрдӕскъӕфгӕ диссагау исой ӕмӕ йыл цин кӕной.

– Сӕ рӕстӕг хъӕлдзӕгӕй ӕрвитынмӕ, культурон ӕгъдауӕй сӕ улӕфт уадзынмӕ ӕмӕ сфӕлдыстадон хъӕзтытӕ кӕнынмӕ куыд арӕхсой, сабиты афтӕ хъомыл кӕнын.

**Аивадон-ахуырадон хӕстӕ:**
**1. Аивадон фӕлгонцады фӕрӕзтӕй пайда кӕнын.** Сабиты ахуыр кӕнын, алыхуызон персонажтӕ ӕмархайд кӕм кӕнынц, ахӕм уавӕр (Ногбоны бӕрӕгбон) ныв кӕнын.

**2. Хуызиртасынад.** Æрттиваг æмæ ирд детальтæй спайда кæнын æмæ афтæмæй бæрæгбоны равг ахорæнты алы хуызты руаджы равдисын.
**3. Композици.** Сабиты фæндонмæ гæсгæ гæххæтты сыфыл снывкæнын Ногбоны сюжет: «Фæлындæм наз», «Ногбоны хъазтизæр», «Митын Дада нæм æрбацæуы» æ. а. д.
Кусæн фæрæзтæ: хуызджын фломастертæ.
**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, фæлгонцтæ активон ахуырст кæнгæйæ.
**Хуызфыссынады уаг:** Ногбоны сюжеты схематикон фæлгонц бæрæгбоны характерон атрибуттимæ.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Гыццыл наз бæлас (кæнæ къалиу) æд хъазæнтæ, карнавалон маскæтæ æмæ бæрæгбоны равг банкъарынæн ахъаз уæвæг æндæр атрибуттæ. Наз бæлæсты хуызистытæ. 6–7-аздзыд сабиты нывтæ Ногбоны темæйыл.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ.

### 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Зымæг æрцыди. Йемæ нæ къæсæрыл æрбалæууыди сабиты уарзондæр бæрæбон. Куыд хуыйны?
**С.** Ногбон.
**Хъ.** Бæрæгбæттæ бирæ сты, фæл сабитæ ацы бæрæгбон фылдæр уарзынц. Цæмæн?
**С.** Ног азы бирæ диссæгтæ æрцæуы! Наз бæласы бынмæ нæм Митын Дада æрбацæуы Минтæимæ. Алыхуызон лæвæрттæ нын æрбахæссынц.
**Хъ.** Сабитæ та цы æрцæттæ кæнынц Митын Дадайæн?
**С.** Сабитæ сахуыр кæнынц зарджытæ, кæфтытæ, æмдзæвгæтæ. Митын Дада сæм æхсызгонæй байхъусы, бакæсы.
**Хъ.** Уæдæ ма мæнæн дæр исты æмдзæвгæ радзурут…

Хорз уаид, сабитæй исчи, Ногбонмæ цы æмдзæвгæ сахуыр кодта, уый куы радзурид, уæд.
**С.** Наз бæлас ма ныв кодтам, фæлæ та нæ ногæй фæнды Ног азы бæрæгбон гæххæттыл равдисын.
*(Кæс: Кæстæр къорды 7 темæйы 14 ахуыр æмæ астæуккаг къорды 8 темæйы 13 ахуыр.)*
**Хъ.** Уе 'ппæты дæр фæнды Ног азы бæрæгбон сныв кæнын?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Алчи уæ сныв кæнæд, цы йæ фæнды, уый. Æрмæст уæ ма ферох уæд иу хъуыддаг: уæ нывты мидис æнæмæнг хъуамæ баст уа зымæгон темæ, зымæгон бæрæгбæттимæ.
*Сабитæ дзурынц, чи сæ цы сныв кæндзæнис, уый тыххæй. Хъомылгæнæг сын æвдисы зымæгимæ баст хуызистытæ æмæ нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ.*

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, тынг хъæлдзæг стут æмæ мын æхсызгон у. Цæуыл цин кæнут?
**С.** Ногбон æрхæццæ кæны!
**Хъ.** Æмæ йæм уæхи бацæттæ кодтат? Митын Дада уын æнæмæнг лæвæрттæ æрбахæсдзæн. Сымах та йын цæмæй барухс кæндзыстут йæ зæрдæ?
**С.** Æмдзæвгæтæ, зарджытæ, кæфтытæ сахуыр кодтам, алыхуызон ног хъæзтытæ дæр базыдтам. Нывтæ дæр цæттæ кæнæм æмæ сæ Митын Дада æмæ Минтæйæн равдисдзыстæм.
**Хъ.** Айразмæйы ахуыры кæй скодтат, уыцы нывтæм-ма æркæсæм. Чи уæ цы сныв кодта?
**С.** Алчидæр, цымыдисагдæр ын цы у, уый сныв кодта. Æз – бæрæгбоны наз бæлас.
**Хъ.** Нæ къорды сабиты нывтæ хъуамæ фæйнæхуызон уой. Уæд нæ Ногбоны нывты равдыст цымыдисаг рауайдзæн.

**С.** Ӕз сныв кодтон Митын Дадайы. Хъал бæхтæ йын йæ дзоныгъ скъæфынц митæмбæрзт фæндагыл, митхъæпæнты сæрты æнцонæй асæррæтт кæнынц. Уый тагъд кæны сабитæм. Голладжы дзаг лæвæрттæ сын хъуамæ байуара.
**Хъ.** Цы хорз у!
**С.** Ӕз та бæрæгбоны хъазтизæр сныв кодтон. Наз бæласы цырæгътæ судзынц, йæ хъазæнтæ тæмæнтæ калынц.
**Хъ.** Йæ алыварс та сабитæ кафынц! Тынг хорз дын рауадысты!
**С.** Бæрæгбоны дарæстæ сыл скодтон. Алкæмæн дзы – аргъауы маскæ.
**Хъ.** Уæхицæн дæр бæрæгбоны хъазтизæрмæ сæрмагонд дарæс цæттæ кæнут? Кæмæн уæ цавæр фæлыст уыдзæн?
**С.** Ӕз мæхи тæрхъусы арæзт скæндзынæн. Мæ дарæс – урс, мæ урс худæн – даргъ хъустæ. Мах та миты гæлæбутæ уыдзыстæм. Ӕз та – зылынкъах арс.
**Хъ.** Иттæг хорз. Уæ нывтæ тынг зæрдæмæдзæугæ рауадысты. Ныр ма сæм хуызджын ахорæнтæй базилут æмæ нæ нывты равдыст цæттæ уыдзæн. Цавæр ахорæнтæ райсын хъæуы?
**С.** Ирд, бæрæгбоны хъæлдзæг равг чи æвдиса, ахæмтæ.

*29–30 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Зымæг».**
**Темæ: «Зымæгон пейзаж». Ӕрдзы нывтæм гæсгæ ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Зымæгон æрдзы ивддзинæдты тыххæй дарддæр æрдзурын.
– Рæзын кæнын сабиты хъусдард, æрдзы нывты эмоционалон æнкъарынад. Сабиты сфæлдыстадон рæзтæн стыр ахъаз фæуыдзæн ног æрмæджытæй пайда

кæныны фæрæз.

– Ӕрдзы рæсугъддзинад куыд уыной æмæ æнкъарой, зæрдæхцон сын куыд уа æмæ сæ сфæлдыстадон архайдмæ куыд разæнгард кæна, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Пейзажы хæйттæ æвдисгæйæ сабиты нынв кæныны арæхстдзинадыл кусын. Базонгæ сæ кæнын, зымæгон бæлæсты митæмбæрзт къалиуты рæсугъддзинад уæлдай хуыздæр кæй фæрцы равдисæн ис, уыцы  ног техникæимæ *(мыдадзын мелтæ æмæ акварелон ахорæнты æмхæццæ).*

**2. Хуызиртасынад.** Мыдадзын мелтæй конд нывмæ рухсдзыд ирд акварелон ахорæнтæй куы базилай, уæд дзы цы фæлгонц рауайы, сабитæ уый рæсугъддзинад куыд банкъарой, ууыл бацархайын. Ахорæнты фæрцы зымæгон пейзажы равг равдисын.

**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл зымæгон пейзаж равдисын (сæйраг акцент – бæлæстыл). Нывмæ ма бафтауæн ис, темæйæн дзуапп чи дæтты, æндæр ахæм фæлгонцтæ дæр *(сабитæ, митын лæг, мæргътæ æ. а. д.).*

**Кусæн фæрæзтæ:** æмхæццæ – мыдадзын мелтæ æмæ акварель.

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, ахорæнты фæрцы йын хуыз ратгæйæ.

**Хуызфыссынады уаг:** митæмбæрзт зымæгон пейзажы схематикон фæлгонц.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Рæсугъд зымæгон пейзажты хуызистытæ. Нывгæнджыты зымæгон темæйыл конд уацмысты репродукцитæ æмæ 6–7-аздзыд сабиты нывтæ.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-5 æмæ А-3, мыдадзын мелтæ, акварелон ахорæнтæ, палитрæ, хъисойтæ *(рæстæмбис æмæ*

*уымæй стырдæр),* банкæ донимæ, къухтæсæрфæн.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, уæ нывты сымах равдыстат Ног азы бæрæгбæттæ. Тынг хорз нывтæ скодтат! Митын Дадайы зæрдæмæ тынг фæцыдысты. Бæрæгбæттæ фесты, фæлæ зымæг дарддæр йæ кæнонтæ кæны. Акæсут-ма рудзынгæй, æрдз куыд рæсугъд у! Цы уынæм?

**С.** Мит. Зæххыл дæр æмæ хæдзæртты сæртыл дæр.

**Хъ.** Бирæ мит ныууарыди ацы аз, къæхтæ дзы анығъуылынц. Тезгъо кæнынмæ куы уыдыстæм, уæд митыл цы федтат?

**С.** Алыхуызон фæдтæ – адæймаджы, цъиуты, куыйты, гæдыты.

**Хъ.** Уынут, кæй фæдтæ сты, уый куыд базонæм! Сабитæ, бæлæстæ та цыхуызæн вæййынц зымæгон?

**С.** Бæлæстыл сыфтæртæ нæй, æмæ алы къалиу дæр, кæд митæмбæрзт у, уæддæр хорз зыны. Тынг рæсугъд сты бæлæстæ зымæгон!

**Хъ.** Алы къалиу дæр зымæг миты батыхта, басийынæй сын тас нæу. Хæхтæм дæр-ма скæсут – æрмæст сæ цъуппытæ нæ, фæлæ æнæхъæнæй дæр митæй нæ зынынц. Уæлдæф дæр уыцы сыгъдæг у! Æхсызгонæй æмбæлы зæрдæйыл! Æппæт уыцы рæсугъддзинад сныв кæнын уæ фæнды? Сабитæ, æз уын абон бацамондзынæн, митæмбæрзт бæлæстæ куыд ныв кæнын хъæуы, уый. Пайда кæндзыстæм мыдадзæй конд мелтæй. *(Мелтæй куыд архайын хъæуы, уый хицæн гæххæттыл æвдисы.)* Фыццаг уал гæххæттыл мелтæй хæххытæ скæнæм. Стæй хъисой исты ахорæны атулæм æмæ дзы гæххæтт æнæхъæнæй сахорæм. Цы нын дзы рауадис?

**С.** Хæххытæ нæ бамбæхстысты.

**Хъ.** Уæдæ ныр та мыдадзын мелтæй бæласы къалиу сныв кæнæм! Уынут, акварелæй йæ ахорын, фæлæ къалиу куыд дзæбæх зыны? Æрмæстдæр йæ фон сахуырсы. Фæлурс мелæй куы сныв кæнæм бæласы къалиутæ, стæй сæ акварелæй куы сахорæм, уæд афтæ зындзæни, цыма сыл мит æруарыди! Куыд уæм кæсы, афтæ æндæр исты дæр сныв кæнæн ис? Зæгъæм, хæхтæ, хæдзар, фæндаг?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Кæй фæнды бафæлварын? Ныртæккæ уын æз гыццыл гæххæтты сыфтæ райуардзынæн, æмæ уыдоныл уæхæдæг мыдадзын мелтæ æмæ акварелæй афæлварут ныв кæнын.
*Ног æрмæджыты руаджы сабитæ ноджы тынгдæр бацымыдис вæййынц ныв кæнынмæ. Алчи зæрдиагæй æрлæууыди куысты сæр. Кæй сæ цы фæнды, уый ныв кæны къаннæг сыфыл.*
**Хъ.** Бафæлвæрдтат? Ныр та стыр сыфтæ райсæм. Ныв кæнæм зымæгон æрдз. Цавæр фæлгонцтæ хъуамæ равдисæм, пейзаж ныв кæнгæйæ?
**С.** Бæлæстæ, фæндæгтæ, хæдзæрттæ. Иууылдæр урс сты митæй.
**Хъ.** Сабитæ, афтид бынат ма нын кæм аззади, уым та цы сныв кæндзыстæм?
**С.** Сабитæ уынджы хъазынц: миты къуыбæрттæ æхсынц, митын лæг аразынц, къахдзоныгътыл бырынц, ихын къуыбырæй сæхи дзоныгътыл рауадзынц. Тынг цин кæнынц зымæгыл!

### 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, айразмæйы ахуыры мах базонгæ стæм ног аивадон техникæимæ. Уæ зæрдæмæ фæцыди? Цæмæй ныв кодтам?
**С.** Мах ныв кодтам мыдадзын мелтæй. Тынг цымыдисаг

сты. Уыдонæй цы ныв скæнай, ууыл ахорæн нæ хæцы.
**Хъ.** Цавæр ахорæнтæй пайда кодтам?
**С.** Акварелон.
**Хъ.** Æмæ ныв кæнын та цы фæлвæрдтам?
**С.** Мах ахуыр кодтам митæмбæрзт хæдзæрттæ æмæ бæлæстæ ныв кæнын, миты тъыфылтæ зæхмæ куыд хауынц, уый. Мыдадзын мелтæ æмæ акварелы руаджы ахæм нывтæ тынг рæсугъд уайынц. Раст цыма æцæг мит у, уый хуызæн.
**Хъ.** Ныртæккæ уæ нывтæм лæмбынæг æркæсут. Уæ зæрды цы уыди, уыдон иууылдæр сныв кодтат? Гæххæттыл афтид бынæттæ нал ис? Уæ нывтæ кæронмæ фæут мелæй æмæ сæм ныр та акварелæй срæсугъд кæнæм.
Акварелæн æмбæлы егъаудæр хъисой райсын – фæлмæн æмæ хæмпус. Бирæ дон чи цъира, ахæм: уый тынг ахсджиаг у акварелон ахорæнтæн. Дзырд «аква» нысан кæны «дон». Уæдæ акварелон ахорæнтæ цавæртæ сты?
**С.** Доны. Донахорæнтæ. Дон тынг уарзынц.
**Хъ.** *(дон хъисойæ куыд исын æмæ ахорæнтæ куыд хуылыдз кæнын хъæуы, уый æвдисы сабитæн).* Уæ хъисойтæ доны атулут. Уадз æмæ хорз ныддонласт уой. Ныр хъисойæ арæхстгай ахорæныл æрæртах кæнут, цæмæй ахорæн дон «бануаза» æмæ æрфæлфæн уа. Афтæ ахорæнтæй алкæцы дæр уæ куысты размæ донæй бафсадут æмæ йын йæ хуыз уæ зæрдыл æрлæууын кæнут. Акварелон ахорæнтæ вæййынц… Цавæртæ? Ранымайут-ма сæ!
**С.** Бур, сырх, кæрдæгхуыз, æрвхуыз æ. а. д. Гуашьтæ куыд вæййынц, уыдон дæр афтæ.
**Хъ.** Куы сæ схуылыдз кодтам, уæд цæхæртæ скалдтой. Æнцонæй сæ исæн ис хъисойæ. Хъисойыл дæр ауæрдын хъæуы. Цæмæй арæзт у, уый-ма хъуыды кæнут?
*(Кæс: Кæстæр къорды 6 темæйы 11 ахуыр.)*
**С.** Хъисойтæ аразынц æхсæрæджы къæдзилы хъистæй.

**Хъ.** Тынг раст! Уæдæ равдисут, уæ ныхтæм хуызджын ахорæнтæй базилынмæ куыд арæхсут, уый. Цавæр ахорæнтæ райсын хъæуы?
**С.** Зымæгон: ирд, бæрæгбонхуыз, рæсугъд.

*31–32 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Националон дарæс»**
**Темæ: «Ирон кафт». Зæрдылдард æмæ фиппайды бындурыл ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Сабиты базонгæ кæнын ирон дарæс æмæ йæ аивгæнæг хицæндзинæдтимæ (орнамент, фæлындæнтæ).

– Рæзын кæнын сабиты хъусдард æмæ абстрактон хъуыдыкæнынад, ахуыр сæ кæнын афтæ, цæмæй вазыгджын формæ æнкъарой хуымæтæг формæты иугонды хуызы.

– Ирон адæмы культурон традицитæ æмæ фæткæн аргъ куыд кæной, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Бамбарын æмæ равдисын сылгоймаг æмæ нæлгоймаджы дарæсы сæйраг конструкци (йæ бындуры æртæкъуымон формæтæ бæрæг дарынц) æмæ аивгæнæн характерон элементтæ (рон, риуæгънæджытæ, орнамент).
**2. Хуызиртасынад.** Контрастон хуызты рæсугъддзинад бафиппайын: нæлгоймаджы дарæсы традицион тар æмæ сылгоймаджы дарæсы райдзаст фæлгъуызтæ.
**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл сныв кæнын кафæг сылгоймаг æмæ нæлгоймаджы егъау сурæттæ ирон дарæсы. Сæ алыварс – бæрæгбонхуыз. Къухтæ æмæ дарæсы æууæлтæй кафты уавæр равдисын.
**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, фæлгонцтæ æмæ фонмæ хуызджын ахорæнтæй базилгæйæ.
**Хуызфыссынады уаг:** кафджыты сурæтты схематикон ныв ирон дарæсты.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Адæймæгты нывтæ (кæнæ хуызистытæ) ирон дарæсы. Ирон орнамент (2–3 хуызы). Æндæр адæмты дарæстæ – нывтæ кæнæ хуызистытæ (абарынæн). Куклатæ ирон дарæсты. Ирон кафты мелоди дискыл фыстæй.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-4, 12 хуызы фломастертæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Артисттæ ирон кæфтытæ куыд кæнынц, уымæ бакæсын *(телевизоры равдыст кæнæ дискыл фыстæй),* уæлдай тынгдæр сын сæ дарæсмæ хъус æрдарын. Рагацау гæххæттæй ралыг кæнын, цы дарæс æвдыст цæуы, уый хуызæн геометрион фигурæтæ *(дæргъдымбылæг, зылд, квадрат, расткъуымæг, æртæ-къуымæг).*

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Ног аз ралæууыди. Йæ райдианимæ баст бæрæгбæттæ ахицæн сты. Бирæ цин æмæ хъæлдзæгдзинад æрхастой. Махæн нæ зæрдæ ради, хъазыдыстæм, кафыдыстæм. Кафын уарзут? Цавæр кæфтытæ зонут?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Ис ахæм кæфтытæ, дунейы адæм иууылдæр кæй зонынц. Фæлæ ма ис хицæн адæмты кæфтытæ дæр, алы адæмæн дæр йæ культурон традицитæм чи хауы, ахæмтæ. Уыдон æвдисынц адæмы характер, миддунейы хъæздыгдзинад, удыхъæды сыгъдæгдзинад, се змæлд æмæ сæ дарæсы рæсугъддзинад, се 'хсæн ахастыты уæздандзинад . Сабитæ, ирон кафт кæнын уæ чи зоны æмæ уæ акафын кæй фæнды? *(Зæлы ирон кафты мелоди. Сабитæ – чызг æмæ лæппу –*

*кафынц.)* Мæнæ куыд хорз арæхсут! Сабитæ, ирон чызджы кафтмæ кæсгæйæ цы зæгъын у нæ бон?
**С.** Уæзбын æмæ хиуылхæцгæ змæлд, чызг – уæздан, æфсæрмдзæстыг, сæрыстыр.
**Хъ.** Нæлгоймагæй та цы зæгъæн ис, йæ кафтмæ йын куы кæсæм, уæд?
**С.** Хъæбатыр, цæрдæг, ныфсхаст, сæрæн.
**Хъ.** Йæ кафты змæлдтытæй нæлгоймаг архайы йæ удыхъæды æппæт уыцы миниуджытæ æххæстæй равдисын. Тынг æй фæнды чызджы зæрдæмæ фæцæуын: къахфындзтыл кафы, кафгæ-кафын йæхи хæрдмæ фехсы. Кафгæйæ лæппу чызгмæ хæрз хæстæг бацæуы, фæлæ йын йæ дарæсыл дæр нæ аныдзæвы. Уымæй, йе 'мкафæг чызгæн стыр аргъ кæй кæны, уый зæгъынмæ хъавы. Суанг ма йæ цухъхъайы дыстæ дæр сты дæлæмæ уагъд.
Чызг йæ къахфындзтыл, цыбыр къахдзæфтæ кæнгæйæ, уæздан сиры. Йæ къахыдарæс йæ даргъ къабайы бынæй нæ зыны æмæ, цыма ленк кæны, адæймагмæ афтæ кæсы. Сабитæ, уæ цæсгæмттыл зыны, тынг уæ фæнды ирон кафт гæххæттыл равдисын. Ныртæккæ ныв кæнынмæ бавналдзыстæм, фæлæ уал раздæр кафджыты дарæсмæ лæмбынæг æркæсæм. *(Æвдисы сын куклатæ. Сæ уæлæ – ирон дарæс.)* Нæлгоймаджы уæлæ цы вæййы?
*Сабиты дзуæппытæ. (Ымайынц нæлгоймаджы уæлæдарæс: куырæт, цухъхъа, зæнгæйттæ æ. а. д.)*
**Хъ.** Раст, тынг раст! Ныр та сылгоймаджы дарæсмæ æркæсæм. Ирон чындзы ныв кодтам айразмæйы ахуырты. Йæ дарæс ын уæ зæрдыл æрлæууын кæнут! *(Кæс: Астæуккаг къорды 10 темæйы 16 ахуыр.)*
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æркæсæм-ма, гæххæттæй цы геометрион фигурæтæ ралыг кодтам, уыдонæй кæцыйы хуызæн у ирон дарæсы сæйраг формæ? Райсут фигурæтæ æмæ сæ нывтыл иу-

гай æрæвæрут. *(Сабиты раз æрæвæры сылгоймаг æмæ нæлгоймаджы нывтæ ирон дарæсы. Дæтты сæм геометрион фигурæтæ.)*
**С.** Нæлгоймаджы уæлæдарæс дæр æмæ сылгоймаджы уæлæдарæс дæр æнцонæй саразæн ис алы ас *(стыр, рæстæмбис æмæ гыццыл)* æртæкъуымонтæй.
**Хъ.** Уæдæ сæ ныр та сныв кæнын бафæлварут.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, фæстаг хатт цæуыл дзырдтам, цæмæ кастыстæм?
**С.** Ирон дарæсы кой кодтам, кастыстæм æм.
**Хъ.** Куыд бамбæрстам, афтæмæй дарæс у адæмы культурæйы ахсджиаг хай. Дарæсмæ гæсгæ, чи кæцон у, уый æнцонæй раиртасæн ис. Æмæ ныв та цы кодтам?
**С.** Кафт. Чындздзон чызг æмæ усгур лæппуйы кафт.
**Хъ.** Сабитæ, цæмæн сфæнд кодтам нæ нывы кафт равдисын?
**С.** Уымæн æмæ, ирон кафт куы фæкæнынц, уæд сæ уæлæ ирон дарæс скæнынц.
**Хъ.** Ирон дарæсы ма кæм фенæн ис адæмы? Уынгмæ, куыстмæ цæугæйæ исчи йæ уæлæ ахæм дарæс скæны?
**С.** Нæ! Уый алы бон даргæ нæу, бæрæгбоны дарæс у! Концерты рæстæг æй артисттæ скæнынц. Ирон чындзы уæлæ дæр ирон дарæс вæййы.
**Хъ.** Раст у, ирон адæмæн абоны онг уый фæткæн баззади. Мæнæ нæ чызджытæ дæр куы сыстыр уой, уæд сæ чындзæхсæвы бон ирон дарæс скæндзысты. *(Хорз уаид исты бæрæгбоны хуызистытæ равдисын: адæм – ирон дарæсы.)* Сабитæ, сымах хорз сныв кодтат ирон дарæс айразмæйы ахуыры. Абон нæ куыст хъуамæ дарддæр ахæццæ кæнæм. Ныртæккæ уын уæ нывтæ райуардзынæн

æмæ сæм хъуамæ æркæсæм, кæддæра дарæсы алы хæйттæ дæр сæ бынаты сты æви нæ. Зæгъут, цы ма бафтауæн ис мæнæ ацы нæлгоймаджы сурæтмæ?
**С.** Йæ астæуыл – хъама.
**Хъ.** Раст у. Ирон дарæс æнæ хъама нæ фидыдта, уыимæ – хъуамæ уыдаид æвзист кæнæ та сыгъзæриндонытылд. Уæд цухъхъайы бæрцытæ дæр уыдысты æвзист. Нæ сæ ферох кодтат сныв кæнын? *(Æвдисы нæлгоймаджы дарæсы ныв, уæлдай æргом лыстæг хæйттæм здахгæйæ.)* Сылгоймаджы дарæсæн та цавæр фæлындæнтæ сныв кодтат?
**С.** Сылгоймаджы дарæсы сæйраг аивгæнæнтæ – риуæгънæджытæ æмæ æвзист рон рæсугъд æргъæвæгимæ.
**Хъ.** Тынг раст! Ныр та æркæсæм сылгоймаджы дарæс аивгæнæнтæм. (Æвдисы сылгоймаджы дарæсы хуызист, хъæздыг орнаментæй аивгонд.)
**С.** Худ, къабайы фæччи æмæ æфтаугæ дыстыл ис сыгъзæрин æмæ æвзист æндæхтæй конд рæсугъд нывæфтыдтæ.
**Хъ.** Уыцы рæсугъд нывæфтыдтæ сымах хъуамæ уæ нывты равдисат. Сабитæ, худ йеддæмæ чызджы сæрыл ницы ис?
**С.** Ис. Лыстæгбыд хызы хуызæн къухæйконд зæлдаг кæлмæрзæн.
**Хъ.** Ахæм кæлмæрзæн ирон чызджытæ дардтой сæ худты уæлæ. Сæ бæрæгбоны дарæс сын нოджы аивдæр кодта. Ныв кæнæм. Фæлæ-ма уал мын раздæр зæгъут, цæй фæрцы равдисдзыстут ирон дарæсы рæсугъддзинад уæ нывты?
**С.** Рæсугъд нывæфтыдтæй йæ саив кæндзыстæм, рæсугъд ахорæнтæ йын равзардзыстæм.
**Хъ.** Тынг хорз! Фæлæ, цæмæй ирон дарæсы хицæндзинæдтæ хуыздæр раиртасæм æмæ сæ нæ нывты бæлвырддæр равдисæм, уый тыххæй æндæр адæмты дарæстæм дæр æркæсæм æмæ сæ уыдонимæ абарæм. *(Æвдисы, йæхи фæндонмæ гæсгæ, 3–4 хуызисты: узбекаг, украинаг, уырыссаг, болгайраг æ. а. д. адæмон дарæстæ. Хъус уæлдай*

*тынгдæр æрдарын кæны дарæсты хуызтæм.)* Ирон дарæсæн йæ хуыз цавæр у?

**С.** Чызджыты дарæс – урс кæнæ æндæр исты райдзаст хуыз. Нæлгоймаджы дарæс – тарбын, хиуылхæцгæ, тызмæг хуыз: тарбынфæныкхуыз, тарбынæрвхуыз, сау, морæ.

**Хъ.** Тар æмæ райдзаст хуызты æмиуад хуыйны «контрастон». Цухъхъайæн дæр æмæ разгæмттæн дæр сæ хъуымац у иухуызон – иннæ адæмты дарæстау ирд æмæ хъулæттæ нæу. Уыйхыгъд разгæмттыл ис нывæфтыдтæ, фæлындæнтæ. Кæд, мыййаг, уыдон сты ирд? Цъæх сыфтæртæ, сырх, бур, æрвхуыз дидинджытæ?

*Сабиты дзуæппытæ. Сæхигъæдæй хатдзæг кæнынц, нывæфтыдтæм дæр хъулон-мулонæй кæй ницы ис, къабайы хуызмæ æввахс кæй сты.*

*33–34 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Транспорт»**

**Темæ: «Ирвæзынгæнæн транспорт». Цы федтой, цы фехъуыстой кæнæ сæхæдæг цы бавзæрстой, уый бындурыл ныв кæнын.**

**Нысан:**

– Сабиты дарддæр зонгæ кæнын транспорты алы хуызтæ æмæ сæ нысанимæ. Транспорты ахадындзинад не ’мдугон адæймаджы царды. Хъус уæлдай тынгдæр æрдарын уæззау куыст роггæнæг æмæ ирвæзынгæнæг транспортмæ.

– Сабиты цымыдис кæнын нырыккон техникæ æмæ йæ авналæнтæ зонынмæ. Рæзын сын кæнын сæ хъусдард, фæлгæнæн, эмоционалон æнкъарындзинад.

– Искæмæн фæтæеригъæд æмæ феххуыс кæнынмæ зивæг куыннæ кæной, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Сабиты фæндонмæ гæсгæ вазыгджын техникон формæ (транспортон фæрæз) ныв кæныныл бакусын.
**2. Хуызиртасынад.** Хуызты руаджы равдисын катай æмæ тасы уавæр кæнæ фыдбылызæй фервæзты цин.
**3. Композици.** Сыфыл равдисын транспортон фæрæз *(агурæг вертолёт, артхуыссынгæнæн машинæ æ. а. д.)* фæдисы уавæры.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.
**Хуызфыссынад:** хуызджын.
**Хуызфыссынады уаг:** транспортон фæрæзы схематикон ныв бæрæг уавæры.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Алыхуызон транспортон фæрæзты нывтæ. Вертолёт æмæ артхуыссынгæнæн машинæ. Журналтæ æмæ газеттæй темæмæ гæсгæ лыггонд хуызистытæ. Транспортон фæрæзты хуызы кæмæй пайдагонд цæуы, уыцы цæрæгойты (пыл, бæх, хæрæг, цæгатаг сагтæ æмæ куыйтæ) хуызистытæ. Къорды цы хъазæн машинætæ ис, уыдон.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-4, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(гыццыл, рæстæмбис æмæ уымæй стырдæр),* банкæ донимæ, къухтæсæрфæн.
**Рагагъоммæйы куыст.** Газеттæ æмæ журналтæй равзарын æрмæджытæ темæмæ гæсгæ æмæ сæ сабитæн бакæсын.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, нæ абоны ахуыры темæ – транспорт. Рагæй нал ныв кодтам машинæтæ æмæ алыхуызон техникæ. Æрвылбоны царды æнæ машинæ мах къахдзæф дæр нæ кæнæм. Зæгъæм, сæумæрайсом адæймаг йæ хæдзарæй рацыди. Куыстмæ йæ цæуын хъæуы. Цæуыл ацæудзæни?

**С.** Машинæйыл. Йæ бон у, æмæ трамвайы, троллейбусы, маршрутон таксийы сбада.
**Хъ.** Дард цæуын æй куы хъæуа, зæгъæм, æндæр горæтмæ, уæд та?
**С.** Уæд та – элæктричкæйы, поезды, хæдтæхæджы.
**Хъ.** Кæй ранымадтат, уыцы транспортон фæрæзтæ иууылдæр сты пассажирон транспорт. Афтæ цæмæн хуыйны?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз! Ныр та нæ цæстытыл адæймаджы йæ куысты уæлхъус ауайын кæнæм: быдыры, арæзтады, заводы, дуканийы.
**С.** Уым дæр ын машинæтæ æххуыс кæнынц.
**Хъ.** Цы хуызы?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Уынут, адæймагæн йæ царды мидæг алы ран дæр æххуыс кæнынц машинæтæ. Фæлæ сæрмагонд миниуджытæ кæмæ ис, ахæм машинæтыл дæр фембæлæм. Уыдон хуыйнынц сæрмагонд нысаниуæджы транспорт. Цавæртæ сты уыцы транспорты хуызтæ? Æркæсæм-ма нывтæм. *(Æвдисы сæрмагонд нысаниуæджы транспорты алы хуызтæ.)*
**С.** Пъæлицæйы машинæ. Тагъд æххуыс. Хæстон техникæ. Митæфснайæн. Донпырхгæнæн. Быронласæн. Комбайн æ. а. д.
**Хъ.** Уынут, цас алыхуызон машинæтæ ранымадтат! Ноджыдæр ма уыцы номхыгъдмæ бирæ бафтауæн ис. Фæлæ мæн сæрмагондæй æрдзурын фæнды, бæллæхы заман адæймагæн цы машинæтæ æххуыс кæнынц, уыдоны тыххæй. Мах цæрæм Кавказы. Хæхты тынг рæсугъд бынæттæ ис, фæлæ ма уыимæ тæссаг дæр сты. Зæгъæм, уарынтæ куы сарæх вæййынц, уæд фæндæгтæ ныззаууат вæййынц, хæххон хъæутæм бацæуæн нал вæййы. Зымæгон бирæ мит куы ныууары, уæд та зæйрацыдæй тæссаг вæййы,

æфцæгыл фæндаг æрæхгæны. Адæймаг уыцы рæстæг уым фæци, зæгъгæ, уæд йæ сæр йæ кой фæвæййы. Цы гæнгæ у?
**С.** Ацы ран дæр та машинætæ æххуысмæ фæзынынц: бульдозертæ фæндаг расыгъдæг кæнынц, фæндаглæгъзгæнæнтæ йæ слæгъз кæнынц æмæ фæстæмæ йæ бынаты сбады.
**Хъ.** Дард хъæутæм алы уæргътæ куыд сæмбæлын кæндзынæ? Альпиниcттæ зын уавæры бахаудтой, уæд сæ кæй æххуысæй ссардзынæ?
**С.** *(уынаффæ кæнынц, адæмы куыд фервæзын кæнæн ис, уый тыххæй).* Æнæмæнг хъæуы вертолёт.
**Хъ.** Вертолёт цæмæн? Хæдтæхæг кæнæ машинæ нæ сарæхсдзæни?
**С.** Машинæйыл хæхты алы ран нæ ацæудзынæ. Хæдтæхæг та æгæр тагъд æмæ бæрзæндты тæхы. Вертолётæй хуыздæр ницы ис ахæм уавæры! Цыбыр рæстæгмæ алывæрстæ иууылдæр уæлдæфæй басгарæн ис, алцыдæр хорз зыны.
**Хъ.** Зæгъæм, искуы зынгирвæзт и, хæдзар ссыгъди, уæд та цы кæнын хъæуы?
**С.** Артхуыссынгæнæн машинæмæ фæдзурын хъæуы: телефон – 01.
**Хъ.** Раст зæгъут, ахæм рæстæг алы минут дæр зынаргъ у. Æнæмæнг фæдзурын хъæуы артхуыссынгæджытæм. Сабитæ, исчи уæ федта артхуыссынгæнæн машинæ? Чи зоны, артхуыссынгæнджытæ куыд архайынц, уымæ дæр искуы кастыстут?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Бæстон-ма мын радзурут, артхуыссынгæнæн машинæ цыхуызæн у? *(Йæ ныв ын æвдисы.)*
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Тынг хорз радзырдтат. Фæнды уæ, адæймаг фыдбылызы куы бахауы, уæд ын машинætæ куыд æххуыс кæнынц, уый сныв кæнын?

*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Уæдæ уæ алчидæр равзарæд, цы йæ сныв кæнын фæнды, уый: агурæг вертолёт хæхты, артхуыссынгæнæн машинæ горæты, бульдозер, зæй кæй фехæлдта, уыцы фæндагыл æ. а. д. æмæ кусын райдыдтам.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, абон дарддæр ныхас кæндзыстæм транспорты тыххæй. Цы у транспорт?
**С.** Транспорт  у фæлдзæуæн мадзал *(средство передвижения).* Хæдтулгæ, хæдтæхæг, нау, поезд æ. а. д. хауынц транспортмæ.
**Хъ.** Рæстæг куыд цæуы, афтæ цард дæр размæ цæуы. Ныры дуджы адæймаг тырны алцы базонын, басгарын, фенынмæ. Уый иу бæстæйы цæрæг нæу, фæлæ æппæт планетæйы цæрæг. Транспорты алы хуызтæй пайда кæны æмæ афтæмæй абалц кæны дунейы алы рæттæм. Бирæ азты дæргъы, цалынмæ адæмæн транспорт нæ уыди, уæдмæ уыцы хуызы пайда кодтой цæрæгойтæй. Кавказы, зæгъæм, иу ранæй иннæ ранмæ цыдысты…
**С.** Бæхыл. Хæрæгыл.
**Хъ.** Змисбыдырты…
**С.** Теуайыл.
**Хъ.** Цæгаты…
**С.** Сагтыл. Куыйтыл.
**Хъ.** Индийы …
**С.** Пылтыл.
**Хъ.** *(æвдисы цæрæгойты нывтæ).* Цæрæгойтæ, кæй зæгъын æй хъæуы, адæймагæн тынг æххуыс уыдысты, фæлæ уæддæр рагæй фæстæмæ тырныдта, иу ранæй йæ иннæ ранмæ уадидæгæн чи хæццæ кодтаид, æвæллайгæйæ йын йæ уæргътæ бынатыл чи æмбæлын кодтаид, ахæм

хæдтулгæтæ саразынмæ. Цæмæн, куыд уæм кæсы?
*Сабиты дзуæппытæ. Фæлварынц, машинæ цæрæгойæ цæмæй хуыздæр у, уыцы хъуыды раргом кæнын.*
**Хъ.** Адæймаг машинæтæ куы æрхъуыды кодта, уæд сæ æддаг бакастæй цæмæндæр цæрæгойты æнгæс саразта. Зæгъут-ма, цæй хуызæн у дæлдондзу бæлæгъ? Вертолёт? Хæрдмæисæн кран? Хæдтæхæг?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æркæсæм-ма уæ хъазæн машинæтæм. Цавæр хæйттæй арæзт сты?
**С.** *(кæсынц машинæтæм).* Гуыффæ. Цæлхытæ. Мотор. Фарæтæ. Дуæрттæ.
**Хъ.** Цæй хуызæн сты машинæйы хæйттæ? Цæимæ сæ у нæ бон абарын?
**С.** Гуыффæ у машинæйы гуыр. Цæлхытæ – цыппар къахы. Фарæтæ – цæстытæ. Мотор – зæрдæ.
**Хъ.** Машинæйæн дæр холлаг дæттын хъæуы, бæх, хæрæг кæнæ сагау?
**С.** Машинæйы ныккæнын хъæуы артаг, бензин, кæннод йæ бынатæй дæр нæ фезмæлдзæн.
**Хъ.** Зæгъут-ма, искуыдæм нæ цæуын куы хъæуа, уæд нын хуыздæр цавæр транспорт бабæздзæни?
**С.** Рог хæдтулгæ.
**Хъ.** Бирæ адæм аласынæн?
**С.** Автобус, троллейбус, трамвай.
**Хъ.** Дард цæугæйæ?
**С.** Поезд.
**Хъ.** Тагъддæр цæмæй бахæццæ уæм?
**С.** Хæдтæхæг.
**Хъ.** Нæ фæндагыл стыр цæугæдон, денджыз куы уа?
**С.** Бæлæгъ, нау.
**Хъ.** Исчи куы фæрынчын уа?
**С.** Тагъд æххуысы машинæ.

*Хъомылгæнæнæг дарддæр дæр уыцы хуызы фæрстытæ дæтты. Сабитæ радыгай дзуапп дæттынц.*

**Хъ.** Тынг хорз! Мах уал ныридæгæн сныв кодтам, адæймаджы алы уавæрты цы транспорт бахъæуы, уый. Дарддæр та равдисæм машинæйы алыварс уавæр, цæмæй, цы хабар у, уый бæрæг уа.

**С.** Æз сныв кодтон артхуыссынгæнæн сырх машинæ. Фарон нæ кæрты ахæм федтон. Иу фатер ссыгъди, йæ рудзгуытæй фæздæг калди. Артхуыссынгæнджытæ фæзындысты, рудзынгмæ даргъ асин сæвæрдтой æмæ арт ахуыссын кодтой. Æз дæр артхуыссынгæнæг уыдзынæн!

**Хъ.** Бантысæд дын! Артимæ хъазæн нæй. Спичкæтимæ арæхстгай архайын хъæуы. Уый тыххæй фарон дзырдтам. Аргъауы гæдыйы хæдзарыл арт куыд сирвæзти, уый нæ нывты равдыстам. Хъуыды йæ кæнут?

*(Кæс: Астæуккаг къорды 20 темæйы 28 ахуыр.)*

**Хъ.** Чи ма уæ цы сныв кодта?

**С.** Æз сныв кодтон, вертолёты æххуысæй адæмы куыд ирвæзын кæнынц хæхты, уый. Хæхтæ – бæрзонд, рæсугъд, адæм – бынтон гыццылтæ, уымæн æмæ вертолётæй кæсгæйæ афтæ зынынц. Тухгæ асин сæм æруагътой бынмæ æмæ йыл вертолётмæ фæхизынц.

**Хъ.** Уæ нывты алцыдæр бæстон равдисут. Бæллæхы чи бахауд, уыцы адæмы цур цыма фестадыстут æмæ сын сымах дæр æххуыс кæнут, афтæ сæ уæ цæстытыл ауайын кæнут.

*35–36 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Дæсныйæдты дуне».**

**Темæ: «Цирк нæм æрцыди». Тæлмæнтæ æмæ фиппайынады бындурыл ныв кæнын.**

**Нысан:**

– Зонгæ дæсныйæдты нымæц фæфылдæр кæнын.

Уæлдай хъусдард – сфæлдыстадон дæсныйæдтæм, иннæ дæсныйæдтæй цæмæй хицæн кæнынц, ууыл æрдзурын.

– Рæзын кæнын сабиты фæлгæнæн, сæ фантази.

– Искæй куыстæн аргъ кæнын, фæллойгæнæг адæймагмæ аргъуыцы ахаст æвдисын. Фæллой кæнын æнæмæнг æмæ ахсджиаг хъуыддаг кæй у, уый бамбарын кæнын. Сфæлдыстадон кусджыты зонынмæ амидин кæнын, сæ аивадæн сын аргъ кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Скæнын сюжетон композиции лæвæрд темæйыл: адæймаг *(цирчы артист, клоун)* æмæ цæрæгойтæ (æрмахуыр).

**2. Хуызиртасынад.** Цинæвдисæг ирд хъæлдзæг ахорæнтæ æмæ ахорæнты контрастон æмиуæдтæй спайда кæныны фæрцы бæрæгбоны равг æмæ эмоционалон уавæр равдисын.

**3. Композици.** Гæххæттыл скæнын адæмы раз йæ дæсныдзинад æвдисæг клоун кæнæ æрмахуыргæнæджы егъау ныв, йæ алыварс – æрмахуыр цæрæгойтæ: гæдытæ, куыйтæ, маймулитæ, æрсытæ *(чи зоны – тигртæ, домбæйттæ).*

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь, гæнæн ис – фломастертимæ.

**Хуызфыссынад:** хуызджын.

**Хуызфыссынады уаг:** клоуны характерон фæлгонц цæрæгойтимæ цирчы астæу *(аренæ, ирд рухсытæ, равдыстмæ кæсæг адæм).*

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Алы дæсныйæдты минæвæртты нывтæ (хуызистытæ), се 'хсæн – аивады кусджытæ дæр (балеринæ, зарæггæнæг, клоунтæ æ. а. д.). Бæхты цирчы ныв. Алы дæсныйæдты минæвæрттæ æмæ алыхуызон фæллойадон сценæтæ æвдыст кæм цæуынц, нывгæнджыты ахæм уацмысты репродукцитæ. 6–7-аздзыд сабиты нывтæ цирчы

темæйыл.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ хъисойтæ *(гыццыл, рæстæмбис æмæ уымæй стырдæр),* банкæ донимæ, къухтæсæрфæн. 12 хуызы фломастертæ.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, куы сыстыр уат, уæд уæ цы суæвын фæнды?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Дæсныйæдтæ цавæртæ вæййынц æмæ цæмæн хъæуынц, уый тыххæй иумæ аныхас кæнæм. Нæ алыварс куы акæсæм, уæд фендзыстæм бирæ предметтæ, мигæнæнтæ, дзаумæттæ, агъуыстытæ æ. а. д. Мах сыл ахуыр стæм æмæ, кæцæй фæзындысты, чи сæ сарæзта, уый нæ хъуыдыйы дæр нæй. Цæй æмæ уæ царды иу уысммæ æркæсæм. Зæгъæм, райсомæй райхъал стут… Кæм фынæй кодтат?
*(Æндæр исты фарст раттæн дæр ис.)*
**С.** Сынтæгыл.
**Хъ.** Йæ уæлæ цытæ вæййы?
**С.** Хъæццул, баз, гобан.
*Хъомылгæнæг дарддæр дæр ахæм хуызы фæрсы сабиты, æмæ йын уыдон дзуапп дæттынц: сынтæг у хъæдын, хуыссæнтæ – къуымбил, баз – бумбули æ. а. д. Афтæмæй сæ ныхас дæрдтыл ацæуы: хъæды бæлæстæм йæ цæст дары хъæдгæс, хъæддзау бæлас ракалы, хырхæйфадæны йæ афадынц, хъæддæснытæ алыхуызон хъæдын дзауматæ саразынц… Дзаума бахауы дуканимæ, уæйгæнæг æй ауæй кæны æ. а. д.*
*Афтæ – хуыссæныцъæртты хабар дæр.*
*Хорз уаид цæстуынгæ æрмæг – нывтæ кæнæ хуызистытæ: хъæд, хъæдæрмæг, уафæн фабрик, хуыйæн машинæ, хизæнуат æд фысты дзуг, кæрчыты фермæ.*

*Уадз, сабитæ сæхи бинонты кой дæр ракæной: мад – хуыйæг, фыды фыд кусы хъæдгæсæй æ. а. д.*
**Хъ.** Ныр та аныхас кæнæм, йæ къухæй аразгæ чи ницы кæны, фæлæ цард рæсугъддæр æмæ хъæлдзæгдæр кæй дæсныйæдты фæрцы у, уыцы адæймæгты тыххæй. Сабитæ, кæй кой ракæнынмæ хъавын, уый хатут? Уыцы адæймæгтæ нæ цардмæ хæссынц циндзинад, сæ аивадæй нын нæ зæрдæтæ срухс кæнынц. Уыдоны фæрцы арæзт цæуы алыхуызон концерттæ æмæ нывты равдысттæ, фæзыны ног балеттæ æмæ драмон спектаклътæ, цымыдисаг кинонывтæ. Чи сты, уый мын нæ зæгъдзыстут?
**С.** Зарæггæнджытæ. Музыканттæ. Цирчы артисттæ. Кафджытæ. Нывгæнджытæ.
**Хъ.** Мæн фæндид, цæмæй абон сымах скæнат æппæты зæрдæхæлардæр, худæгдæр æмæ цардуарзондæр дæсныйады минæвары ныв. Базонут-ма, кæй кой кæнын? *(Æвдисы цирчы артисттæ æмæ клоунты хуызистытæ сæ куысты рæстæг.)*
**С.** Клоуны кой кæныс. Уый цирчы артист у.
**Хъ.** Фæнды уæ клоуны сныв кæнын?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сабитæ, сымах, кæй зæгъын æй хъæуы, цирчы уыдаиккат, цирчы артистты равдыст телевизорæй дæр федтаиккат. Цымыдисагæй дзы цы ис, сымахмæ гæсгæ?
*Сабиты дзуæппытæ. Дзурынц акробаттæ æмæ клоунтæ, æрмахуыргæнджытæ æмæ æрмахуыр сырдтæ, жонглертæ æмæ цирчы иннæ артистты тыххæй. Уæлдай цæстæнгас – клоунтæм. Сæ дарæс æмæ гримы кой сын кæнынц, сæ митæ сын фæзмынц.*
**Хъ.** Иттæг хорз. Ныр бавналæм клоуны ныв кæнынмæ. Кæд уæ цирчы артисттæй æндæр искæй ныв скæнын фæнды, уæд дæр уæ бар ис: чи клоуны сныв кæнæд, чи – домбæйттæ æмæ тигрты æрмахуыргæнæджы, чи –

бæндæнылцæуæджы. Ærмæст йæ фæлгонц хъуамæ стыр уа. Уæд йæ цæсгом дæр æмæ йæ дарæс дæр хуыздæр зындзысты.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, айразмæйы урок тынг хъæлдзæгæй арвыстам. Цымæ цæмæн?
**С.** Уымæн æмæ худæджы клоунты ныв кодтам.
**Хъ.** Цирк нæ цæстытыл ауади, цыма клоунтæ нæ цæстыты раз сты, афтæ нæм касти. Цирчы артисттæ йеддæмæ ма цавæр сфæлдыстадон дæсныйæдты кой кодтам?
**С.** Дзырдтам зарæггæнæг, драмон артист, кафæг, нывгæнæг æндæр ахæм дæсныйæдты тыххæй.
**Хъ.** Равдисут-ма, цы ми фæкæнынц, уыцы дæсныйады кусджытæ.
*Сабитæ сæ цæсгомы нуæрттæ, къухтæ æмæ къæхты змæлдæй, цыма кафгæ, заргæ æндæр ахæм архæйдтытæ кæнынц, сæхи афтæ равдисынц.*
**Хъ.** Артисттæ нын нæ зæрдæ барухс кæнынц сæ аивадæй. Нывгæнджытæ диссаджы нывтæ скæнынц ахорæнтæй. Композитортæ æрхъуыды кæнынц музыкæ. *(Фæндонмæ гæсгæ, дæнцæгты рæнхъ ис адарддæр кæнæн.)* Уыцы адæймæгтæ се 'ппæт дæр сты сфæлдыстадон кусджытæ. Ахæм дæсныйад райсынæн æрмæст æрдзон курдиат фаг нæу, хъæуы ахуыр кæнын дæр. Цæуыл?
**С.** Зарын. Ныв кæнын. Кафын æ. а. д.
**Хъ.** Сабитæ, сымах уæ нывты тынг хорз равдыстат уыцы дæсныйæдтæ. Искæй уæ, чи зоны, сфæлдыстадон кусæг суæвын дæр бафæндыди?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Иумæ æркæсæм, фæстаг ахуыры рæстæг цы нывтæ скодтат, уыдонмæ.

**С.** Æз клоунты сныв кодтон, сæ куыйтимæ. Æз та – тигртæ æмæ домбæйттæ æрмахуыргæнæджы æ. а. д.
**Хъ.** Хорз бакуыстат! Нæ нывтæ кæронмæ ахæццæ кæнæм. Нæ цæстытыл ауайын кæнæм, цыма цирчы равдысты дыккаг хай райдыдта. Цирчы цæрæгойты уе 'ппæт нæма сныв кодтат. Цыхуызæн вæййынц, цирчы равдысты архайгæйæ? Сырддоны куыд вæййынц, афтæ?
**С.** Нæ. Адæймаджы дарæс сыл скæнынц!
**Хъ.** Уæдæ сæ нæ ныввты дæр афтæмæй равдисæм. Сабитæ, уый зæгъинаг ма уын дæн, æмæ Ирыстоны дæр ис цирчы артисттæ, дунейы тынг зындгонд сты – Хъантемыратæ æмæ Тугъанты бæхылбадджытæ. Сæ кой сын фехъуыстат? *(Æвдисы хуызистытæ, нывтæ.)* Хорз, тынг хорз сныв кодтат цирчы цæрæгойты дæр! Ныр та цирчы равдыстмæ æрбацæуæг адæмы равдисут. Цы ми кæнынц?
**С.** Тынг цин кæнынц, худынц, æмдзæгъд кæнынц.
**Хъ.** Сныв сæ кæнут. Сабитæ, мах алыхуызон дæсныйæдтыл æрдзырдтам. Зæгъут-ма, кæцы у уыдонæй æппæты цымыдисагдæр, æппæты ахсджиагдæр?
*Сабитæ сæ хъуыдытæ дзурынц æмæ сбыцæу сты.*
**Хъ.** Дзæгъæлы быцæу кæнут. Алы дæсныйад дæр ахсджиаг æмæ цымыдисаг у. Æрмæст æй хъæуы уарзын. Цы дæсныйад равзæрстай, уый хъуамæ дæ зæрдæмæ цæуа. Уый ис – бирæ дын бантысдзæни.

*37–38 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Спорт»**
**Темæ: «Спорты уарзон хуыз». Фæлгонцады бындурыл ныв кæнын.**
**Нысан:**
– Сабитæн спорты тыххæй сæ зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын. Зымæгон æмæ сæрдыгон олим-

пиадæтæ. Спорт нæ республикæйы.

– Сабиты ахуыр кæнын адæймаджы конд æмæ змæлды рæсугъддзинад фиппайыныл.

– Спорты архайынмæ куыд тырной, тыхджын, цæрдæг уæвын сæ куыд фæнда, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Змæлгæ адæймаджы фæлгонц равдисыны арæхстдзинад уæлдæр кæнын. Динамикæ æвдисын къухтæ æмæ къæхты уавæр, гуыры æргуыбыры фæрцы.

**2. Хуызиртасынад.** Ирд, контрастон ахорæнты фæрцы равдисын уæнгты рог, уæнгты хъару, уæлахизы æнкъарæн.

**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл сныв кæнын спортсменты цалдæр сурæты *(футболисттæ, дугъгæнджытæ, фигуристтæ æ. а. д.)* змæлгæйæ.

**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, ранæй-рæтты нывтæм ахорæнтæй базилгæйæ.

**Хуызфыссынады уаг:** цалдæр сурæты схематикон ныв спортивон хъазт, ерысты рæстæг.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Спорты сæрдыгон æмæ зымæгон хуызты архайæг спортсменты нывтæ. Спортсменты нывтæ хæрзиуæг исгæйæ. Олимпаг символикæ. Грекъаг вазæты хуызистытæ спорты темæимæ баст нывæфтыдимæ. Нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ æмæ 6–7-аздзыд сабиты нывтæ спортивон темæйыл.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-4, 12 хуызы фломастертæ.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, искуы федтат, гæды *(кæнæ куыдз)* йæ лæп-

пынтимæ йæхи куыд дары, уый?
**С.** Сдæры сæ, сæ хъуыи сын дзæбæхтæ кæны, семæ хъазы æ. а. д.
**Хъ.** Тынг раст. Гæды йæ лæппынты ахуыр кæны сыгъдæгдзинадыл, амоны сын сæхи хъахъхъæнын, сæ ныхтæ цыргъ кæнын, мыстытæ ахсын. Лæппынтæ кæрæдзиимæ та сæхи куыд дарынц?
**С.** Æдзух сæм хъазын цæуы, гæппытæ, сæрбихъуырæйттæ кæнынц.
**Хъ.** Сæ хъæзтытæ иууылдæр афтæ арæзт сты, цæмæй лæппынтæ цæрдæг æмæ арæхстджын, тыхджын æмæ æнæниз уой, цæмæй сæ хорз цуанæттæ рауайа. Цæуыл цуан кæнынц гæдытæ?
**С.** Мыстытыл. Суанг ма стыр уырытæ дæр æрцахсынц! Сырддонцъиуы лæппынтæ дæр хатгай сæ къухы бафты.
**Хъ.** Æппæт цæрæгойтæ дæр сæ лæппынты хъомыл кæнынц афтæ, цæмæй сын фидæны, куы сыстыр уой, уæд цæрын æнцондæр уа, цæмæй цæттæ уой æнæ искæй æххуысæй цæрынмæ. *(Дæнцæг: цъиу йæ лæппыны, куы бахъомыл вæййы, уæд иуафон ахстонæй раппары, цæмæй тæхын базона. Дельфинтæ, моржтæ сæ лæппынтæн амонын райдайынц ленк кæнын æ. а. д.)* Адæймаг та? Цæмæн æй хъæуы хъаруджын æмæ арæхстджын уæвыны сæр?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Раст у. Адæймаг царды зын æмæ тæссаг уавæрты бахауы, бахъæуы йæ æрмæст йæхи нæ, фæлæ йæ бинонты, йæ хиуæтты, йæ Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæныны сæр. Уый йæ къухы æнцонæй бафтдзæни, тыхджын, арæхстджын, фæлтæрд æмæ зынтæн фæразон куы уа, уæд. Иуæй-иу дæсныйæдты уый уæлдай ахсджиаг у. Цымæ цавæр дæсныйæдтæ сты?
**С.** Æфсæддон, ирвæзынгæнæг, артхуыссынгæнæг, æрзæткъахæг, космонавт æ. а. д.

**Хъ.** Сабитæ, спорт ахъаз у адæймаджы æнæниздзинад фидар кæнынæн. Уый фæрцы фылдæр кæны нæ хъару. Спорты цавæр хуызтæ зонут?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Куыд дих кæнынц спорты хуызтæ?

**С.** Спорты хуызтæ дих кæнынц зымæгæттæ æмæ сæрдыгæттыл.

**Хъ.** *(æвдисы спортсменты хуызистытæ).* Дыууæ дихы акæнæм ацы хуызистытæ. Иу къорды – спорты зымæгон хуызтæ, иннæйы – сæрдыгон. Раздæр уал равзарæм æмæ ранымайæм сæрдыгон хуызтæ.

**С.** Футбол, хъæбысхæст, бокс, дугъ, ленк кæнын, гимнастикæ, велосипедон спорт, волейбол, баскетбол, теннис æ. а. д.

**Хъ.** Зымæгон хуызтæ?

**С.** Хоккей, дзоныгъты, къахдзоныгъты спорт æ. а. д.

**Хъ.** Цæй æмæ абон спортсменты нывтæ скæнæм. Уæ зæрдæмæ тынгдæр цы спорты хуыз цæуы, уый, уæ бон у, равзарат. Равзæрстат?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Сабитæ, цæмæй уæ нывы, зæгъæм, футболисты равдисат, уый тыххæй йын йæ къухмæ пурти раттын фаг у? Æркæсут-ма спортсменты хуызистытæм.

**С.** Равдисын ын хъæуы йе змæлд. Йæ къухтæ, йæ къæхтæ, йæ гуыры уавæрыл хъуамæ зына, адæймаг змæлгæ кæй кæны, уый.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, сымахæй алчидæр архайы æмдзæвгæ иннæтæй хуыздæр бакæсынмæ, хуыздæр азарын æмæ акафынмæ, тагъддæр адугъ кæнынмæ. Уый раппæлинаг миниуæг у. Адæймаг хуыздæр уæвынмæ куы тырна, уæд, æцæгдæр,

знон цы уыди, уымæй абон хуыздæр уыдзæн. Уыцы тырнындзинад хорзæрдæм ахады характерыл, удыхъæды тæхудиаг миниуджытæ – хорздзинадмæ бæллын, фæллойуарзаг уæвын æ. æ. а. фидар æмæ рæзын кæны. Спорт дæр сын стыр ахъаз у. Цæмæн, куыд уæм кæсы?
**С.** Спорты руаджы адæймаджы буар æмæ æнæниздзинад фидар кæнынц. Спортсментæ та ма уыцы иу рæстæг кæрæдзиимæ дæр ерыс кæнынц.
**Хъ.** Тынг раст. Ерысты рабæрæг вæййы, сæрæндæр сæ чи у, уый. Хуыздæртæ сыгъзæрин, æвзист кæнæ бронзæ майдантæ райсынц, спортивон кубок сæ хай фæвæййы. Æркæсут-ма. *(Æвдисы спортсменты хуызистытæ хæрзиуджытæ исгæйæ.)* Сабитæ, алы спортсмен дæр бæллы дунейы кадджындæр æмæ нымаддæр ерысты архайынмæ. Куыд хуыйнынц?
**С.** Олимпаг хъæзтытæ.
**Хъ.** Тынг раст! Дарддæр ныв кæнæм. Æз та уын Олимпаг хъæзтыты тыххæй бæстондæр радзурдзынæн. Вæййынц цыппар азы иу хатт. Цы бæстæйы хал схауы, уырдæм дунейы хуыздæр спортсментæ æрæмбырд вæййынц æмæ спорты алы хуызтæй ерыс фæкæнынц. Фыццаг хатт Олимпаг хъæзтытæ арæзт æрцыдысты Рагон Гречъы, Олимпийы дæлвæзы. Уыцы ном дæр сыл уымæн ныффидар и. Уый тынг раджы уыди. Олимпаг хъæзтытæ-иу ацыдысты кадджын бæрæгбоны хуызы. Уыцы рæстæг-иу адæмты æхсæн карз хæстытæ дæр ныссабыр сты, цыфыддæр знæгтæ-иу сæ маст аныхъуырдтой. Олимпаг хъæзтыты чи фæуæлахиз уыдаид, уый нымадтой номхæссæны бæгъатырыл, стыр лæвæрттæ йын кодтой, йæ кад æмæ намыс æнæфæцудгæ уыдысты йе 'мдугонты цæсты. Олимпаг хъæзтыты традици абон дæр сæрæгас у. Олимпаг хъæзтытæ вæййынц дыууæ хуызы – сæрдыгон æмæ зымæгон. Олимпиадæ уыди Китайы, уый фæстæ та Олимпаг хъæзтыты фысым уыдзæн

Уæрæсе, Сочимæ æрæмбырд уыдзысты дунейы хуыздæр æмæ номдзыддæр спортсментæ. Олимпаг хъæзтыты символ у, æддæг-мидæг чи ауади, фондз ахæм зиллаччы. Цавæр æндæр символтæ ма йын ис?
**С.** Олимпаг арт.
**Хъ.** Уыцы арт ссудзынц Олимпы хохыл æмæ йæ уырдыгæй дунейы номдзыддæр спортсментæ æппæт бæстæтæм ахæссынц. Ирон лæппутæй бирæтæ систы олимпаг чемпионтæ æмæ сæ райгуырæн бæстæйæн кад скодтой. Сæ нæмттæ сын зонут?
*Сабиты дзуæппытæ: Андиаты Сослан, Гуæцæлты Хадзымурат, Таймæзты æфсымæртæ, Тедеты Эльбрус, Хæдарцаты æфсымæртæ æ. а. д.*
**Хъ.** *(сабитæн æвдисы ирон «олимпæгты» хуызистытæ).* Нæ нывтæ кæронмæ ахæццæ кæнæм. Ерысты тæрхонгæнджытæ æмæ рисджыты снывкæнын дæр ма ферох кæнут.

*39–40 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Фыдыбæстæ хъахъхъæнджытæ».**
**Темæ: «Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы сурæт». Цæстылуайды бындурыл, иллюстративон æрмæгæй пайда кæнгæйæ, ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Сабиты зонындзинæдтæ æфсад, йæ хуызтæ æмæ арæзты тыххæй фæфылдæр кæнын. Æрдзурын Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы боны тыххæй.
– Сæ цæст уынаг куыд уа, сæ фæлгонцадон хъуыдыкæнынад – уæрæх, сабиты афтæ ахуыр кæнын.
– Райгуырæн бæстæ куыд уарзой, йæ хъахъхъæнынмæ куыд тырной, сæрбæрзонд дзы куыд уой, æфсæддон дæсныйæдты минæвæртты куыд нымайой æмæ сын

кад куыд кæной, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Адæймаджы сурæт ныв кæнын, йæ характер ын равдисын. Уæлдай хъусдард – дарæсы алыхуызон хæйттæ æмæ элементтæм *(æфсады фæйнæхуызон хæйтты хæстон формæ)*.

**2. Хуызиртасынад.** Кæй сурæт нывгонд чындæуы, уыцы æфсæддон адæймаджы æхсарджын удыхъæд нысангæнæг нымæг, хиуылхæцгæ ахорæнтæ равзарын.

**3. Композици.** Гæххæттыл скæнын æфсæддоны *(тæхæг, танкист, салдат, инæлар æ. а. д.)* портрет (астæуы онг), цы æфсæддон хæйттæм бар дары *(наутæ, танктæи, хæдтæхджытæ, парашюттæ æ. а. д.)*, уыдоны фоныл. Сфæлдисын хъæбатыр портретон фæлгонц.

**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, ахуырст элементтимæ.

**Хуызфыссынады уаг:** адæймаджы нывæфсæддон дарæсы æмæ æмбæлгæ уавæры.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Æфсады темæимæ баст фотоæрмæджытæ. Хуызистытæ: Уæрæсейы æфсады салдæттæ æмæ афицертæ; алыхуызон æфсæддон техникæ (танктæ, хæдтæхджытæ, наутæ, ракетæтæ æ. а. д. Куыдзы нывæ. Хъазæн æфсæддон техникæ, æфсæддон формæйы атрибуттæ.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ.

**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитæн бахæс кæнын, цæмæй хæдзары сæ бинонтимæ æфсæддон службæ æмæ æфсады тыххæй аныхас кæной. Хорз уаид, сæ бинонтæй, сæ хæстæджытæй службæ чи кодта кæнæ хæсты чи уыди, уыдоны хуызистытæ куы æрбахæссиккой, уæд. Ахуырмæ æрбахæссын æфсæддон формæйы атрибуттæ: майдантæ, пъагæттæ, пилоткæ æ. а. д.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, æрæджы мах картæмæ кастыстæм. Цы дзы бахъуыды кодтат?
**С.** Нæ бæстæ, Уæрæсе, тынг стыр у.
**Хъ.** Картæмæ гæсгæ куыд раиртасæн ис нæхи бæстæ æмæ æндæр бæстæты фæзуат?
**С.** Алы бæстæйæн дæр арæнтæ ис æмæ картæйыл нысангонд сты.
**Хъ.** Арæнты тыххæй бæстæтæ хатгай схыл вæййынц. Уыцы хъуыддаг сымахмæ куыд кæсы?
**С.** Хорз нæу! Дунейы æппæт адæм дæр хъуамæ хæларæй цæрой!
**Хъ.** Бæстæты арæнтæ чи хъахъхъæны?
**С.** Арæнхъахъхъæнджытæ.
**Хъ.** Нæ бæстæйы арæн тынг дæргъвæтин у. Зæгъут-ма, æрмæст сур зæххыл цæуы?
**С.** Ис ахæм бынæттæ дæр, доны сæрты кæм цæуы.
**Хъ.** Æмæ нын уыцы рæтты та нæ арæн чи хъахъхъæны?
**С.** Æфсæддон флот, æфсæддон наутæ æмæ дæлдондзу бæлæгътæ.
**Хъ.** Уæлдæфон арæнтæ дæр хъахъхъæнинаг сты?
**С.** Æнæмæнг! Хъуамæ нæ зæхмæ æцæгæлон хæдтæхджытæ ма æрбатæхой! Æфсæддон арæнты тыххæй дзуапп дæттынц тæхджытæ, æфсады ракетон хæйттæ.
**Хъ.** Уынут, Фыдыбæстæйæн æнæзæрдæхудт лæггад цас æфсæддонтæ кæны! Æфсæддонтæн адæмы æхсæн кæддæриддæр стыр кад уыди. Цæмæн?
**С.** Сæ куыст зын æмæ тæссаг у.
**Хъ.** Куыд уæм кæсы, æфсæддонты тыххæй нæм абон ныхас цæмæн рацыди?
**С.** Уымæн æмæ Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон æрхæццæ кæны.

**Хъ.** Уыцы бон, 23 февралы, арфæтæ кæмæн фæкæнынц?
**С.** Нæлгоймæгтæн иууылдæр: æфсады чи уыди, уыдонæн дæр æмæ, куы сыстыр уа, уæд æфсадмæ чи ацæудзæни, уыдонæн дæр.
**Хъ.** Цыбыр дзырдæй, арфæтæ фæкæнынц æппæт нæлгоймæгтæн. Уымæн æмæ нæлгоймаджы сæйрагдæр хæс у лæмæгъы бафхæрын нæ, фæлæ йæ бахъахъхъæнын. Мæнæ нæ лæппутæ дæр фидæны æхсарджын нæлгоймæгтæ уыдзысты æмæ чызджыты хъуамæ ма æфхæрой! Сабитæ, æфсады хæйттæ уæ чи ранымайдзæн?
**С.** Фистæг æфсад, артиллеристтæ, тæхджытæ, танкисттæ, сгарджытæ æ. а. д.
**Хъ.** Уæ фыд, уæ фыды фыд, уе 'фсымæртæ, гæнæн ис, службæ кодтой æфсады. Чи зоны, уæ фыдæлтæй исчи Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дæр архайдта. Æркæсæм-ма, хæдзарæй цы хуызистытæ æрбахастат, уыдонмæ.
*Кæсынц хуызистытæм. Сабитæй алчи йæ къамы тыххæй дзуры.*
**Хъ.** Сабитæ, уынджы цæуджытæй ахуыргæнæг, дохтыр, артист, дуканигæс чи у, уый се 'ддаг бакастмæ гæсгæ базонæм?
**С.** Нæ базонæм.
**Хъ.** Æфсæддоны та?
**С.** Уыдоныл æфсæддон формæ вæййы æмæ адæмы 'хсæн бæрæг фæдарынц.
**Хъ.** Тынг раст. Æркæсæм-ма, æфсады алыхуызон хæйттæн цавæр формæ ис, уымæ. *(Æвдисы хуызистытæ. Сæйраг хъусдард – æфсæддон формæйы характерон детальтæм.)* Абон мах скæндзыстæм Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы – салдат, афицер кæнæ та хæстон инæлары портрет. Уæхи фæндонмæ гæсгæ равзарут. Уæ бон у, æмæ уæ фыдæлты кæнæ уе 'фсымæрты сныв кæнат, кæд уæ фæнды, уæд та – арæнхъахъхъæнæг кæнæ науы æхсарджын капитаны.

*Сабитæй алчи йæ фæндон дзуры æмæ куысты сæр æрлæууыдысты.*

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, алчи бæрæгбонмæ йæхи цæттæ кæны. Сымах та куыд сбæрæг кæндзыстут Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон?
**С.** Нæ нывты равдыст бацæттæ кæндзыстæм æмæ нæ алчи йæ фыд æмæ йæ фыды фыды æрбахондзæни.
**Хъ.** Цавæр миниуджытæ хъуамæ уа æфсæддон лæгмæ?
**С.** Уый хъуамæ уа æхсарджын, тыхджын, фæразон, зондджын, хъæддых, арæхстджын.
**Хъ.** Раст зæгъут! Уæ нывты дæр æфсæддонты хъуамæ ахæмтæй равдисат. Абон нæ нывтæ кæронмæ ахæццæ кæндзыстæм, ахорæнтæй сæм базилдзыстæм. Æфсæддон дарæс куыд хуыйны?
**С.** Æфсæддон формæ алы æфсæддон хайæн дæр хицæн у.
**Хъ.** *(æвдисы æфсæддонты хуызистытæ, сæ дарæсæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ).* Йæ нывæн уæ алчи æфсæддон формæ равзæрста. Ныр та хъуамæ бæстон æмæ æнæ рæдыдæй равдисæм æфсæддон дарæсы алыхуызон детальтæ. Раст нæ уыдзæни, зæгъæм, тæхæгыл танкисты формæ куы скæнæм, уæд.
**С.** Æфсæддонтæ дарынц, йæ æргъæвæгыл стъалы кæмæн ис, ахæм рон. Сæ формæйæн ис сыгъзæринхуыз æрттиваг æгънæджытæ, се уæхсджытыл вæййы пъагæттæ, риуыл – ордентæ, майдантæ.
*Хорз уаид æппæт уыцы элементтæ сабитæн равдисын.*
**Хъ.** Сæ сæрыл та цы дарынц æфсæддонтæ?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Снывсæ кæнут. Сабитæ, æрбакæсут-ма мæнæ ацы стъалытæм. Уыдон вæййынц афицерты пъагæттыл. Мæнæ

адон та лейтенанты стъалытæ сты. Цыппар ахæм стъалыйы вæййы капитаны пъагæттыл. Уымæй стырдæртæ – майоры. Дыууæ кæнæ æртæ ахæм стъалыйы – дæлбулкъон æмæ булкъоны. Æппæты стырдæр стъалы – æппæты сæйрагдæр æфсæддоны пъагæттыл. Сæйраг æфсæддон цин цавæр у?
**С.** Æфсæддонты хистæр у инæлар.
**Хъ.** Ныр уæхæдæг иртасдзыстут, афицертæй чи цы бынаты лæууы, уый. Нывы сæ раст равдисут. Ныр та ахорæнты хуызтæ равзарæм. Æфсæддонты дарæсæн йæ хуыз цавæр вæййы?
**С.** Ирд нæ, фæлæ йын хиуылхæцгæ, тызмæггомау хуыз ис. Арæхдæр – цъæхбын-морæ фæлгъуызтæ. Тæхджыты формæ у æрвхуыз, денджызон капитан дары урс китель æ. а. д. Вæййы ма ноджы æмбæхсæн (камуфляжон) формæ дæр – гæрæмтæ. Уый йæ алыварс æрдзы хуызимæ баиу вæййы, æмæ афтæмæй æфсæддонæн фадат ис зæххыл, зайæгойты æхсæн йæхи баауон кæнынæн. Æфсæддон хъуыддаджы уый ахсджиаг у.
**Хъ.** Цæмæн?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Нæ портреттæ цæттæ сты. Баззади ма нын сæ фоныл бакусын. Цы дзы снывкæндзыстæм?
**С.** Тæхæджы фæлгонцыл фидауы арв, мигътæ, хæдтæхджытæ, танкистыл – танктæ æ. а. д.
**Хъ.** Махмæ ис хъазæн æфсæддон техникæ. Лæмбынæг-ма йæм æркæсæм æмæ йæ нæ нывты равдисæм. Фарон дæр ма йæ ныв кодтам.
*(Кæс: Астæуккаг къорды 13 темæйы 19 ахуыр.)*
**Хъ.** Ныртæккæ фæзынди ног æфсæддон техникæ – хæдтæхджытæ, вертолеттæ, ракетæты нырыккон хуызтæ. *(Æвдисы хъазæн техникæ.)* Уæ сыфты афтид бынæтты йæ снывкæнут. Сабитæ, кæронбæттæны ма цы зæгъæн ис?
**С.** Цæмæй адæм æдасæй цæрой, цæмæй хæст ма уа,

уый тыххæй нæлгоймæгтæ хъуамæ се ’фсæддон хæс æххæст кæной, сæ Райгуырæн бæстæ бахъахъхъæнынмæ кæддæриддæр цæттæ уой.

*41–42 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг».**

**Темæ: «Нæ горæты ралæууыд уалдзæг». Фиппайды бындурыл ныв кæнын.**

**Нысан:**

– Афæдзы дыууæ афоны, зымæг æмæ уалдзæг кæрæдзиуыл баргæйæ, сабиты зонындзинæдтæ æрдзы тыххæй фæуæрæхдæр кæнын.

– Сæ цæст уынаг куыд уа, аналитикон æгъдауæй хъуыды кæнынмæ æмæ афæдзы афонтæ алыхуызон (цæстуынгæ, хъусгæ, хуызон, равгон) миниуджытæм гæсгæ кæрæдзиуыл абарынмæ куыд арæхсой, сабиты афтæ ахуыр кæнын.

– Райгуырæн æрдзы ассоциативон-фæлгонцадон æнкъарынад рæзын кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Пейзажы хæйттыл кусгæйæ ныв кæныны арæхстдзинад бæрзонддæр кæнын. Ныв кæныны алы мадзæлттæй пайда кæнын – фæлгонцы змæлды банысан хъисойы алыдæргъæн æруагъды (мазок) руаджы.

**2. Хуызиртасынад.** Ахорæнты фæрцы æрдзы райхъал æмæ дидинкалд равдисын. Уæлдай хъусдард – хъисойы æруагъдмæ: уыцы аивадон мадзалæй спайда кæнын уалдзыгон æрдзы тæмæнкалгæ хуызтæ равдисынæн.

**3. Композици.** Гæххæттыл сныв кæнын хуымæтæг горæтаг пейзаж уалдзыгон бæлвырд æууæлтимæ (дидинкалгæ бæлæстæ, ног кæрдæг, уалдзыгон дидинджытæ, æрттивгæ

хур, цъиутæ, адæм (тезгъогæнгæйæ, дыргъдоны архайгæйæ æ. а. д.).

**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь.

**Хуызфыссынад:** хуызджын.

**Хуызфыссынады уаг:** горæтаг уалдзыгон пейзажы схематикон ныв.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Зымæг æмæ уалдзæджы нывтæ (хуызистытæ). Сасчыты, цæрæгойты, мæргъты, зайæгойты нывтæ. Уалдзыгон мелоди (цикл «Афæдзы афонтæ») дискыл фыстæй. Йæ аивады хъисойы æруагъды мадзалæй чи пайда кæны, уыцы нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ, 6–7-аздзыд сабиты нывтæ уалдзæджы темæйыл.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, хъисойтæ (гыццыл, рæстæмбис æмæ уымæй стырдæр), палитрæ, банкæ донимæ, къухтæсæрфæн.

**Рагагъоммæйы куыст.** Зымæг æмæ уалдзæджы символтæ сцæттæ кæнын: къаннæггомау рæсугъд митгæлæбутæ æмæ уалдзыгон дидинджытæ (малусджытæ кæнæ фæткъуы бæласы дидинкалгæ къалиутæ). Хъомылгæнæджы фæндонмæ гæсгæ митгæлæбутæ дæр æмæ дидинджытæ дæр ис сныв кæнæн кæнæ гæххæттæй ралыг кæнæн (гæнæн ис – кæстæр къорды сфæлдыстад). Саразын дыууæ тæлыйы æмæ дзы иуыл баныхасын митгæлæбутæ, иннæуыл – дидинджытæ: зымæгон æмæ уалдзыгон паддзаххудтæ.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, ныртæккæ афæдзы иу афон иннæйы ивы. Цавæртæ сты?

**С.** Уазал зымæгæн йæ кæрон æрцыди, тагъд уалдзæг ралæудзæн.

**Хъ.** Цæмæй йæ базыдтат?

**С.** Къæлиндармæ гæсгæ. Ныртæккæ мартъи у, уалдзæджы фыццаг мæй. Алчи йæ мадæн 8-æм Мартъийы арфæтæ кæны.
**Хъ.** Уалдзæджы иннæ мæйтæ дæр зонут?
**С.** Зонæм: апрель æмæ май.
**Хъ.** Тынг хорз. Абон мах нæ нывты хъуамæ равдисæм уалдзæг. Фæнды уæ?
**С.** Тынг нæ фæнды!
**Хъ.** Хорз, фæлæ уал раздæр сбæрæг кæнæм, чи уæ цавæр афæдзы афон уарзы, уый. Зымæджы къордмæ уæ кæй фæнды? Уалдзæджы къордмæ та? *(Сабиты дыууæ къордыл фæдих кодта.)* Хъазты архайджытæм æз дæтдзынæн фæрстытæ. Алы раст дзуаппæн дæр – рæсугъд митгæлæбу кæнæ дидинæг. Фылдæр «хæрзиуджытæ» чи æрæмбырд кæна, уыдоны фæуыдзысты зымæгон æмæ уалдзыгон паддзаххудтæ. Райдыдтам! Зымæджы тыххæй фыццаг чи радзурдзæн? Нывтæ уын феххуыс уыдзысты. *(Архайы, цæмæй сабитæ афæдзы афонты сæйраг миниуджыты тыххæй зæгъой.)*
**С.** Зымæг ралæууы фæззæджы фæстæ. Бæстæ ныууазал вæййы, уымæн æмæ хур нал фæтавы. Къæвдайы бæсты мит уарын райдайы.
**Хъ.** Сабитæ, мит кæцæй æрцæуы?
**С.** Арвæй, мигътæй. Доны æртæхтæ ныссæлынц æмæ рæсугъд митгæлæбутæ фестынц.
**Хъ.** Дзуапп чи радта, се 'ппæтæн дæр – рæсугъд митгæлæбутæ!
Уалдзæг æрцыди, уый та цæмæй базонæм?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Иттæг раст! Айсут дидинджытæ! Æддаг хицæндзинæдтæ бафиппайдтат. Ныр та зымæг æмæ уалдзæджы «хъæлæстæ» абарæм кæрæдзиуыл..
**С.** Зымæгон бæстæ сабыр вæййы, уымæн æмæ æрдз фынæй

фækæны, цъиутæ хъарм бæстæм атæхынц æ. а. д.
**Хъ.** Уалдзæджы зæлтæ та цавæртæ сты?
**С.** Дæттæ райхъал вæййынц, мит тайы, тæдзынджытæ тæдзынц.
**Хъ.** Тæдзынæг та кæцæй æрцæуы?
**С.** Хæдзæртты сæрты мит тайын райдайы æмæ афтæмæй. Арв дæр нæрын райдайы, къæвдатæ сарæх вæййынц. Зæрватыччытæ æртæхынц. Уалдзыгон дидинджытыл мыдыбындзытæ æмбырд кæнын райдайынц. Уалдзæджы зæлтæ бирæ сты!
**Хъ.** Митгæлæбутæ æмæ ма мæм дидинджытæ баззади. Цымæ кæй фæуыдзысты? Ныр та зымæг æмæ уалдзæджы ахорæнты хуызтæ абарæм.
**С.** Зымæджы ахорæнтæ урс, æрвхуызбын, сыгъдæг сты. Урс фоныл хорз зынынц тар бæлæстæ, адæм, хæдзæрттæ. Хурмæ мит цæхæртæ фækалы, цыма йыл зынаргъ дуртæ акалдæуыд.
**Хъ.** Уалдзæджы сæйраг ахорæнтæ та цавæртæ сты?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Хорз, мæ хуртæ! Нæ хъазт фæци. «Хæрзиуджытæ» мæм нал ис. Æркæсæм-ма, кæддæра фылдæр митгæлæбутæ æмæ дидинджытæ чи æрæмбырд кодта. Уыцы сæрæн сабитæн ратдзыстæм Митæхсины паддзаххуд æмæ уалдзæджы лæвар – дидинфæлыст паддзаххуд.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, айразмæйы ахуыры тынг хорз ахъазыдыстæм. Æрдзы ивддзинæдтæ æвзæр нæ фиппайут. Афæдзы алы афон дæр йæхирдыгонау рæсугъд у. Се 'ппæты дæр уарзæм. Зæгъут-ма, цæимæ абарæн ис зымæгон æмæ уалдзыгон æрдзы фæзындтæ?
**С.** Æрдзы дæр, адæймаджы хуызæн, баулæфын фæхъæуы.

Зымæгон уый фынæй фæкæны. Æрсытæ, мыстытæ, уырытæ æмæ бирæ æндæр цæрæгойтæ сæ хъарм хуыккомты бабырынц æмæ сæхицæн фæфынæй кæнынц.
**Хъ.** Уалдзæджы та? *(Цæмæй сабиты дзурынмæ бацырен кæна, уый тыххæй сын алыхуызон нывтæ æвдисы.)*
**С.** Уалдзæджы та æрдз йæ фынæйæ райхъал вæййы. Хур дзæбæх æрæндавы, сырдтæ æддæмæ рацæуынц, цъæх гæккуыритæ сæхи хурмæ фæтавынц æ. а. д.
**Хъ.** Мах абон бамбæрстам, алы афон дæр æрмæст рæсугъд нæ, фæлæ ма æрдзæн ахсджиаг дæр кæй у. Алцæмæн дæр йæхи афон и – улæфынæн дæр, райгуырынæн дæр, дидинæг калынæн дæр, тыллæг æфснайынæн дæр. Уæдæ ма мын иу хатт зæгъут: цæмæй хицæн кæны зымæг уалдзæгæй?
**С.** Зымæгон – æнцой, сабырдзинад, фынæй. Уадзыгон – змæлд, цард, ирд ахорæнтæ.
**Хъ.** Уалдзæджы равг адæймагыл базыртæ басадзы. Фæфæнды йæ сыгъдæг уæлдæфмæ, фæфæнды йæ фылдæр змæлын, истытæ архайын. Алчи йæ кæрт, йæ уынг æфснайын райдайы, бæлæстæ ныссадзы. Зæхкусæг мæрмæ базилы, нæмыг æм бахæссы, цæмæй фæззæджы хъæздыг тыллæг сиса. Сабитæ, æппæт уыдæттæ куыд равдисæн ис ахорæнты руаджы?
**С.** Хуызджын, ирд, хурæнгæс ахорæнты хуызтæ равзарын хъæуы. Къæдз-мæдзы хæххытæ æмæ хъисойы алыхуызон æруагъдæй спайда кæнын хъæуы.
**Хъ.** Ныртæккæ мах афæлвардзыстæм нæ нывтæ хъисойы цардæгас, цæрдæг æмæ хъулон-мулон æруагъдтыты фæрцы срæсугъд кæндзыстæм æмæ афтæмæй равдисдзыстæм æрыхъалуæвæг æрдзы цин, змæлд æмæ зæрдæскъæфгæ æнгас. Æрбакæсут-ма нывгæнджыты уацмыстæм! (Æвдисы импрессионистты нывтæ. Сабитæ сыл дистæ кæнынц.) Мæнæ уын къаннæг гæххæтты сыфтæ æмæ сымах дæр, кæд уæ зæрдæмæ фæцыди, уæд афæлварут уæ хъисойтæй ахæм

хуызы нывкæнын. Архайут, цæмæй уæ нывтæ цардæгас, цинæфсæст æмæ хуызджын уой, цæмæй сæ уалдзæджы цардбæллон хъæлæс хъуыса – тæдзынæджы зæлтæ, цъиуты зард, сыфтæрты сыбар-сыбур.

*Хорз уаид куысты рæстæг музыкалон фонæй спайда кæнын – уадз æмæ сындæг хъуыса уалдзыгон темæ æмæ сабиты зæрдæйы уаг бæрæгбоны равгъыл араза.*

*43–44 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Уалдзæг».**

**Темæ:**

**1. «Уалдзыгон дидинджытæ». Хъусдарды бындурыл ныв кæнын.**

**2. «Уалдзыгон дидинджыты æнгæс нывæфтыд». Декоративон нывкæнынад – тæбæгъ саив кæнын.**

**Нысан:**

– Зайæгойты дунейы иу хуызимæ дарддæр зонгæ кæнын: уалдзыгон дидинджытæ.

– Сабиты цæст уынаг куыд уа, цы уынынц, ууыл та хъуыды кæнын куыд зоной, ууыл архайын: зайæгойты дунейы хъæздыгдзинад, сæ абарст формæ, конд, характер æмæ хуызмæ гæсгæ.

– Райгуырæн æрдзы зайæгойтæ зонынмæ цымыдис кæнын, æрдзыл аудын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Дидинджытæ ныв кæнын. Сæ формæ, ас, конд æмæ хуызты хицæндзинæдтæ сын равдисын.

**2. Хуызиртасынад.** Сабиты зонгæ фæлгъуызты номхыгъд фæуæрæхдæр кæнын, семæ, дидинджыты нæмттæй цы хуызтæ хонынц, уыдоны тыххæй æрдзургæйæ. Бæлвырд дидинæджы хуыз нывы равдисынæн хъæугæ ахорæнтæ равзарын.

**3. Композици:**

1. Гæххæты сыфыл, фæндонмæ гæсгæ, формæ æмæ характерæй фæйнæхуызон уæвæг дидинджытæ равдисын – вазæйы кæнæ та æрдузы.

2. Тымбыл формæйыл (тæбæгъ) лæвæрд 3 композицион уагыл скæнын дидинæджы нывтæ.

**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, нывтæм ахорæнтæй хорз базилгæйæ.

**Хуызфыссынады уаг:** дидинджыты схематикон ныв, сæ конд æмæ сын сæ характер равдисгæйæ; дидинджытæй мигæнæнтæ *(тæбæгъ, къус, кæхц)* аивгæнæн декоративон элементы хуызы спайда кæнын.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Уалдзыгон дидинджыты (къаппа-къуппа, тюльпан, нарцисс) бæстытæ. Сирены, каштаны, жасмины, алтъамийы, фæткъуы бæласы къалиутæ. Клумбæ, хæххон уыгæрдæн, хицæн дидинджытæ (нывтæ кæнæ хуызистытæ). Нывгæнджыты графикон (акварель) æмæ хуызджын уацмысты (дидинджыты темæйыл) репродукцитæ. Зайæгойтæ æмæ дидинджыты нывтæй аивгонд хæдзары дзаумæттæ, хъуымæцтæ, мигæнæнтæ, уæлæдарæс æ. а. д.

**Райуаринаг.** 1. Гæххæтт А-4, 12 хуызы фломастертæ. 2. Гæххæтт А-4 (зиллакк), 12 хуызы фломастертæ.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** *(йæ разы стъолыл – алыхуызон уалдзыгон дидинджыты бæстытæ æмæ дидинкалгæ бæласы къалиутæ).* Сабитæ, æрбакæсут-ма, цы диссаджы дидинджытæ уын æрбахастон! Сæ нæмттæ сын зонут?

**С.** Тюльпантæ, нарцисстæ, къаппа-къуппатæ, малусæгтæ æ. а. д.

**Хъ.** Сæ уындæй цы банкъардтат? Цавæр æнкъарæнтæ уæм

сæвзæрын кодтой?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Цæмæн хъæуынц дидинджытæ, цы пайда сты?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Цыбыр дзырдæй, искæй зæрдæ барухс кæнын кæнæ исты сфæлындин куы бафæнды адæймаджы, уæд спайда кæны удæгас дидинджытæй. Æмæ йын куы нæ вæййы, уæд та?
**С.** Уæд та сын сæ ныв скæны!
**Хъ.** *(æвдисы нывгæнджыты конд дидинæджы нывтæ).* Нывгæнджыты куыст уæ зæрдæмæ цæуы?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Мах та сæ куыд сныв кæнæм, цæмæй нын удæгæсты хуызæн рауайой?
**С.** Лæмбынæг сæм бакæсын æмæ зæрдыл бадарын хъæуы.
**Хъ.** Сабитæ, цыхуызæн сты дидинджытæ?
**С.** Дидинæгæн ис зæнг, сыфтæ, дидинæг…
**Хъ.** Сныв-ма йæ кæн фæйнæгыл. *(Саби фæйнæгыл скодта дидинæджы схематикон ныв, шаблон.)* Ахæм дидинæгæн ном ис? Дидинджытæ афтæ куы ныв кæнæм, уæд сæ кæрæдзийæ куыд иртасдзыстæм?
*Сабиты дзуæппытæ. Ахæм дидинæджы цымыдисагæй кæй ницы ис, уыцы хатдзæгмæ æрцыдысты.*
**Хъ.** Уымæ гæсгæ, куыд загътат, афтæ: цæмæй дидинæг сныв кæнай, уый тыххæй уал æм лæмбынæг бакæсын хъæуы. Уымæй уæлдай ма мах цы хъуамæ зонæм дидинæджы тыххæй?
**С.** Кæм зайы, уый. Ис быдираг дидинджытæ æмæ, дыргъдоны чи зайы, ахæмтæ.
**Хъ.** Цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ?
**С.** Быдираг дидинджытæ алы ран дæр зайынц: хъæды æрдузы, быдыры, уыгæрдæны. Сты гыццылтæ, фæлурс, сæ ас, сæ хуыз æмæ сæ кондæй цæсты нæ ахадынц.

**Хъ.** Дыргъдоны чи зайы, уыдон та?
**С.** Уыдон алцыппæтæй дæр бæллиццаг сты: егъау, бæрæгбонарæзт, хуызджын.
**Хъ.** Дидинджыты æхсæн ма ноджы цы хицæндзинæдтæ ис, уыдонмæ лæмбынæг æркæсæм. Чи зæгъдзæни?
*Сабиты дзуæппытæ: асæй сты гыццылтæ, стыртæ, рæстæмбистæ; иутæ – бирæсыфджын, иннæтæн сæ сыф – кадавар. Сæ формæ æмæ сæ хуыз дæр хицæн у æ. а. д.*
**С.** Алы дидинæгæн дæр ис йæхи хуыз. Сæ хуызмæ гæсгæ дæр хицæн кæнынц кæрæдзийæ. Зæгъæм, тюльпантæ вæййынц сырхытæ, урсытæ, буртæ æ. а. д.
**Хъ.** Иуæй-иу дидинджытæн ис сæйраг хуыз æмæ йæ хонгæ дæр уыцы дидинджыты номæй кæнынц.
**С.** Æцæгдæр афтæ у. Зæгъæм, сиренхуыз, уардихуыз, фиалкæхуыз.
**Хъ.** Раст æй бафиппайдтат. Ныв кæнын райдыдтат. Куыд уæ фæнды, афтæ равдисут дидинджыты уæ нывты: дыргъдоны, уыгæрдæны, вазæйы, уынджы газоныл. Æрмæст мæм иу курдиат ис: зæнг æмæ сыфтæртæ нæ, фæлæ дидинджытæн сæхимæ æрдарут уæ хъус сæйрагдæр. Стырæй сæ равдисут, бæстон сæ сныв кæнут. Ма уæ рох кæнæд, алы сасчытæ сæм æрбатæхынц, æмæ хъуамæ рæсугъд уой. Уæ зæрдыл ма лæууы, сасчытæ дидинджытæм цæмæ тæхынц, уый?
*(Кæс: Кæстæр къорды 14 темæйы 26 æмæ 27 ахуыртæ.)*
**С.** Уыдон æмбырд фæкæнынц нектар – дидинæджы астæу цы адджын дон ис, уый.
**Хъ.** Дидинæг ныв кæнгæйæ-иу ын йæ ном уæ зæрдыл æрлæууын кæнут æмæ йын йæ хуыз равдисынил бацархайут. Дидинæг, куыд æмбæлы, афтæ рæсугъд ныв кæнын мах æнæмæнг хъуамæ сахуыр уæм. Уымæн æмæ нын уыцы арæхстдзинад нæ иннæ куысты стыр æххуыс фæуыдзæн. Цавæр куыст, уый та уын нырма нæ зæгъын – цымыдисæй йæм æнхъæлмæ кæсут.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, абон дарддæр дзурдзыстæм уалдзæджы тыххæй. Ныв кæнынæн цы равзæрстам?
**С.** Уалдзыгон дидинджытæ.
**Хъ.** Дидинджыты тыххæй уæ зæрдыл цы бадардтат?
**С.** Дидинджытæ æрдзы бирæ и, алыхуызæттæ сты æмæ тынг рæсугъд.
**Хъ.** Уыдоныл ис бирæ зарджытæ, æмдзæвгæтæ, аргъæуттæ. Уæ зæрдыл дзы исты лæууы?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Дидинджытæм нывгæнджытæ хъулон цæстæй кæсынц. Суанг ма сæ алыварс предметтæ дæр дидинæджы фæлгонцтæй саив кæнынц. Цымæ цæмæн?
**С.** Цæмæй рæсугъд, бæрæгбонхуыз уой æмæ сæ зæрдæ райа.
**Хъ.** Ахæм фæлындæнтæ искуы федтат?
**С.** Махмæ хæдзары ис, йæ уæлæ дидинæджы нывтæ кæмæн ис, ахæм дурын. Махмæ та – стъолæмбæрзæн, къухтæсæрфæнтæ, рудзынгæмбæрзæнтæ. Се 'ппæтыл дæр – дидинджытæ!
**Хъ.** *(æвдисы зайæгойтæ æмæ дидинджыты орнамент кæуыл ис, ахæм мигæнæнтæ, хъуымацы гæппæлтæ æ. а. д.).* Æцæгдæр, дидинæджы нывтæ мах бирæ предметтыл фенæм. Ракæсут-ма! Уæ зæрдæмæ цæуынц? Куыд уæм кæсы, мæнæ ацы кæхц дæр æмæ мæнæ ацы хъуымац дæр уыцы иухуызон урсæй куы ныууагътаиккой, уæд, чи зоны, хуыздæр уыдаид?
*Сабиты дзуæппытæ. Архайынц æнæ искæй æххуысæй предметтæн эстетикон æгъдауæй аргъ скæнын, архайынц сæ хъуыдытæ фæд-фæдыл æнæкъуыхцыйæ дзурын.*
**Хъ.** Сабитæ, ахæм диссаджы нывæфтыдтæ куыд æрхъуыды кæны нывгæнæг дидинджытæй?

**С.** Фыццаг уал сæм лæмбынæг æркæсы, йæ зæрдæмæ дзы чи фæцыди, уыцы дидинджытæ бахъуыды кæны æмæ сæ уый фæстæ аив равæры, цæмæй йæ нывæфтыд рæсугъд рауайа.

**Хъ.** Раст зæгъут. Цæмæй сæ йæ зæрдыл хуыздæр бадара, уый тыххæй сын сæ нывтæ дæр скæны. Айразмæ сымах дæр ныв кодтат, уæ зæрдæмæ чи фæцыди, уыцы дидинджытæ. Ныр бамбæрстат, уыцы нывтæ уын кæм бабæздзысты, уый? Æцæг нывгæнджытæ куыд фæкæнынц, афтæ сымах дæр уæ нывтæй абон хъуамæ исты дзаума саив кæнат. Зæгъæм, тæбæгъ. Мæнæ ацы тымбыл гæххæттытæ цыма тæбæгътæ сты, афтæ йæ нымайут. *(Сабитæн райуæрста гæххæттын зиллæччытæ: сæ кæрæттыл, тæбæгъæн куыд вæййы, афтæ – лыстæг хæххытæ, сæ бæстастæу − зиллакк.)* Уæ ныв цæмæй рæсугъд æмæ раст уа, уый тыххæй æркæсæм, нывгæнджытæ сæ нывæфтыд куыд равæрдтой, уымæ. *(Æвдисы иу-æртæ хуымæтæг композицион схемæйы æмæ сыл сабитимæ æрдзуры.)*

**Хъ.** Равзарут, уæ зæрдæмæ тынгдæр чи фæцыди, уыцы схемæ æмæ уымæ гæсгæ уæ тæбæгътæ саив кæнут. Æрмæст нывгæнджыты конд дидинджыты фæлгонцтæ ма фæзмут, æндæртæ æрхъуыды кæнут! Уæ уарзон дидинджыты нывтæй саразут нывæфтыд. Иухуызон дидинджытæ орнаменты мидæг ритмикон æгъдауæй фæлхатгонд цæуынц, алыхуызæттæ та (асæй æмæ хуызæй), гæнæн ис, иумæ бабæттай.

**Иумæйаг темæ: «Дæхи хъахъхъæн − фыдбылыз!»**
**Темæ: «Хъæлдзæг светофор». Рагацау фиппайды бындурыл ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Сабиты хъус æрдарын, фæндагыл цæугæйæ къæрцхъус уæвын кæй æмбæлы, уыцы ахсджиаг æууæлмæ. Иу хатт ма сын фистæгæй цæуджыты хи дарыны фæтк сæ зæрдыл æрлæууын кæнын.

– Сæ цæст уынаг куыд уа, цы феной, уый сæ зæрдыл куыд дарой, ууыл архайын, сæ ассоциативон хъуыдыкæнынад сын рæзын кæнын.

– Хæдзары дæр æмæ уынджы дæр лæмбынæг куыд кæсой æмæ сæхи куыд хъахъхъæной, афтæ сæ хъомыл кæнын. Сабиты æдасдзинад хъахъхъæныны тыххæй сын, хæдтулгæты активон змæлды уавæрты хи куыд дарын хъæуы, уыцы хуымæтæг уагæвæрдтæ бацамонын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Амонын сын, конструкциты ахадгæ хицæндзинæдтæ æвдисгæйæ, алыхуызон объекттæ ныв кæнын: агъуыстытæ (уынджы иу хай), алыхуызон машинæтæ (фæндагыл) æмæ фистæг адæмы.

**2. Хуызиртасынад.** Сабиты хъус уæлдай тынгдæр æрдарын хуыз иртасыны эмоционалон æмæ психологон æууæлтæм: бур – лæмбынæг кæс, кæрдæгхуыз – æнæмæт у, сырх – дæхи хъахъхъæн.

**3. Композици.** Гæххæттыл сныв кæнын уынджы иу хай, цалдæр фæндаджы кæм баиу сты, йæ уыцы тигъ – æд светофор, машинæтæ æмæ адæм (фистæгцæуджыты фæндагыл).

**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, ахуырст элементтимæ.
**Хуызфыссынады уаг:** адæмы къорд светоформæ хæстæг ран фæндаджы иннæ фарсмæ куыд фæхизы, уыцы нывы схематикон равдыст.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Светофор (лæугæ, ауындзгæ) æмæ горæты алыхуызон транспорты нывтæ. Хъазæн машинæтæ.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Ацы ахуыры размæ хорз уаид горæты уынгты атезгъо кæнын æмæ стæй уыцы фиппайд æмæ тæлмæнтæй спайда кæнын.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, куыд стыр кæнут, афтæ фылдæр рæстæг æрвитут уынджы æнæ хистæртæй. Хæстæгдæр дуканимæ ауайут дзулмæ, сæлдæгмæ æ. а. д. Афтæ нæу?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Иунæгæй куы вæййут уынджы, уæд хъуамæ уæлдай къæрцхъус уат. Уæхи куыд хъуамæ дарат?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Нæ абоны ныхасы сæр сты фæндагыл цæуыны уагæвæрдтæ. Цы зонут уыдоны тыххæй?
**С.** Фæндаджы сæрты хизын хъæуы арæхстгай, хистæрæн йæ къухыл хæцгæйæ. Тагъд ма кæн. Машинæйы рæзты ма гæпп кæн æ. а. д.
**Хъ.** Ныртæккæ машинæтæ афтæ сбирæ сты, æмæ дзы уынджы нæ, фæлæ кæртыты дæр фаг ис. Æмæ уæд цы гæнгæ у? Кæртмæ мауал цæуæм?
**С.** Кæрты дæр лæмбынæг кæсын хъæуы, цæмæй, машинæ куы æрбацæйцæуа, уæд æй афойнадыл бафиппайай.
**Хъ.** Стыр горæтаг уынгæн та йæ иннæ фарсмæ куыд ахизæн ис?

**С.** Бæрæг бынаты: урс хæххытæ йыл ис. Кæнæ светоформæ хæстæг: уый машинæтæн дæр æмæ адæмæн дæр фæндаг амоны.
**Хъ.** *(æвдисы светофоры нывтæ).* Æцæгдæр, светофор хистæртæн дæр æмæ сабитæн дæр се стыр хæлар æмæ æххуысгæнæг у фæндагыл. Куыд нын æххуыс кæны?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Светофор æрмæст адæмæн нæ, фæлæ машинætæн дæр æххуыс кæны. Бацамоны сын, кæд хъуамæ æрлæууой, кæд хъуамæ сæ бынатæй фенкъуысой, уый. Цæй æмæ æппæт уыдæттæ сныв кæнæм: адæм, машинæтæ, светофор!

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæй размæ цы ныв кодтат?
**С.** Мах ныв кодтам нæ горæты уынгтæ: агъуыстытæ, тротуар, сосавæндæгтæ (æд машинæтæ) æмæ фистæг адæмы.
*Хъомылгæнæг фæлхат кæны горæты уынгты хи дарыны уагæвæрдтæ: фæндаджы иу фарсæй иннæ фарсмæ хизын куыд хъæуы, цы нысан кæнынц светофоры алыхуызон цырæгътæ æ. а. д. Сабитæ цымыдисæй хъусынц. Йæ фæрстытæн ын зæрдиагæй дзуапп дæттынц.Уый фæстæ сæ нывтыл кæронмæ кусынц, хуызджын ахорæнтæй сæ аив кæнынц.*

*47–48 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Зонджын машинæтæ».**
**Темæ: «Робот – адæймаджы æххуысгæнæг». Базынд информацийыл бындурыл ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Техникæйы ахадындзинад адæймаджы царды. Техникæйы рæзтыл архайæг курдиатджын адæймæгты

тыххæй сабитæн радзурын.

– Сабитæ хъуыды кæнынмæ куыд арæхсой, сæ хъуыдыкæнынад аналитикон æмæ конструктивон куыд уа, ууыл архайын. Ныв кæныны руаджы сын сæ эмоционалон дуне уæрæхдæр кæнын.

– Сабиты цымыдис кæнын ныры вазыгджын техникæ зонынмæ. Ахуыргонд адæймагæй аргъуыц куыд кæной, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Хи фантазийы бындурыл, техникон детальтæ æмæ конструкцитæй пайдагæнгæйæ, гæххæтты сыфыл сфæлдисын «механикон адæймаджы», роботы, фæлгонц.

**2. Хуызиртасынад.** Ацы хæслæвæрды ахорæнтæ ахсджиаг не сты, уымæ гæсгæ скæнæн ис ахроматикон ныв. Ахорæнты хуызтæй æвзарын хъæуы гель ручкæтæ æмæ фломастерты æвзист æмæ сыгъзæрин фæлгъуызтæ.

**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл скæнын вазыгджын техникон объекты (иу кæнæ цалдæр роботы), сæ алыварс – сабитæ, афтæмæй.

**Кусæн фæрæзтæ:** фломастертæ, гель ручкæтæ.

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, ахуырст элементтимæ.

**Хуызфыссынады уаг:** роботы (роботты) схематикон характерон фæлгонц, «адæймагæнгæс» æй равдисгæйæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Алыхуызон тæхæн аппаратты нывтæ. Роботты нывтæ. Ацы темæйы фæдыл аргъæуттæм иллюстрацитæ. Хъазæн «Робот». Цалдæр вазыгджын хъазæны.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, фломастертæ, алы хуыз (металлик) гель ручкæтæ.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, нæ абоны ахуыры темæ – «Зондджын машинæтæ». Фыццаг уал сыл æрдзурæм, стæй та сын сæ нывтæ скæндзыстæм. Сабитæ, адæймаджы зæрдæйы бæллицтæ куы нæ уа, уæд йæ цард у æгъуыз æмæ æнкъард. Бæллицтæ та йæ сæ базыртыл размæ хæссынц. Адæм рагæй фæстæмæ бæллыдысты, зæгъæм, арвы тыгъдады маргъау тæхын, дард стъалытæ басгарын. Цæмæй йæ зонæм?

**С.** Сæ бæллицтæ аргъæутты дзырдтой.

**Хъ.** Цавæр аргъæуттæ зонут?

**С.** Тæхгæ чи кæны, уыцы гауызы аргъау. Тагъд чи цæуы, уыцы цырыхъхъыты аргъау æ. а. д.

**Хъ.** *(æвдисы иллюстрацитæ аргъæуттæм).* Сæххæст сты сæ бæллицтæ?

**С.** О. Ныртæккæ иу горæтæй иннæмæ тæхынц хæдтæхджытæ. Космосон наутæ тæхынц космосмæ. *(Хъомылгæнæг сын æвдисы алыхуызон хъазæнтæ: тæхæн аппараттæ, хæдтæхджытæ, ракетæтæ.)*

**Хъ.** Кæддæр æнцон нæ уыди, дард ран чи ис, уыцы хионæй исты хабар базонын. Ныр та?

*Сабиты дзуæппытæ: телефон, скайп. Алыхуызон дæнцæгтæ хæссынц сæхи цардæй: сæ хæстæджытæй чи кæм цæры æмæ семæ куыд фæныхас кæнынц, уый тыххæй.*

**Хъ.** *(æвдисы йæ дзыппыдаргæ телефон).* Раздæр телефон куыста æрмæстдæр телты фæрцы. Ныр та? Куыд кусы ацы телефон?

**С.** Мæ фыд мын афтæ загъта, сæрмагонд спутник, дам, космосы тæхы æмæ уый фæрцы кусынц дзыппыдаргæ телефонтæ.

**Хъ.** Сабитæ, уыцы телефонæн «зондджын» æрхъуыды схонæн ис?

**С.** Бæгуыдæр: номыртæ йæ зæрдыл дары, къамтæ исы.

**Хъ.** Тынг хорз. Дарддæр: адæймаг бæллыди, æндæр го-

ræттæ, æндæр бæстæты цы цæуы, уый фенын. Аргъæуттыиу уый сæ къухы куыдæй бафтыди?
**С.** Диссаджы айдæны руаджы æ. а. д.
**Хъ.** Ныр та?
**С.** Ныр та телевизорæй алцыдæр уынæм.
**Хъ.** Бирæ азты дæргъы ахуыргæндтæ тырныдтой, алцыппæтæй дæр адæймаджы хуызæн чи уа, ахæм «механикон адæймаг» саразынмæ. *(Æвдисы роботы ныв кæнæ – хъазæн.)* Куыд хуыйны?
**С.** Уый у робот. Зоны цæуын, йæ къухтæ змæлын кæнын, исты сисын, æндæр ранмæ йæ ахæссын æ. а. д.
**Хъ.** Æндæр ма?
**С.** Йæ цырагъ-цæстытæ ныкъулы, бардзырд æмбары, дзурын зоны.
**Хъ.** Йæ ныхасы хъæд цавæр у?
**С.** Бæлвырд, раст, фæлæ йын цыдæр нæ фаг кæны.
**Хъ.** Æнкъарæн дзы нæй, уазал у, «техникон». Роботтæ æмбарынц æмæ сæ бон у бæлвырд бардзырдтæ æххæст кæнын, зонынц температурæ барын, нымайын, математикон хынцинæгтæ кæнын, рыгтæ сæрфын, æхсын, хос кæрдын, шахмæттæй хъазын. Ис, космосы тыгъдады, медицинæйы, промышленносты æ. а. д. кусæг вазыгджын роботтæ. *(Æвдисы роботты алыхуызон хуызистытæ.)* Сабитæ, се 'ддаг бакаст цыхуызæн у? Цæмæй конд сты? Сæ хуылфы та цы ис?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Ахæм дзæбæх æххуысгæнæг уын куы уаид, уый уæ фæнды? Иумæ кусиккат, иумæ хъазиккат, уæ бардзырдтæ уын æххæст кæнид. *Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Цæй æмæ уæ алчидæр ахъуыды кæнæд æмæ йæхирдыгонау сныв кæнæд, бирæ цæмæдæрты чи арæхсы æмæ сабитимæ хъазын дæр чи уарзы, ахæм «механикон адæймаг».

*Сабитæ ныв кæнынц.*

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, айразмæйы ахуыры уын лæвæрд уыди хæдзармæ куыст. Бацæттæ йæ кодтат? Цавæр темæйыл дзырдтам, уый уал нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм æмæ стæй нæ хæдзармæ куыстмæ дæр æркæсдзыстæм.
**С.** Нæ фæстаг ахуыры темæ – «Зондджын машинæтæ». Хъуамæ хæдзары федтаиккам, ахæм машинæтæ нæм ис æви нæ, æмæ сæ кой ракодтаиккам.
**Хъ.** Алы хæдзары дæр ис, цард рогдæр чи кæны, ахæм «æрхъуыдыджын» механизмтæ. Цæмæ арæхсынц, цы хуызы рог кæнынц адæймаджы къух, зæгъут-ма? Цæмæй бæрæг у, «зондджын» сты, уый?
*Сабитæ нымайынц сæ хæдзарон «æххуысгæнджыты», сæ «зондджын» куыстытæ сын нымайынц: æхсæн машинæ, уазалгæнæн, кæрдзынгæнæн, къамисæн æ. а. д.*
**Хъ.** Мæнæ цас ранымадтат! Семæ архайын кæй зонут, уый мын тынг æхсызгон у. *(Хорз уаид, ахæм куыстытæм цы аргъæутты персонажтæ арæхсынц, уыдоны зæрдыл æрлæууын кæнын. Аргъæуттæй скъуыддзæгтæ хъæрæй бакæсын.)* Зæгъут-ма, ныв кæнынмæ та цы равзæрстат?
**С.** Робот! Уымæй цымыдисагдæр ма цы уа!
**Хъ.** Робот нырыккон наукæйы æрхъуыды у. Фæлæ «механикон адæймæгтæ» бирæ раздæр фæзындысты: адæймаджы бæрзæндæн куклатæ, исты курдиатæй хайджын – куклатæ-музыканттæ, куклатæ-кафджытæ, куклатæ-нывгæнджытæ. *(Сабиты зæрдыл æрлæууын кæнæн ис, зæгъæм, аргъау «Три толстяка» æ. а. д.)*
**Хъ.** Уыцы куклаты-иу скусын кодтой дæгъæлы руаджы æмæ-иу, цыма сæ уд бацыди, афтæ змæлын, кафын, цæгъдын райдыдтой. Адæм сыл фыр диссагæй æмбырдтæ

кодтой. Ныртæккæ ахæм хъазæнтæ диссаг никæмæуал кæсынц! Цавæр хъазæнтæ ис ныртæккæ?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Ныр та уын æркæсæм уæ нывтæм. Куыст кæронмæ фæуæм. *(Сабиты нывтæ райуæрста, йæ фиппаинæгтæ сын дзургæйæ.)* Нæ фæлгонцтæн хуызтæ раттæм, схуызджын сæ кæнæм. Уый тыххæй нæ бахъæудзæни фломастертæ æмæ гель ручкæтæ. Цæмæн?
**С.** Уыдонæн сæ хуыз згъæрæнгæс у – металлик: æвзист æмæ сыгъзæрины хуызæн, æрттиваг, тыбар-тыбур кæны.
**Хъ.** Арæхстгай сæ пайда кæнут. Уæ роботтæм лæмбынæг æркæсут. Ницы уæ ферох и сныв кæнын?
**С.** Ницы нæ ферох и. Æфсæн къæхтæ, цæмæй цæуа. Æфсæн къухтæ, цæмæй архайа.
**Хъ.** Хъусгæ та куыд кæнынц?
**С.** Антеннæйы руаджы.
**Хъ.** Уынгæ та?
**С.** Телекамерæйы руаджы.
**Хъ.** Зæрдæ ис роботæн, цæмæй æнкъара? Магъз ын ис, цæмæй хъуыды кæна?
**С.** Нæй. Ахæм «зондджын» уымæн у, æмæ йæ адæймаг афтæ сарæзта.
**Хъ.** Æцæгдæр, машинæйы бон æрмæстдæр, йæ программæ цы амоны, уый кæнын у. Сабитæ, фидæны, роботты алы куыст кæнын дæр куы сахуыр кæной, уæд та цы уыдзæн? Адæймаг бынтондæр ницыуал кусдзæн?
**С.** Адæймаг ног æмæ ног механизмтæ хъуыды кæндзæн. Разамынд сын дæтдзæн æмæ хорз кусдзысты.
**Хъ.** Сабитæ, уæ хæлæртты миниуджытæй уæ зæрдæмæ тынгдæр кæцытæ цæуынц?
**С.** Зæрдæхæлар, зонд, æнæзæрдæхудт, дзырдарæхст, хъæлдзæгзæрдæ.
**Хъ.** Уыцы миниуджытæн машинæмæ уæвæн ис?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** «Зонджын» машинæйы бон бирæ рæтты у адæймаджы къух фæрог кæнын. Фæлæ роботы бон никуы бауыдзæни махæн нæ адджын, нæ иузæрдион хæлары баивын. Афтæ нæу?

*Сабиты дзуæппытæ.*

*49–50 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Космос».**

**Темæ: «Æндæр планетæйыл». Фантазийы бындурыл ныв кæнын лæвæрд темæйыл.**

**Нысан:**

– Космосы темæмæ сабиты хъус æрдарын. Космосы тыххæй сын сæ зонындзинæдтæ фæуæрæхдæр кæнын, радзурын сын, йæ дæсныйад космосимæ баст кæмæн у, ахæм адæймæгты тыххæй.

– Активонæй сын рæзын кæнын сæ фантази, сæ фæлгæнæн, се ’нкъарынад.

– Хи планетæмæ хæдзардзин цæстæй куыд кæсой, йæ фидæны тыххæй куыд тыхсой, космосмæ сын хæрзуаг хионы ахаст куыд уа, сабиты афтæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Вазыгджын техникон формæ *(мæйылцæуæг, космосон нау)* æмæ фантазийæ равзæрд адæймæгтæ *(æндæр планетæйы цæрджытæ)* ныв кæнын, сæ конды хицæндзинæдтæ сын равдисгæйæ.

**2. Хуызиртасынад.** Спайда кæнæн ис ахорæнты хуызты æнахуыр æмиуæдтæй (сочетания), æнахуыр уавæр нысангæнæг ирд æмæ æрттиваг ахорæнтæй.

**3. Композици.** Скæнын гæххæттыл ахæм ныв: зæххон

адæм космосон науыл атахтысты æндæр планетæмæ æмæ уым фембæлдысты бынæттон цæрджытыл.

**Кусæн фæрæзтæ:** æмхæццæ, сиу кæнæн ис алыхуызон æрмæджытæ *(ахорæнтæ, фломастертæ, гель ручкæтæ).*

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, ахуырст элементтимæ.

**Хуызфыссынады уаг:** персонажтæ æмæ æрдзы схематикон нывтæ, се ’нахуырдзинад сын цæстахадгæ нереалон детальтæй банысан кæнгæйæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Стъалыджын арв, планетæтæ, хур, Зодиакы стъалыгуппартæ, Æрфæныфæд. Аргъæуттæм конд иллюстрацитæ *(астролог-стъалынымайæджы фæлгонцимæ).* Ю. А. Гагарины къамтæ. Космос басгарæг куыйтæ Белкæ æмæ Стрелкæйы, алыхуызон космосон техникæйы хуызистытæ. 6–7-аздзыд сабиты нывтæ космосы темæйыл.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, фломастертæ, гель ручкæтæ, флюоресцентон, тыбартыбургæнаг гуашь.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** *(æвдисы стъалыджын арвы ныв).* Сабитæ, стъалытæм кæсын уарзут? Цыхуызæн сты?

**С.** Гыццыл судзгæ стъæлфытау арвыл тыбар-тыбур кæнынц. Хур куы аныгуылы, бæстæ дзæбæх куы æрталынг вæййы, мæй куы скæсы, уæд уыдон дæр фæзынынц.

**Хъ.** Бонцъæхтæм фæсудзынц, хур куы скæсы, уæд æрбатары вæййынц. Цы фæвæййынц?

**С.** Сæ бынаты баззайынц арвыл. Фæлæ боныгон нал фæзынынц.

**Хъ.** Æцæгдæр, æппæты стырдæр æмæ æрттивагдæр стъалы – Хур – куы фæзыны арвыл, уæд уыдон нал фæзынынц. Рагæй-æрæгмæ адæм цымыдисæй арвмæ кæсынц, йæ

сусæгтæ базонын сæ фæнды. Цæмæй, стъалытæ арвыл сæ бынат куыд ивынц, уый хуыздæр феной, уый тыххæй ахуыргæндтæ æрхъуыды кодтой сæрмагонд прибортæ – арвмæкæсæн хæтæлтæ, телескоптæ. Сабитæ, стъалыты змæлдмæ йæ хъус чи дардта, уыдоны куыд хуыдтой? Аргъæутты сæ кой ис.

**С.** Стъалынымайджытæ.

**Хъ.** Стъалынымайджытæ тынг раджы бафиппайдтой: стъалытæй иутæ арвыл иунæгæй рацу-бацу кæнынц, иннæтæ – стъалыгуппарты сæхицæн æмбырдæй лæууынц. Уыдон алыхуызон нæмттæ хъуыды кодтой стъалытæн, стъалыгуппартæн, хатгай-иу сæ цæрæгойты нæмттæй дæр схуыдтой. Стыр ахсджиаг сын уыди, адæймаг цавæр стъалы, цавæр стъалыгуппары бын райгуырди, уый зонын. *(Æвдисы Зодиакы стъалыгуппарты нывтæ.)* Сымах зонут, цавæр стъалыгуппары бын райгуырдыстут, уый?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Стъалытæ махмæ чысыл съæлфытау кæсынц, фæлæ уыдон стыр планетæтæ сты. Космосы бирæ сусæгдзинæдтæ ис. Ныртæккæ тынг стыр телескоптæй ахуыргæндтæ, астрономтæ, сæ цæст дарынц космосмæ. Стъалытæм куы фæкæсæм, уæд æнæмæнг ахъуыды кæнæм, цымæ дзы цæрджытæ ис, зæгъгæ. Сымахмæ уый цымыдисаг нæ кæсы?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Космосы арæзты тыххæй ахуыргæндтæ ныридæгæн бирæ базыдтой. Цымæ куыдæй?

**С.** Космонавттæ тæхынц космосмæ æмæ уым æрмæг æмбырд кæнынц. Зæхмæ йæ сæмбæлын кæнынц. Къамтæ сисынц. Космосы тыххæй æрмæджытæ ахуыргæндтæ амал кæнынц сæрмагонд спутникты руаджы дæр.

**Хъ.** Ракетæтæ арвыстой æндæр планетæтæм дæр *(Венерæ, Марс)*, цæмæй сын сæ къамтæ сисой æмæ сæ сахуыр кæной. Цæй, нæ цæстытыл ауайын кæнæм, цыма æнæхъæн

къордæй дæр цавæрдæр æбæрæг планетæмæ атахтыстæм. Кæуыл дзы фембæлдзыстæм? Цы дзы фендзыстæм?
**С.** Уым фембæлæн ис æндæр планетæйы цæрджытыл.
**Хъ.** Цымæ æддаг бакастæй цыхуызæн сты?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Æцæгæлон планетæмæ бахаудтæ, зæгъгæ, уæд фысымтимæ дæхи куы хъуамæ дарай?
**С.** Хъуамæ семæ бахæлар уай, зæххон адæмæй сын лæвæрттæ демæ аласай.
**Хъ.** Цы сын балæвар кæниккат?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сæ планетæйы тыххæй, сæ царды тыххæй сæ бафæрсиккат. Нæхи кой дæр сын ракæниккат. Ирыстоны тыххæй сын цы радзуриккат?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Диссагæй ма дзы цы фениккат?
**С.** Æнахуыр мæргътæ æмæ цæрæгойтæ, æнахуыр æрдз æмæ зайæгойтæ.
**Хъ.** Тынг хорз! Уæ цæстытыл куыдæй уайынц, афтæмæй сæ сныв кæнут. Тыбуртыбургæнаг ахорæнты руаджы уый æнæмæнг уæ къухы бафтдзæн.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, фæстаг ахуыры дзырдтам космосы тыххæй. Нæ нывтæ дæр уый фæдыл уыдысты. Цæмæн, куыд уæм кæсы?
**С.** Æрхæццæ кæны Космонавтикæйы бон – 12 апрель!
**Хъ.** Уыцы бон кæддæриддæр космонавтикæйы сгуыхтдзинæдтыл фæдзурынц, æнæмæнг æрымысынц дунейы фыццаг космонавты ном. Сымах æй зонут? *(Æвдисы Гагарины худгæ къам.)*
**С.** Юрий Алексеевич Гагарин.
**Хъ.** Адæмы цæстытыл афтæмæй баззади йæ цæсгом: æры-

гон, худындзаст, зæрдæмæдзæугæ. Гагарин уыди ныфсхаст æмæ хъæбатыр тæхæг-фæлварæг. Космосмæ атахти, зæххы къорийы алыварс æрзылди. Куы йæ бафарстой, космосæй нæ Зæхх космосæй цыхуызæн у, уæд загъта: «Хæрз гыццыл, æнæбон æмæ тынг рæсугъд – æрвхуыз! Уый хъæуы хъахъхъæнын!»

*(Хъомылгæнæг æвдисы Зæххы къорийы ныв – космосæй ист, глобус.)* Сабитæ, космонавтмæ Зæхх æрвхуыз цæмæн фæкасти, куыд хъуыды кæнут?

**С.** Зæххыл бирæ дон ис – океантæ, денджызтæ, цæдтæ, цæугæдæттæ, уымæ гæсгæ нæ планетæ дардмæ æрвхуыз зыны.

**Хъ.** Космонавтикæйы бон  мæнæ ацы гыццыл куыйты дæр æрхъуыды кæнынц – Белкæ æмæ Стрелкæйы. *(Æвдисы куыйты къамтæ.)* Цæмæн, уый чи зоны?

**С.** Уыдон дæр космосы уыдысты. Адæймагæй нoджы раздæр. Ракетæйы атахтысты.

**Хъ.** Раст зæгъут! Адæймаджы арвитыны размæ уал ахуыргæндтæ хъуамæ сбæлвырд кодтаиккой, удæгас уд дзы бафæраздзæни æви нæ. Уымæ гæсгæ космосмæ фыццаг фæндаг Белкæ æмæ Стрелкæ акодтой. Сабитæ, цымæ ма космосы мах йеддæмæ цæрджытæ ис? Уый уæм цымыдисаг нæ кæсы? Уæ цæстытыл куыдæй уайы?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Уæдæ йæ уæ цæстытыл ауайын кæнут æмæ йæ уæ нывты равдисут! Зæгъæм, афтæ: мах æндæр планетæйыл æрбадтыстæм æмæ уымы цæрджытæ нæ размæ рацыдысты. Сабитæ, куыдæй уыл сæмбæлдзысты, куыд уæ фæнды?

**С.** Худæндзастæй. Бацин ныл кæндзысты. Фысым нын фæуыдзысты.

**Иумæйаг темæ: «Мæргътæ».**
**Темæ: «Аргъæутты маргъ». Фæлгæнæн æмæ фантазийы бындурыл ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Мæргъты тыххæй зонындзинæдтæ фæфылдæр кæнын, бирæ хуызтæ кæй сты, сæ ’ддаг бакаст æмæ цардæвæрдæй хицæн кæй кæнынц, уыцы æууæл банысан кæнгæйæ.

– Рæзын кæнын сабиты фантази æмæ фæлгæнæн, сæ цæст уынаг куыд уа, ууыл архайын.

– Зонындзинæдтæм куыд тырной, чиныг куыд уарзой, афтæ сæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.**
Ахуыр кæнæм мæргъты фæлгонцтæ ныв кæнын. Мæргъты буарыконды тыххæй зонындзинæдтæ зæрдыл æрлæууын кæнын. Аргъæутты маргъы фæлгонцæн спайда кæнын æгæргæнæн мадзалæй (тынг рæсугъд стыр къæдзил, зырнæйзылд хъуыр, æнахуыр къоппа).
**2. Хуызиртасынад.** Аргъæутты маргъы пакъуы тыбартыбургæнаг ахорæнтæй снывкæнын. Фæлгонц ноджы фæцæстæнгасдæр кæнын хуызджын гæххæтт, фольга, фломастертæ æмæ æндæр уæлæмхасæн æрмæджыты руаджы.
**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл скæнын аргъæутты маргъы ныв – тæхгæйæ кæнæ та бæласы къалиуыл бадгæйæ.
**Кусæн фæрæзтæ:** гуашь, æрттивæгтимæ гуашь. Спайда кæнæн ис уæлæмхасæн æрмæгæй (фольга, хуызджын гæххæт æмæ æнд.).
**Хуызфыссынад:** хуызджын.
**Хуызфыссынады уаг:** æнахуыр детальтæ ноджы

цæстæнгасдæр кæй кæнынц, маргъы ахæм схематикон хуызджын фæлгонц.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Алыхуызон мæргъты нывтæ кæнæ къамтæ (энциклопедитæй ист). Маргъы рæсугъд систæ. Мæргъты тыххæй аргъæуттæм иллюстрацитæ. Мæргъты темæйыл нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ æмæ 6–7-аздзыд сабиты нывтæ. Дискыл фыст «Мæргъты хъæлæстæ».

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы гуашь, гуашь (æрттивæгтимæ кæнæ та тыбартыбургæнаг, флюоресцентон), палитрæ, хъисойтæ (стыр, рæстæмбис и гыццыл), банкæ донимæ, къухтæсæрфæн. Сасм (клей), хуызджын гæххæтт æмæ фольгайы гæбæзтæ.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Зæххыл цас алыхуызон мæргътæ ис, уый диссаг у! Æркæсæм-ма сæм. *(Æвдисы алыхуызон мæргъты нывтæ. Сæ нæмттæ ацы ран ахсджиаг не сты.)* Иу дзы иннæйы хуызæн нæу, алы маргъ дæр – цымыдисаг! Сабитæ, уæ зæрдæмæ дзы кæцы тынгдæр фæцыди, уый равдисут æмæ стæй радзурут, цыхуызæн у, уый.

*Сабитæ радыгай дзурынц мæргъты тыххæй, сæ хицæндзинæдтæм сын хъус даргæйæ.*

**Хъ.** Ныр та уæ исчи скæнæд ацы мæргътæй искæцыйы дзургæ фæлгонц, æмæ мах, кæй кой кæны, уый базондзыстæм.

*Сабитæ фæлварынц хæслæвæрд сæххæст кæнын.*

**Хъ.** Мæргъты æддаг бакаст æмæ миниуджытæ хорз равдыстат! Ныр та зæгъут, иннæ цæрæгойтæй цæмæй хицæн кæнынц?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Цæмæн хъæуынц мæргъты сæ пакъуы æмæ систæ?

**С.** Хъарм ын кæнынц йæ буар. Тæхынæн дæр ын æххуыс сты.

**Хъ.** *(æвдисы алыхуызон мæргъты рæсугъд систæ).* Систæ æмæ пакъуымæ гæсгæ базонæн ис, цавæр маргъы сты, уый. Цавæр мæргътæ зонут?

*Сабиты дзуæппытæ: халон, гæркъæраг, сырддонцъиу, хъæдхой æ. а. д.*

**Хъ.** Тынг раст. Мæргъты тыххæй бирæ цыдæртæ зонут. Нæ бон у æмæ ныв кæнын райдайæм. Амæй размæ дæр ма сæ цалдæр хатты ныв кодтам. *(Кæс: Кæстæр къорды 14 темæйы 25 ахуыр; астæуккаг къорды 8 темæйы 14 ахуыр.)* Фæлæ абон хуымæтæг нæ, фæлæ диссаджы маргъ куы сныв кæниккам, уый мæ фæнды. Цы зæгъут?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Нæ зæрдыл-ма æрлæууын кæнæм, мæргъты кой кæм ис, уыцы аргъæуттæ!

*Сабитæ нымайынц аргъæуттæ.*

**Хъ.** Алы адæмты аргъæутты æмбæлы маргъы æнахуыр фæлгонц. Ахæм фæлгонц ис Нарты кадджыты дæр. *(Хъæрæй бакасти скъуыддзаг «Нарты фæткъуы»-йæ.)* Сабитæ, ныр та ныв кæнын райдайут аргъæутты маргъы. Йæ фæлгонц ын, уæ цæстытыл куыдæй уайы, афтæмæй равдисут.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæй размæ ныв кодтам мæргъты. Зæгъут-ма, цæмæн афтæ тынг нæ зæрдæмæ цæуынц, афтæ зæрдиагæй сæ цæмæн ныв кæнæм? *(Æвдисы нывгæнджытæ æмæ сабиты куыстытæ мæргъты фæлгонцтимæ.).*

**С.** Æнæбахъыгдаргæ сты, худæг. Цæрдæг, уæгъдибар, рæсугъд. Зонынц тæхын æмæ зарын.

*Зæлынц дискыл фыст «Мæргъты хъæлæстæ».*

**Хъ.** Куыд зарынц? Цавæр зарджытæ кæнынц?

*Сабитæ фæзмынц мæргъты зарды зæлтæ.*

**Хъ.** Æцæгдæр, мæргътæм æвæлмастæй кæсæн нæй! Сæ уындæй адæймаджы зæрдæйы диссаджы æнкъарæнтæ æвзæрын кæнынц. *(Æвдисы мæргъты алыхуызон зæрдæмæхъаргæ нывтæ: лæппын сырддонцъиутæ ахстонæй сæ сæртæ радардтой, карчы лæппын, гыццыл æмæ пух, дон нуазы æ. а. д. Сабитæ сæхи дæнцæгтæ дæр хæссынц. Хъомылгæнæг, гæнæн æмæ амалæй, цы мæргъты кой скæнынц, уыдоны нывтæ равдисы: цæргæс, мæлхъ, уари, зæрватыкк, уыг, тути, кæсаглас æ. а. д. Сæ миниуджытæ сын ныммайынц, кæмыты цæрынц, сæ ахстæттæ цы рæтты кæнынц, уый тыххæй дзурынц.)*

**С.** Мæргътæ кæм нæ цæрынц, зæххыл ахæм бынат нæй: цъымарайы дæр æмæ денджызы был дæр, хæхты дæр æмæ хъæды дæр, цæгаты дæр æмæ хуссары дæр.

**Хъ.** Раст зæгъут, мæргътæн арæнтæ нæй – кæдæм сæ фæнды, уырдæм атæхынц æмæ алы ран дæр цæрынц! Фæлæ диссаг уый у, æмæ ахæм æнæбон æмæ тæссонд буары хицау чи у, уыдон дард балцмæ сæ ныфс бахæссынц, денджызтæ æмæ фурдты сæрты атæхынц, зæххы иннæ кæрон балæууынц! Кæдæм тæхынц! Цæмæн?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Уæ зæрдыл-ма æрлæууын кæнут, уый тыххæй кæм дзырдæуы, уыцы аргъæуттæ.

*Сабиты дзуæппытæ: «Æлгъаг хъазы лæппын», «Хæфсбалцгæнæг» æ. а. д. Хъомылгæнæг, йæ бон у, иллюстрацитæ равдиса аргъæуттæм.*

**Хъ.** Мæргъты тыххæй бирæ цыдæртæ базыдтам. Сæ хуызтæ, сæ рæсугъддзинад æмæ нæ сæ миниуджытæй дисы æфтауынц. Фæлæ нæ уæддæр ныв кæнын аргъæутты маргъы бафæндыди! Цымæ цæмæн?

**С.** Мæргъты иу æмæ дыууæ хатты нæ ныв кодтам. *(Кæс:*

*Кæстæр къорды 14 темæйы 25 ахуыр; астæуккаг къорды 3 темæйы 5 ахуыр æмæ 8 темæйы 14 ахуыр.)* Аргъæутты диссаджы маргъ сныв кæнын та нæ къухы никуыма бафтыди. Ныр æй сныв кæндзыстæм, алчи – йæхирдыгонау!

*53–54 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Сасчытæ».**

**Темæ: «Муха-Цокотуха». Ныв кæнын, бакаст æрмæг цæстыл ауайын кæнгæйæ.**

**Нысан:**

– Сабиты хъус сасчытæм æрдарын. Æрдзы мидæг сын цы бынат ис, уый тыххæй радзурын. Сабиты базонгæ кæнын графикæйы иу хуыз – чиныджы иллюстрациимæ, нывгæнæг-иллюстрацигæнæджы дæсныйадимæ.

– Рæзын кæнын сабиты фæлгонцадон æмбарынад æмæ вариативон хъуыдыкæнынад, сæ фантази æмæ фæлгæнæн.

– Зонындзинæдтæм куыд тырной, чиныгæн аргъ кæнын куыд зоной, чиныджы фæрцы æрдзы тыххæй сæ зонындзинæдтæ фылдæр кæнынил куыд архайой, афтæ сæ хъомыл кæнын. Цæрæгойтыл аудын сын амонын, Зæххыл цардæгасæй цы ис, уыдоны ахадындзинад æмæ кæрæдзиимæ бастдзинад сын æмбарын кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Бæлвырд сасчыты нывтæ скæнын (бындз, къогъо, хæлуарæг æ. а. д.), сæ буарыконды хицæндзинæдтæ сын æвдисгæйæ. Хæххыты уаджы *(цæхгæр, фæлмæн)* руаджы равдисын фæлгонцты характер *(зæрдæхæлар – фыдзæрдæ).* Уæлдай хъусдард – нывы лыстæг формæтæ æмæ хæйттæм (рихитæ,

къæхтæ, базыртæ).

**2. Хуызиртасынад.** Иллюстрацигонд чи цæуы, аргъауы уыцы бæлвырд скъуыддзагмæ гæсгæ спайда кæнын ахорæнты хуызты къордæй *(æрхæндæг, сагъæсæфтауæг кæнæ та – хъæлдзæг, зæрдæхæлар).*

**3. Композици.** Гæххæттыл, аргъауы фæлгонцтæ кæй фæрцы арæзт цæуынц, зайæгойты уыцы дунейы сныв кæнын аргъауы персонажты егъау фæлгонцтæ, сæ характер сын равдисгæйæ *(хъæбатыр, хæларзæрдæ, тæппуд, фыдзæрдæ).*

**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, фæлгонцты ахуырст элементтимæ.

**Хуызфыссынады уаг:** сасчыты характерон нывтæ, уæлдай хъусдард – детальтæ равдисынмæ.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Алыхуызон сасчыты нывтæ кæм ис, ахæм чингуытæ («Детская Энциклопедия» æ. а. д.). Сывæллæтты чингуытæ хуызджын иллюстрацитимæ. Лупæ. Хусгонд сасчытæ (гæлæбу, хъæндил, мыдыбындз æ. а. д.).

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ.

**Рагагъоммæйы куыст.** Тезгъойы рæстæг сасчытæм хъус æрдарын æрдзон уавæрты. Мультфильмтæ фенын, сасчыты тыххæй аргъæуттæ бакæсын.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** *(кæсы, сасчытæ нымад кæм цæуынц, уыцы скъуыддзаг К. Чуковскийы аргъау «Муха-Цокотуха»-йæ).* Кæй тыххæй у ацы аргъау?

**С.** Аргъауы æппæт архайджытæ дæр сасчытæ сты.

**Хъ.** Афтæ зæгъæн нæй, æмæ адæм сасчыты уарзынц. Сæ фылдæры сын, нæ бон куыд у, афтæ куынæг кæнæм. Уымæн

æмæ нæ кæм сæ фат ныссадзынц, кæм нын нæ хæдзары къуымты сæ тынтæ айтындзынц, кæм нын нæ хæринагыл абадынц æ. а. д. Сæ ахæм æгъдау нæ зæрдæмæ нæ цæуы æмæ сыл нæ ауæрдæм. Кæд, мыййаг, зæххыл æппындæр нæ хъæуынц?

**С.** Хъæуынц! Сасчытæ пайда сты. Уымæн æмæ сæ мæргътæ æмæ лыстæг цæрæгойтæ хæргæ кæнынц. Æнæ уыдон сын хæринаг нал уыдзæн, æмæ хæфсытæ, гæккуыритæ, цъиутæ æххормагæй амæлдзысты! Уымæй уæлдай – бирæ сасчытæ иу зайæгойæ иннæмæ сæ къæхтыл рыг хæссынц æмæ сæ афтæмæй рыгдзыд кæнынц (опыляют). Уый нæй, уæд тыллæг дæр не 'рзайдзæн, зайæгойтæ дæр фесæфдзысты!

**Хъ.** Тынг раст! Чи ма зæгъдзæн?

**С.** Мыдыбындзытæ дидинджыты дон, нектар, æмбырд кæнынц æмæ дзы мыд аразынц. Мыд та адæймагæн тынг пайда у!

**Хъ.** Сасчытæн æрдзы цы ахадындзинад ис, ууыл бирæ дзурæн ис. Чингуыты уый тыххæй дзæвгар цымыдисаг æрмæджытæ ссардзыстут. *(Æвдисы, сасчыты тыххæй кæм дзырдæуы, ахæм чингуытæ. Сабитæн нывтæ æвдисы. Уæлдай хъусдард – сасчыты æддаг бакаст, сæ буарыкондмæ.)* Сасчыты тыххæй аргъæуттæ дæр чысыл нæй. Сабиты зæрдæмæ тынг цæуынц. Зæгъæм, Корней Чуковскийы аргъау «Муха-Цокотуха». Уæ зæрдæмæ цæуы? Цавæр æнахуыр цаутæ дзы ис?

*Сабиты дзуæппытæ. Хъомылгæнæг рæсугъд нывджын чиныджы сыфтæ фæлдахы, сабитæ йын йæ нывтæм цымыдисæй кæсынц.*

**Хъ.** Сабитæ, уæ зæрдæмæ тынгдæр цавæр чингуытæ цæуы? *(Æвдисы, нывтæ кæм нæй, ахæм чиныг, цæмæй сабитæн дыууæ чиныджы абарыны фадат уа.)*

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Зонут, чиныджы нывтæ куыд хуыйнынц, уый? Уыдон

æмбарын кæнынц чиныджы цаутæ, сты æмбарынгæнæг нывтæ, ома иллюстрацитæ. Уыцы рæсугъд дзырды нысаниуæг куы бахъуыды кæниккат, уый мæ фæнды, уымæн æмæ абон мах дæр Корней Чуковскийы аргъаумæ кæндзыстæм…
**С.** Иллюстрацитæ!
**Хъ.** Тынг раст. Чингуытæм иллюстрацитæ чи фæкæны?
**С.** Нывгæнджытæ.
**Хъ.** Æппæтæй цымыдисагдæр уый у, æмæ уыцы иу уацмысмæ алы нывгæнæг дæр скæны йæхирдыгон ныв. *(Æвдисы уыцы иу аргъаумæ конд цалдæр нывгæнæджы иллюстрацитæ.)* Ахъуыды кæнут, Чуковскийы аргъауы кæцы цау равдисын уæ фæнды ахорæнтæй, уый тыххæй. Иуты бафæндзæни, Цокотухæ базары самавар куыд æлхæны, уый сныв кæнын, иннæты – уазджыты хъæлдзæг кафт, аннæты – фыдзæрдæ хæлуарæг Цокотухæйы куыд аскъæфта æ. а. д.
*Сабитæ дзурынц, цавæр скъуыддзæгтæ равзæрстой æмæ цавæр равг равдисинаг сты сæ нывты, уый тыххæй.*
**Хъ.** Тынг хорз. Уæ нывтæ куы сцæттæ уой æмæ сæ фæдфæдыл куы равæрæм, уæд нын сæ, гæнæн ис, нæхи нывджын чиныг рауайа.

**2 ахуыры нывæст**

**Хъ.** Сабитæ, абон хъуамæ Корней Чуковскийы аргъаумæ цы нывтæ кæнын райдыдтам, уыдон кæронмæ ахæццæ кæнæм. Нæ уæ ферох и, нывгæнджытæ чиныг цы нывтæй саив кæнынц, уыдоны ном?
**С.** Иллюстрацитæ!
**Хъ.** Иллюстрацитæ цы аргъаумæ кодтам, уый персонажтæ иууылдæр сты сасчытæ. Ранымайæм-ма сæ!
**С.** Гæлæбутæ, цъырцъырæгтæ, мыдыбындзытæ, хъæн-

дилтæ, мæлдзыджытæ æ. а. д.
**Хъ.** Ныр та нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, сасчыты кой кæм ис, ахæм уарзон аргъæуттæ, мультфильмтæ, зарджытæ.
*Сабитæ сæ зæрдиагæй ымайынц. Дзурынц сæ уарзон уацмысты тыххæй. Хъомылгæнæг сын иллюстрацитæ æвдисы.*
**Хъ.** Ныр та дарддæр кусæм нæ нывтыл.
*Ныв кæнгæйæ сабитæ, сæ бон у, рæстæгæй-рæстæгмæ хъомылгæнæджы стъолмæ бацæуой æмæ сасчыты тыххæй сæрмагонд чингуыты нывтæм æркæсой.*

*55–56 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Уæлахизы Бон».**
**Темæ: «Уæлахиз!» Информацийы быңдурыл ныв кæнын.**
**Нысан:**

– Бæрæгбоны фæдыл ныхас. Нæ бæстæйы историйы Уæлахизы Бонæн цы нысаниуæг и, уый сабитæн бамбарын кæнын, ирыстойнаг хъæбатыр хæстонты тыххæй сын радзурын.
– Рæзын кæнын сабиты æнкъарынад – искæй рис æмбарын, тæригъæд кæнын зонын, сæрыстыр уæвын.
– Хæстон-патриотон æнкъарæнтæ гуырын кæнын. Хи бæстæйы историмæ цымыдисдзинад райхъал кæнын. Сабиты, сæ бæстæйы хъæбатырты куыд ымайой æмæ сын аргъ куыд кæной, афтæ хъомыл кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**
**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Вазыгджын сюжетон ситуаци æмæ фæлгонцады мадзæлтты фæрцы арф æнкъарæнтæ равдисынил бацархайын.
**2. Хуызиртасынад.** Бæрæгбоны равг равдисынæн ирд хуызджын ахорæнтæ равзарын.

**3. Композици.** Гæххæтты сыфыл бæрæгбоны ситуаци («Салют», «Уæлахизы парад», «9-æм Майы бæрæгбон» æ. а. д.) сныв кæнын.

**Кусæн фæрæзтæ:** фломастертæ кæнæ гуашь *(сабиты фæндонмæ гæсгæ).*

**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон (ахуырст элементтимæ) кæнæ – хуызджын.

**Хуызфыссынады уаг:** цæстахадгæ, лæвæрд темæ бæрæг куыд уа.

**Архайæн фæрæзтæ:**

**Цæстуынгæ.** Журналтæй æмæ хæстон чингуытæй ист къамтæ. Нывгæнджыты графикон æмæ хуызджын уацмысты репродукцитæ *(хæстон тæмæйыл).* П. Пикассойы «Сабырдзинады бæлон» æмæ «Æхсинæг». Плиты Иссæ, Гæздæнты æфсымæртæ æмæ æндæр хъæбатыр хæстонты цыртдзæвæнты хуызистытæ. Советон Цæдисы Хъæбатыры Стъалы (хуызист). Мæскуы, Волгоград æмæ æндæр горæтты мемориалты хуызистытæ. Мæскуыйы Кремль æмæ Сырх фæзы хуызистытæ. Хорз уаид – хæстон архæйдтыты картæ. Зарæг «День Победы» дискыл фыстæй.

**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ кæнæ 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ (гыццыл и рæстæмбис), банкæ донимæ, къухтæсæрфæн.

**Рагагъоммæйы куыст.** Сабитæн бахæс кæнын, цæмæй сæ ныййарджытимæ иллюстративон æрмæг сæмбырд кæной, сæ ныййарджыты, сæ зæронд фыд æмæ мады хæсты хабæрттæй бафæрсой.

## 1 ахуыры нывæст

**С.** Сабитæ, мах нæхи цæттæ кæнæм бæрæгбонмæ – Уæлахизы Бонмæ. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй уын хæдзары исты радзырдтой? Чи зоны, уæ фыдæлтæй

дзы исчи архайдта. Уырыссаг салдæттæ æмæ немыцаг фашисты тыххæй исты кинонывтæ федтат?
*Сабитæ дзурынц, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты тыххæй цы зонынц, уыдæттæ, кинонывты кой кæнынц. Хъомылгæнæг æвдисы хæстон къамтæ. Сабитæ сæм лæмбынæг кæсынц, сæ хъуыдытæ æргом кæнынц.*
**Хъ.** Зæххыл бирæ хæстытæ æрцыди. Ацы хæст уыди æппæты æгъатырдæр. Бирæ адæм дзы фæмард. Фашисттæ йæм рагæй сæхи цæттæ кодтой æмæ тынг гæрзифтонг уыдысты – танкæй, сармадзанæй, хæдтæхæгæй æххæст. Сæ размæ цыдæриддæр уыди – ницæуыл ауæрстой. *(Æвдисы нывгæнджыты уацмысты репродукцитæ.)* Суанг Кавказмæ æрбахæццæ сты. Нæ горæтмæ лæбурдтой. Фæлæ ардыгæй тард æрцыдысты. Æрджынарæгæй хæстæгдæр сын нæ бантысти æрбацæуын. *(Æвдисы цыртдзæвæны хуызист.)*
Æппæт адæм растадысты сæ Райгуыræн бæстæ бахъахъхъæнынмæ. Алы фæндзæм ирыстойнаг дæр уыди хæсты архайæг. Уыдонæй 72 систы Советон Цæдисы хъæбатыртæ, дыууæйæ та – Плиты Иссæ æмæ Иван Фесин – Хъæбатыры Стъалы райстой фæйнæ дыууæ хатты. *(Æвдисы Советон Цæдисы Хъæбатыры стъалыйы, Плиты Иссæйы, Гæздæнты æфсымæрты цыртдзæвæнты хуызистытæ.)*
**Хъ.** Цыппар азы ахаста тугкалæн хæст æмæ ахицæн и Стыр Уæлахизæй! Адæмы цинæн кæрон нæ уыди, кæрæдзимæ хæрзæггурæггаг згъордтой. Уыцы цин уæ нывты цы хуызы равдисæн ис?
*Сабиты дзуæппытæ: танкисттæ фæцæуынц танктыл, адæм сыл дидинджытимæ æмбæлынц, хæстон оркестртæ зæлынц, уæлдæфы пæррæстытæ кæнынц бæлæттæ æ. а. д. (П. Пикассойы графикон куыстытæ сын равдисын.)*
**Хъ.** Цины равг ахорæнтæй равдисæн ис?
**С.** Бæгуыдæр. Ирд ахорæнтæ равзарын хъæуы цæхæркалгæ

салют, бæрзонд цъæх арв, худæндзаст цæсгæмттæ, бæрæгбонхуыз Кремлы мæсгуытæ æ. а. д. равдисынæн!
**Хъ.** Уæ нывты бирæ лыстæг детальтæ уыдзæн. Уыдон ныв кæнынæн фломастертæ хуыздæр сты. Куыд уæм кæсы, цæмæн?
**С.** Нывы алцыдæр, равзарæн ын куыд уа, афтæ сныв кæнын хъæуы. Фломастертæй та æнцондæр у бирæ адæм сныв кæнын, нывы лыстæг хæйттæ сахорын.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæй размæ цы ныв кодтам, уый ма хъуыды кæнут?
**С.** Уæлахизы бæрæгбон!
**Хъ.** Дæсгай азтæ рацыди, фæлæ ма абон дæр адæм сæ цæссыгтæ нæ фæуромынц. *(Зæлы зарæг «День Победы».)* Куыд бæрæг кæнынц Уæлахизы Бон?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Бирæ адæм бабын ис хæсты арты. Нæ бæстæйы адæм 9 майы кæддæриддæр дидинджытæ сæвæрынц зынгхуыст хæстонты цыртытыл. *(Зындгонд мемориалты хуызистытæ æвдисы.)* Сабитæ, цавæр æфсæдтæ архайдтой Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау хæсты?
**С.** Фистæг, уæлдæфон, сгарæг æ. а. д.
**Хъ.** Цæмæй æфсæдтæ хæстхъом уой, уый тыххæй сын хъæуы æххуыс кæнын. Чи сын æххуыс кодта?
**С.** Хæстхъом нæлгоймæгтæ знаджы ныхмæ хæцыдысты фронты, заводтæ æмæ быдырты та куыстой зæрæдтæ, сылгоймæгтæ æмæ сабитæ. Уыдон арæзтой хæцæнгæрзтæ, стæй алыхуызон продукци æмæ сæ фронтмæ æрвыстой. Уымæй уæлдай ма сæ горæтты алыварс къахтой акъоппытæ, къанæуттæ, цæмæй знаджы техникæ ма æрбаирвæза æ. а. д.
**Хъ.** *(æвдисы уыцы рæстæджы хуызистытæ).* Уымæ гæсгæ

9 май ӕрмӕст хӕстонты бӕрӕгбон нӕу. Уый у, уӕлахизы сӕраппонд фронты чъылдыммӕ чи фыдӕбон кодта, уыдоны бӕрӕгбон дӕр. Сабитӕ, зӕххыл хӕстӕй стырдӕр бӕллӕх нӕй.
**С.** Мах фӕнды, цӕмӕй зӕххыл хӕст ма уа. Цӕмӕй ӕдасӕй хъазӕм, ахуыр кӕнӕм, кафӕм, зарӕм, ныв кӕнӕм!

*57–58 ахуыртӕ*

**Иумӕйаг темӕ: «Театр, кино».**
**Темӕ: «Мульфильмты уарзон геройтӕ». Фенд мультфильмты бындурыл ныв кӕнын.**
**Нысан:**

– Сабиты базонгӕ кӕнын кинематографийы аивады хуызтӕй иу – мультипликациимӕ. Мультфильмтӕ куыд аразынц ӕмӕ сыл чи кусы, уый фӕдыл ныхас.
– Рӕзын кӕнын сабиты фантази ӕмӕ фӕлгӕнӕн, сӕ вариативон хъуыдыкӕнынад.
– Сфӕлдыстадон дӕсныйӕдтӕм сабиты цымыдис кӕнын. Иу сфӕлдыстадон къорды кусгӕйӕ ӕмӕ иумӕйаг хӕс ӕххӕст кӕнгӕйӕ кӕрӕдзи ӕмбарын ӕмӕ кӕрӕдзийӕ аргъуыц кӕнын куыд ахсджиаг у, уый сын амонын.

**Аивадон-ахуырадон хӕстӕ:**
**1. Аивадон фӕлгонцады фӕрӕзтӕй пайда кӕнын.** Стилизацийы сӕрмагонд мадзалӕй спайда кӕнын – реалон фӕлгонцы ницынысаниуӕггӕнӕг лыстӕг детальтӕ фӕхуымӕтӕгдӕр кӕнын ӕмӕ ӕлвӕст, ӕнцонӕй тиражы рауадзӕн кӕй ис, ахӕм фӕлгонц сныв кӕнын.
**2. Хуызиртасынад.** Ахорӕнтӕй равдисын, кӕй ныв чындӕуы, уыцы геройты ситуацийы равг.
**3. Композици.** Гӕххӕтты сыфыл скӕнын уарзон геройты егъау нывтӕ.

**Кусæн фæрæзтæ:** хуызджын фломастертæ.
**Хуызфыссынад:** хаххон-графикон, ахуырст элементтимæ.
**Хуызфыссынады уаг:** фæлгонцадон, персонажты характерон нывтæ.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Мультпликацион геройты нывтæ. Хъазæнтæ – мульфильмты геройтæ: кæфхъуындар Генæ, Чебурашкæ æ. а. д.
**Райуаринаг.** Гæххæтт А-3, 12 хуызы фломастертæ.
**Рагагъоммæйы куыст.** Ирон æмæ уырыссаг аргъæуттæм гæсгæ арæзт цалдæр мультфильммæ бакæсын æмæ сыл æрдзурын.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, мах æрæджы дзырдтам, нывгæнджытæ аргъæуттæм нывтæ – иллюстрацитæ – куыд фæкæнынц, уый тыххæй. Цымыдисаг уын уыди, уæхæдæг иллюстрацитæ куы кодтат, уæд?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Кинематограф куы фæзынди, уæд аргъæутты персонажтæ, уд сæ цыма бацыди, афтæ змæлын æмæ дзурын райдыдтой. Куыд хуыйнынц ахæм, бакæсæн кæмæ ис, уыцы «удæгас» чингуытæ?
**С.** Мультиктæ. Мультипликацион кинонывтæ.
**Хъ.** Æппæт дунейы сабитæ дæр сæ тынг уарзынц! Фылдæр дзы кæй уарзут, уыдон-ма ранымайут!
*Сабитæ нымайынц кинонывтæ дæр æмæ сæ уарзон геройты дæр.*
**Хъ.** Мультфильмтæ куыд саразынц, уый уæ исчи зоны?
**С.** Нывгæнджытæ сæ снывкæнынц.
**Хъ.** Тынг раст. Цæмæй мультфильм рауайа, уый тыххæй нывгæнæг-мультипликатор скæны тынг бирæ нывтæ.

Алы нывы дæр персонажы уавæр æвдыст цæуы чысыл æндæрхуызонæй. Уыцы нывтæн стæй сæ къамтæ сисынц æмæ сæ, тагъд-тагъд кæрæдзи куыд ивой, афтæ æвдисынц. Уымæн нæм афтæ кæсы, цыма нывгонд геройтæ удæгас сты æмæ змæлгæ кæнынц. *(Амонгæ-амонын æвдисы нывтæ – кадртæ мультфильмтæй.)* Фælæ киноныв скæнынæн иу адæймаг фаг нæу. Уыцы куысты ма чи архайы?
**С.** Фыссæг. Фыццаг уал уый бакусы – аргъау ныффыссы.
**Хъ.** Раст зæгъут. Нывгæнæджы нывтæн та сæ къамтæ оператор сисы. Уый фæстæ сæ монтажгæнæг сюжетмæ гæсгæ бæлвырд фæткыл равæры, æмæ персонажтæ «раудæгас» вæййынц. Цы ма сын нæ фæфаг кæны?
**С.** Хъуамæ дзургæ дæр кæной.
**Хъ.** Æнæмæнг афтæ! Чи сæ сдзурын кæны алы хъæлæстæй?
**С.** Артисттæ. Алы хъæлæсы уагæй фæдзурынц персонажты бæсты. Зынгæ та афтæ фæкæны, цыма уыдон сæхæдæг дзурынц!
**Хъ.** Кинонывты ма зарджытæ дæр вæййы…
**С.** Вæййы, вæййы! Уыдоныл та композитор, музыканттæ, зарæггæнджытæ бакусынц! *(Сæ уарзон зарджытæй скъуыддзæгтæ зарынц.)*
**Хъ.** Куыд уынут, афтæмæй киноныв саразын æнцон хъуыддаг нæу. Æппæт куысты сæйраг разамонæг у режиссер. Мах, кæй зæгъын æй хъæуы, мультфильм нæ сараздзыстæм, фæлæ нæ уарзон геройты сныв кæнын нæ бон у! Фæнды уæ? *(Ирон æмæ уырыссаг мультфильмты архайджытæм се ’ргом куыд аздахой æмæ сæ куыд сныв кæной, афтæ сæ аразы.)* Уæ нывты æнæмæнг, уæ зæрдæмæ куыд тынг цæуынц, уый равдисут.

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæй размæ цы ныв кодтам, уый ма уæ зæрдыл лæууы?

**С.** Нæ уарзон мультиктæ!
**Хъ.** Цы базыдтат ногæй?
*Сабиты дзуæппытæ: кинонывы куыд аразынц, чи йыл кусы æ. а. д.*
**Хъ.** Тынг раст. Мах базыдтам, нывгонд кинонывтæ куыд аразгæ сты, уый. Фæлæ ма нывгонд мультиктæ йеддæмæ, куклатæ кæм архайынц, ахæмтæ дæр вæййы. Сымах сæ зонут. Зæгъæм, «Чебурашка и крокодил Гена». Ноджы ма?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Ахæм кинонывы архайынц нывгæнæджы æрхъуыдыгонд æмæ арæзт куклатæ. Æрмæстдæр уымæй хицæн кæны, амæй размæ кæй кой кодтам, уыцы нывгонд мультипликацион кинонывæй. *(Дарддæр сабитимæ ныхас кæны, куклаты змæлд, сæ конд, сæ цæсгом æ. а. д. сюжетимæ баст кæй сты, уыдæтты тыххæй.)*
**Хъ.** Сабитæ, ныртæккæ уын æз уæ куыстытæ райуардзынæн. Кæронмæ сыл бакусут. Бацархайут алы фæлгонцæн дæр йæ характер равдисын. Ахорæнты ахадындзинад уæ ма рох кæнæд!
**С.** Нæ нæ ферох уыдзæн! Ахорæнты руаджы алы æнкъарæн дæр ис равдисæн! *(Æвзарынц, сæ хъуыдымæ гæсгæ, æмбæлгæ хуызтæ æмæ сæ нывтæ ахорынц.)*
**Хъ.** Сабитæ, ахæм мультик ис, «Пластилин халон», зæгъгæ. Федтат æй? Цæмæн афтæ хуыйны?
**С.** Алцыдæр дзы хуызджын пластилинæй конд у.
**Хъ.** Сымах дæр хорз арæхсут пластилинæй истытæ кæнынмæ æмæ йæ зонут, куыд диссаджы æрмæг у, уый!
**С.** Цыдæриддæр дæ фæнды, уый дзы скæндзынæ!
**Хъ.** Нывгæнджытæ-мультипликатортæ дæр ын йæ уыцы миниуæгæй спайда кодтой æмæ диссаджы лæвар ракодтой сабитæн! Сабитæ, сымах абон уæ уарзон мультфильмты архайджыты нывтæ скодтат. Цæй тыххæй цæуынц уæ зæрдæмæ?

*Сабиты дзуæппытæ.*

*59–60 ахуыртæ*

**Иумæйаг темæ: «Æгас цæуай, сæрд!»**

**Темæ: «Мах уарзæм сæрд!» Къорды куыст – аппликацийы техникæйæ конд панно, рагацау сцæттæгонд нывтæй спайда кæнгæйæ.**

**Нысан:**

– Сæрды æууæлтæ фæлхат кæнын. Сабитæн бацамонын, цы нысан кæнынц æмбарынæдтæ «панно» æмæ «декоративон».

– Фæлварæн практикон куысты фæрцы рæзын кæнын сабиты ассоциативон æмæ вариативон хъуыдыкæнынад, се сфæлдыстадон æвзыгъддзинад.

– Исты хъуыддагыл сæ иумæ архайынмæ разæнгард кæнын, сфæлдыстадон къордæй кусыны фæлтæрддзинад рæзын кæнын.

**Аивадон-ахуырадон хæстæ:**

**1. Аивадон фæлгонцады фæрæзтæй пайда кæнын.** Алыхуызон объекттæ *(дидинджытæ, гæлæбутæ, мæргътæ, хур æ. а. д.)* нрыв кæныны арæхстдзинад ацы хæслæвæрды равдисын. Декоративон аивдзинад къухы бафты, объектты фæлгонцы хæйттыл лыстæг бакусгæйæ æмæ сæ бæстон равдисгæйæ.

**2. Хуызиртасынад.** Пайдагонд цæуы æрдзы рæсугъддинад æвдисæг æмæ хъæлдзæгдзинад нысангæнæг ирд ахорæнтæй.

**3. Композици.** 1. Сæрды хицæн элементты-символты равдыст, сæ декоративон æууæлтæ сын фæтыхджындæр кæнгæйæ. 2. Гæххæты сыфыл хуызджын тæппыты уæзад сæмхуызон кæнынил бацархайын. Рагацау цы фæлгонцтæ нывгонд æрцыдысты, уыдон ралыг кæнын æмæ сæ гæххæттыл аив равæрын.

**Кусæн фæрæзтæ:** 1. Гуашь кæнæ та ставд ирд фломастертæ *(сабиты фæндонмæ гæсгæ)*. 2. Аппликаци гæххæттæй.
**Хуызфыссынад:** хуызджын-нывæфтыд *(графикон-нывæфтыд)*.
**Хуызфыссынады уаг:** сæрды æмбырдон фæлгонц – къулылрдаргæ панно, темæмæ гæсгæ сæрибарæй æвзæрст чи æрцыди, уыцы фæлгонцты иумæйаг композици.
**Архайæн фæрæзтæ:**
**Цæстуынгæ.** Сасчыты, мæргъты, дидинджыты нывтæ. Лупæ. Предметты нывтæ æмæ декоративон элементтæй аивгонд реалон предметтæ: хъуымæцтæ, уæлæдарæс, хæдзары мигæнæнтæ æмæ дзауматæ æ. а. д.
**Райуаринаг.** 1. Гæххæтт А-4, 12 хуызы гуашь, палитрæ, хъисойтæ *(гыццыл и рæстæмбис)*, банкæ донимæ, къухтæсæрфæн. 12 хуызы ставд æмæ ирд фломастертæ. 2. Хуызджын кæнæ хъæбæр гæххæтты иу кæнæ цалдæр сыфы, сасм, хæсгард.

## 1 ахуыры нывæст

**Хъ.** Уалдзæджы кæрон æрхæццæ кæны. Тагъд ралæудзæн сæрд! Цавæр æнкъарæнтæ уæм æвзæрын кæны уыцы хъуыды?
**С.** Тынг æнхъæлмæ кæсæм сæрды æрцыдмæ!
**Хъ.** Сæрды нæ ахуыртæ ахицæн уыдзысты. Нæ нывтæ къулыл æрцауындздзыстæм, æмæ нæ ныййарджытæ сæхи цæстытæй фендзысты, куыд хорз ныв кæнæм, уый. Сабитæ, цæй æмæ ма ноджы панно дæр скæнæм æмæ дзы нæ къорды уат саив кæнæм. Панно у къулаивгæнæн стыр декоративон куыст. Фæнды уæ?
**С.** Фæнды, фæнды!
**Хъ.** Уæдæ нæ паннойы сæрды темæ равдисæм. Алчидæр уæ сæрды тыххæй исты ныв скæнæд гæххæттыл. Стæй

фæлгонцтæ хæсгардæй ралыг кæндзыстæм æмæ сæ стыр гæххæттыл баныхасдзыстæм. Уый уыдзæни нæ иумæйаг сфæлдыстадон куыст. Фенæм, кæддæра иумæ кусын куыд зонут! Фæнды уæ?
*Сабиты дзуæппытæ.*
**Хъ.** Сабитæ, дзырд «сæрд» куы фехъусут, уæд уæ цæстытыл цавæр нывтæ ауайы?
**С.** Хур. Тынг æнтæф бон. Денджыз. Змис. Хæхтæ. Мæ зæронд фыд æмæ мæ зæронд мады хæдзар. Се стыр æмæ аив кæрт, бирæ дидинджытæ, цъиуты зард æ. а. д.
**Хъ.** Кæй цы фæнды, уый сныв кæнут, æрмæст уæ зæрдыл бадарут: нæ паннойæн нæ æнæмæнг бахъæудзæни худгæ хуры егъау ныв – сæрды нысан! Ноджы ма нæ бахъæудзæни: урс æврæгътæ, бæлæстæ, дидинджытæ, арвæрдын, фæлмæн сæрдыгон къæвда, гæлæбутæ, мыдыбындзытæ, алыхуызон мæргътæ – цæргæстæ, зæрватыччытæ, бæлæттæ… Се ’ппæты дæр зонут ныв кæнын. *(Кæс: Хистæр къорды 19 темæйы 43–44 ахуыртæ; 24 темæйы 53–54 ахуыртæ.)*

## 2 ахуыры нывæст

**Хъ.** Сабитæ, амæйразмæйы ахуыры мах скодтам сæрды темæимæ баст нывтæ. Ныр бавдæлæм, æмæ сæ хæсгардæй арæхстгай ралыг кæнæм æмæ сæ стæй мæнæ ацы стыр хуызджын гæххæттыл *(æвдисы йæ)* баныхасæм. Уый уыдзæн нæ иумæйаг сфæлдыстадон куыст – панно. Къулыл æй æрцауындздзыстæм æмæ нын зымæгон хъызт бонты дæр сæрд нæ зæрдыл лæууын кæндзæн. Нывтæ баныхасыны размæ уал сæ равæрдыл ахъуыды кæнæм. Æппæты уæле цавæр фæлгонц сæвæрдзыстæм?
**С.** Хурзæрины ныв. Цæмæй йæ хъарм тынтæ зæхмæ рæвдаугæ æрвита…
**Хъ.** *(сабитимæ иумæ алы нывæн дæр бынат ссардта æмæ*

*сæ радыгай ныхасын райдыдтой).* Сасмыл ма зыд кæнут, бирæ исын дзы нæ хъæуы. Афтæ. Ныр нывтæ гæххæтмæ æнгом æрæлхъивæм æмæ чысыл банхъæлмæ кæсæм. Сабитæ, ацы техникæ махæн зындгонд у. *(Кæс: Кæстæр къорды 9 темæйы 18 ахуыр.)* Куыд хуыйны, исты ныв цавæрдæр бындурыл куы æрæвæрæм æмæ йæм æй стæй куы баныхасæм кæнæ куы бахуыйæм, уæд?

**С.** *(тынг зæрдиагæй архайынц).* Аппликаци.

**Хъ.** Тынг раст. Хорз рауади нæ куыст. Уæ зæрдæмæ цæуы?

*Сабиты дзуæппытæ.*

**Хъ.** Уæдæ йæ ныр къулыл æрцауындзæм!

**Скъолайы агъоммæйы хистæр кары (5–6-аздзыд) сабиты аивадон æвзыгъддзинады раиртæст**

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Цалдæр фæлгонцæй иу – бафиппайд кæнæ фантазион – композици саразыны арæхстдзинад | | | | | | | | |
| Æрдзы иумæйаг фæлгонц – пейзажон композици – скæныны арæхстдзинад | | | | | | | | |
| Композици. Гæххæтты сыфыл сæйраг фæлгонц рахицæн кæныны зонындзинад | | | | | | | | |
| Хуызæнкъарынады рæзтыл куыст. Палитрæйыл кусын | | | | | | | | |
| Предметтæ æмæ объекттæм хъус æрдарыны æмæ сæ кæрæдзиуыл формæ, хуыз, ас, характермæ гæсгæ абарыны арæхстдзинад | | | | | | | | |
| Схематикон ныв скæныны æмæ йæ бæлвырдгæнæг детальтæй баххæст кæныны арæхтстдзинад | | | | | | | | |
| Алыхуызон æрмæджытæй (фломастертæ, мелтæ, ахорæнтæ æ. а. д.) архайыны арæхстдзинад | | | | | | | | |
| **М. Н.** | | | | | | | | |

*Учебно-методическое издание*

**ОСОКИНА НАТАЛЬЯ ГРИГОРЬЕВНА**

РАЗВИТИЕ ХУДОЖЕСТВЕННЫХ СПОСОБНОСТЕЙ

Старшая группа ДОУ
(5–6 лет)

Перевод *Т. К. Хохоевой*
Редактор *Е. М. Кочиева*
Компьютерная верстка *Б. А. Келехсаевой*

Сдано в набор 28.06.2012. Подписано в печать 20.07.2012.
Формат бумаги 60×84 $^{1}/_{16}$.
Гарнитура шрифта «Times ». Печать цифровая.
Тираж 30 экз.

Отпечатано с готовых диапозитивов в издательстве СОГПИ,
362003, г. Владикавказ, ул. К. Маркса, 36